शुक्र
14 अगस्त, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
# समदिया मिथिला
साओन, शुक्ल पक्ष, द्वितीया, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक

सौभाग्य हुनके प्राप्त होइत अछि जे अपन कर्तव्य पथ पर अविचल रहैत अछि।
- मुंशी प्रेमचंद

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 333 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00

## एक नजरि

### उत्तराखंडक चमोली मे दुर्घटना, निमार्णाधीन सुरंग मे फंसल कतेको मजदूर

**देहरादून :** उत्तराखंडक चमोली जिलाक मायापुर (पीपलकोटी) मे टीएचडीसीक निमार्णाधीन सुरंग मे बृहस्पतिक सांझ मलबा आ पानि भरि गेल। एहि दुर्घटना मे सुरंग मे काज कए रहल 18 सं 19 मजदूरक फंसल रहबाक आशंका अछि। घटना सांझ करीब 7:05 बजे भेल। सूचना भेटिते खोज आ बचाव अभियान शुरू कय देल गेल। आब धरि 16 मजदूर कें सुरक्षित बाहर निकालि लेल गेल अछि, जखन कि बांकी लोकक खोज आ बचाव अभियान जारी अछि। घटनाक सूचना भेटिते जिलाधिकारी गौरव कुमार स्वयं घटनास्थल पर पहुंचलाह। मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी दुर्घटनापर दुख व्यक्त करैत कहलनि जे फंसल प्रत्येक व्यक्तिक सुरक्षित उद्धार सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि।

### मुजफ्फरपुर, सीतामढ़ी सहित पांच जिला मे बरखाक रेड अलर्ट

**पटना :** मौसम विभाग 13 अगस्तक राति बिहार मे रेड आ ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। मुजफ्फरपुर, वैशाली, सीतामढ़ी, सारण आ पूर्वी चंपारण जिला मे बीहाड़ि संग भारी बरखा आ किछु ठाम ठनका खसबाक आशंका अछि। हवा करीब 40 किलोमीटर प्रति घंटा केर गति सं चलि सकैत अछि। खराब मौसमक बीच लोक सभ कें खुला स्थान पर नहि जयबाक, पक्का मकान मे शरण लेबाक, पैघ गाछ आ बिजलीक खंभा सं दूर रहबाक आ खेत मे काज नहि करबाक सलाह देल गेल अछि।

# तिवारी एनकाउंटर मामिला : सीएम केलनि घोषणा, भेटत नोकरी आ पाइ, परिवार कहलक, हमरा सब कें न्याय चाही

- जांच आयोगक रिपोर्टक आधार पर राज्य सरकार लेलक निर्णय

**पटना, समदिया**

बहुचर्चित भरत तिवारी एनकाउंटर मामिला मे राज्य सरकार एकटा पैघ आ संवेदनशील निर्णयक घोषणा केने अछि। बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अपन आधिकारिक सोशल मीडिया हैंडल एक्स पर कहलनि जे न्यायिक जांच आयोगक अंतरिम रिपोर्टक आधार पर राज्य सरकार दिवंगत भरत तिवारीक पीड़ित परिवार कें आर्थिक सहायता देत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अपन सोशल मीडिया पोस्ट मे इहो कहलनि जे परिवारक एकटा सदस्य कें सरकारी नोकरी देल जाएत। मुख्यमंत्रीक एहि आधिकारिक घोषणाक बाद पीड़ित परिवार कें न्यायक दिशा मे एकटा पैघ राहति भेटबाक उम्मीद देखल जा रहल अछि। ओना भरत तिवारीक भाइ चंदन तिवारी एहि प्रस्ताव कें ठुकरा देलनि अछि। ओ कहलनि जे हमरा सब कें नोकरी आ पाइ नहि, बल्कि न्याय चाही। ओ कहलनि जे एनकाउंटर मे शामिल सभ पुलिसकर्मीक गिरफ्तारी हो आ हुनका सभ कें सजा देल जाय।

मामिलाक गंभीरता कें देखैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे पूरा प्रकरणक निष्पक्ष जांच करैत न्यायिक जांच आयोग अपन अंतरिम रिपोर्ट राज्य सरकार कें सौंपि देने अछि। एहि रिपोर्टक अनुशंसा आ तथ्यक आधार पर राज्य सरकार ई निर्णय लेने अछि। मुख्यमंत्री स्पष्ट कएलनि जे संकट आ दुःखक एहि घड़ी मे सरकार पीड़ित परिवारक संग ठाढ़ अछि। परिवारक जीविका आ भविष्यक सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत आर्थिक सहायता देबाक संग एकटा आश्रित परिजन कें सरकारी नोकरी देबाक प्रक्रिया सेहो शीघ्र पूरा कएल जाएत। सरकारक एहि डेग कें



निष्पक्षता आ न्याय स्थापित करबाक प्रयासक रूप मे देखल जा रहल अछि।

### की छल पूरा मामिला?

भोजपुर जिलाक शाहपुर थाना क्षेत्रक बिलौटी गाम मे बीतल जून मास मे पुलिसक संग भेल कथित मुठभेड़ मे भरत तिवारी कें गोली लागल छल। पुलिस प्रशासनक दावा छल जे भरत तिवारी अपराधी सन अवैध हथियार लए कए घूमि रहल छल आ पुलिस पर गोली चलयबाक प्रयास कएलक। एहि दौरान पुलिसक जवाबी कारबाइ मे ओकरा गोली लागल आ इलाजक क्रम मे अस्पताल मे ओकर मृत्यु भए गेल।

### फेसबुक लाइव वीडियो सं उठल सवाल

मुदा घटनाक समय भरत तिवारी द्वारा सोशल मीडिया पर कएल गेल फेसबुक लाइव वीडियो सं पुलिसक दावा पर गंभीर सवाल उठल। वीडियो मे देखाओल गेल जे भरत कथित रूप सं आत्मसमर्पण करबाक उद्देश्य सं अपन पिस्तौल पुलिसक दिस फेकि देने छलाह।ग्रामीण आ परिजनक आरोप छल जे ई घटना पूर्वनियोजित फर्जी मुठभेड़ छल। हुनकर कहब छल जे भरत तिवारी सोशल मीडिया माध्यम सं बाढ़ि पीड़ित लोकक पुनर्वास आ स्थानीय प्रशासन मे कथित भ्रष्टाचारक विरुद्ध मुखर रूप सं आवाज उठबैत छल।

### हाईकोर्टक सेवानिवृत्त न्यायाधीशक अध्यक्षता मे जांच

घटनाक बाद पूरा बिहार मे विभिन्न जातीय संगठन, आम जनता आ विपक्षी दल सरकारक विरुद्ध आवाज उठौलनि। बढ़ैत दबावक बीच मुख्यमंत्री हाईकोर्टक सेवानिवृत्त न्यायाधीशक अध्यक्षता मे न्यायिक जांच आयोगक गठन केने छलाह। आयोग एहि प्रकरणक निष्पक्ष जांच कए अपन अंतरिम रिपोर्ट सरकार कें सौंपलक।

### 11 अधिकारी-पुलिसकर्मीक विरुद्ध गैर-जमानती वारंट

भरत तिवारी एनकाउंटर मामिलाक वर्तमान स्थिति सेहो गंभीर बनल अछि। हालहि मे आरा स्थित मुख्य न्यायिक दंडाधिकारी (सीजेएम) अदालत एहि मामिला मे सख्त रुख अपनौलक। अदालत प्रथम द्रष्टया पुलिसक कारबाइ मे गंभीर अनियमितता पाबि तत्कालीन एसडीएम, एसडीपीओ आ शाहपुर थाना प्रभारी सहित कुल 11 अधिकारी आ पुलिसकर्मी विरुद्ध गैर-जमानती वारंट जारी कएलक। न्यायालयक एहि सख्त रुख आ मुख्यमंत्रीक आर्थिक सहायता तथा सरकारी नोकरी देबाक घोषणाक बाद मामिला आरो महत्वपूर्ण भए गेल अछि। एहि घटनाक जांचक परिणाम आ न्यायिक प्रक्रिया पर आब सभक नजरि टिकल अछि। दोषी के अछि आ घटनाक वास्तविक परिस्थिति की छल, एकर आखरी निर्धारण जांच आ न्यायिक प्रक्रिया पूरा भेलाक बादे स्पष्ट होयत।

# क्रिकेटर आकाशदीप आ मुकेश बनलाह कंडिशनल डीएसपी

- पांच वर्ष धरि सक्रिय खिलाड़ीक रूप मे टूर्नामेंट मे लेमय पड़त भाग

**पटना, समदिया**

भारतीय क्रिकेटक तेज गेंदबाज आकाशदीप आ मुकेश कुमार कें बिहार पुलिस मे डीएसपी बनाओल गेलाक बाद सरकारी सेवाक लेल नव शर्त सामने आयल अछि। गृह विभागक अधिसूचनाक अनुसार दुनू क्रिकेटर कें पांच वर्षक बॉन्ड भरय पड़त। एहि अवधि मे सक्रिय क्रिकेट खेलाड़ीक रूप मे विभिन्न प्रतियोगिता मे भाग लैत रहब अनिवार्य होयत। जं ओ बॉन्ड मे तय शर्तक पालन नहि करैत छथि अथवा क्रिकेट खेलब पूर्ण रूप सं छोड़ि दैत छथि तं हुनकर सरकारी सेवा पर असरि पड़ि सकैत अछि।



### पांच वर्ष धरि क्रिकेट सं जुड़ल रहब जरूरी

बिहार सरकारक 2026 डायरेक्ट रिक्रूटमेंट ऑफ आउटस्टैंडिंग स्पोर्ट्सपर्सन रेगुलेशनक अंतर्गत नियुक्त खेलाड़ी कें नोकरी मे योगदानक तिथि सं पांच वर्ष धरि सक्रिय खेलाड़ीक रूप मे प्रतियोगिता मे हिस्सा लैत रहय पड़त। निर्धारित शर्तक अनुरूप खेल प्रतियोगिता मे सक्रिय भागीदारी नहि रहल तं सेवा स्थायी होयब मे कठिनाई भए सकैत अछि।

### खेल प्रतिभा कें प्रोत्साहन देबाक नीति

बिहार सरकारक मेडल लाउ, नौकरी पाउ योजना अंतर्गत राज्य आ देशक नाम रोशन कएनिहार खेल प्रतिभा कें सरकारी नोकरी देल जा रहल अछि। एहि क्रम मे सासाराम निवासी आकाशदीप आ गोपालगंज निवासी मुकेश कुमार कें बिहार पुलिस मे डीएसपी पद पर सीधा नियुक्ति देल गेल अछि। डीएसपी पद लेल पे-लेवल-9 अनुसार वेतन निर्धारित अछि। शुरूआती मूल वेतन 53,100 टाका रहत।

# आब जाहि ब्रांडक शराब भेटत, ओहि कंपनी पर सेहो होयत कारबाइ

## मंत्री मदन सहनी कहलनि, शराबबंदी कानून मे नहि होयत कोनो संशोधन

**पटना, समदिया**

बिहार मे शराबबंदी पर उठि रहल सवालक बीच सम्राट चौधरी सरकार आब आर सख्त रुख अपनौलक अछि। राज्य मे अवैध शराबक बिक्री आ तस्करी रोकबाक लेल सरकार निर्णय लेने अछि जे आब जाहि ब्रांडक शराब जब्त होयत, ताहि बनाबयवला कंपनी पर सेहो प्राथमिकी दर्ज कयल जायत। एहि संबंध मे मद्य निषेध विभागक अधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल अछि। मद्य निषेध, उत्पाद एवं निबंधन मंत्री मदन सहनी बृहस्पति कें एकर जानकारी देलनि। हुनका अनुसार शराबबंदी कानून मे कोनो संशोधन नहि होयत।



मंत्री कहलनि जे बिहार मे जं कोनो कंपनीक विदेशी शराब जब्त होइत अछि तं संबंधित कंपनीक विरुद्ध सेहो प्राथमिकी दर्ज कय कारबाइ कयल जायत। कंपनीक मालिक कें सेहो मुकदमाक दायरा मे अनल जायत। ओ कहलनि जे एहि तरहक कारबाइ शुरू भए गेल अछि। हालहि मे पटना मे शराबक खेप पकड़ल गेल छल, जाहि मे संबंधित कंपनी पर सेहो प्राथमिकी दर्ज कयल गेल। जदयू कार्यालय, पटना मे प्रेस वार्ताक दौरान मंत्री कहलनि जे शराबक तस्करी आ अवैध कारोबार मे संलग्न लोकक विरुद्ध सरकार लगातार कठोर कारबाइ कए रहल अछि। कानून तोड़निहार कोनो व्यक्ति कें नहि बख्शल जायत।

### एनसीएईआर कें लीगल नोटिस पठाओत जदयू

बिहार मे शराबबंदी कानून पर नेशनल काउंसिल ऑफ एप्लाइड इकोनॉमिक रिसर्च (एनसीएईआर) केर अध्ययन रिपोर्ट कें लए सियासी घमासान शुरू भए गेल अछि। रिपोर्ट मे दस वर्षक बादो शराबबंदी कें विफल बतबैत एकरा समाप्त करबाक अनुशंसा कयल गेल अछि। एहि पर जदयू एनसीएईआर कें कानूनी नोटिस पठेबाक निर्णय लेने अछि। जदयूक मुख्य प्रदेश प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे संस्था द्वारा कयल गेल सर्वेक्षणक निष्पक्षता पर गंभीर प्रश्न उठैत अछि। हुनका आरोप अछि जे एनसीएईआर केर शासी निकाय मे एहन लोक शामिल छथि, जिनकर संबंध शराब कारोबार सं जुड़ल वित्तीय हित सं अछि।

### शराबबंदी कानूनक समीक्षा नहि

मंत्री कहलनि जे शराबबंदी कानून मे अखन संशोधन अथवा समीक्षा करबाक आवश्यकता नहि अछि। विभाग समय-समय पर एकर समीक्षा करैत अछि आ पछिला मास सेहो समीक्षा कयल गेल छल। ओ कहलनि जे विगत दस वर्ष सं बिहार मे शराबबंदी लागू अछि आ एहि सं गरीब, महिला, दलित, आदिवासी आ अति पिछड़ा वर्गक परिवार कें लाभ भेल अछि।




# जहन गांधीजीक सामने ठाढ़ भए गेल छला 18 वर्षक भोगेंद्र

## गांधीक अछूतोद्धार कार्यक्रमक द्वारे भोगेंद्र झाक परिवारक कएल गेल छल सामाजिक बहिष्कार



राघवेंद्र

1934 केर भूकंपक बाद महात्मा गांधी मधुबनी पहुंचल छलाह। ओहि समय गांधीजी अछूतोद्धारक अभियान पर छलाह। जाति-पातक दीवार तोड़बाक लेल ओ दलित परिवार सभक घर जाइत छलाह, हुनकर हाथक भोजन-पानि ग्रहण करैत छलाह। मुदा गांधीजीक ई प्रयास सभ कें पसिन नहि पड़ैत छल। मधुबनीक सभा मे विरोधो भेल, कारी झंडा देखाओल गेल। गांधीजी अपन समर्थक सभ कें संयम रखबाक आग्रह केलनि।

एहि समय बेनीपट्टीक बरहा गामक एक किशोरक मोन मे सेहो समाजक रूढ़ि आ असमानता विरुद्ध सवाल आकार लए रहल छल। ओ किशोर छलाह भोगेंद्र झा। भोगेंद्रक लेल स्वतंत्रता मात्र अंग्रेजक शासन सं मुक्ति नहि छल। हुनका लेल समाजक भीतरक अन्याय सं मुक्ति सेहो जरूरी छल। जातिक नाम पर मनुष्य-मनुष्य मे भेद, छुआछूत आ धार्मिक रूढ़ि हुनका बेचैन करैत छल। 1939 मे बेनीपट्टी मे सत्याग्रही सभक प्रशिक्षण शिविर लगल। ओतय दलित समुदायक केश्वर रामक हाथ सं सत्याग्रही सभ रसगुल्ला खेलनि। शिविर समाप्त भेलाक बाद समाज मे हंगामा मचि गेल - कांग्रेसी अछूत भए गेल! भोगेंद्र झा तं शिविरक दोसर दिन पहुंचल छलाह, तें रसगुल्ला खेने नहि छलाह। मुदा पंचायत मे जखन हुनका पूछल गेल जे रसगुल्ला खएलहुं?

ओ उलटे सवाल कए देलनि - किएक नहि खाएब?

एहि एकटा वाक्य मे हुनकर विद्रोह छल। हुनकर तर्क छल - जं ब्राह्मण परिवार मे जन्म लेलाक बाद कोनो व्यक्ति लोहारक काज करैत अछि तं ओकर जाति नहि बदलैत अछि, तं दलितक हाथ सं रसगुल्ला खा लेला सं ब्राह्मणक जाति कोना बदलि जाएत?

समाज तर्क मानबाक लेल तैयार



भूलल-बिसरल लोक

नहि छल। भोगेंद्र झा आ हुनकर परिवारक सामाजिक बहिष्कार कए देल गेल। मुदा एहि किशोरक भीतरक आगि एतबे सं शांत नहि भेल। 1940 मे मधुबनी मे सुभाषचंद्र बोसक कार्यक्रमक आयोजनक जिम्मेदारी भोगेंद्र झा सन युवाक हाथ मे आयल। कांग्रेसक एक भाग सुभाष बाबू कें बागी मानि रहल छल, तें सहयोग करबाक लेल बहुत लोक पाछू हटि गेल। स्वागत गान लिखबाक लेल सेहो कोइ तैयार नहि भेल।

भोगेंद्र झा कॉपी-कलम उठौलनि आ स्वयं गीत लिखि देलनि - ऐ क्रांतिदूत स्वागत करते हैं हम तुम्हारा कार्यक्रम सफल भेल। सुभाष बाबू एहि निर्भीक युवा सभ सं प्रभावित भेलाह आ हुनका सभ कें रामगढ़ सम्मेलन मे अयबाक निमंत्रण देलनि। रामगढ़ मे भोगेंद्र झाक सामना भेल महात्मा गांधी सं। रामगढ़ मे गांधीजीक झोपड़ीक सामने 17-18 वर्षक एक दुब्बर-पातर, एक युवक ठाढ़ छल। परिचय देल गेल - ई कम्युनिस्ट भेल जा रहल अछि।

गांधीजी पूछलनि कहिया सं?

भोगेंद्रक उत्तर छल - कोनो कम्युनिस्ट सं भेंट नहि भेल अछि, मुदा विचार तं भए गेल अछि।

बात आगू बढ़ल। भोगेंद्र गांधीजी सं ईश्वर, सत्य आ राजनीति पर सवाल करय लगलाह। हुनकर एक सवाल छल - अहां ईश्वरक प्रकाशक बात करैत छी, ई कोना प्रमाणित होइत अछि?

गांधीजीक उत्तर छल : हमरा लेल सत्ये ईश्वर अछि।

एहि संवाद मे एक किशोर अपन समयक सब सं लोकप्रिय राष्ट्रीय नेता सं बिना डर सवाल कए रहल छल। बाद मे ई संवाद हरिजन सेवक मे प्रकाशित भेल। भोगेंद्र झा लेल ई भेंट श्रद्धाक नहि, सवालक यात्रा बनि गेल।

गांधीजी अहिंसा, सत्य आ नैतिकताक बाट देखबैत छलाह, भोगेंद्र झा समाजक आर्थिक आ वर्गीय असमानताक जड़ि धरि पहुंचबाक बाट पर बढ़ि रहल छलाह।

ई दू विचारधाराक भेंट छल।

मुदा भोगेंद्र झाक ई यात्रा रामगढ़क ओहि झोपड़ी पर समाप्त नहि भेल। समय बीतल, देश आजाद भेल आ ओ युवक अपन राजनीतिक यात्राक एकटा महत्वपूर्ण पड़ाव पर पहुंचला - मधुबनीक सांसद बनि कए।

जे किशोर गांधीजी सं सवाल करैत छल, ओ आब संसद मे ठाढ़ भए कए अपन क्षेत्रक सवाल उठबैत छल। मिथिलाक उपेक्षा, मैथिली भाषाक अधिकार, क्षेत्रक विकास आ मिथिलाक अस्मिता सं जुड़ल प्रश्न सभ पर भोगेंद्र झा संसदक भीतर लगातार आवाज बुलंद करैत रहलाह।

# एक करोड़ पार्षद निधि योजना सं पटना कें भेटल गति, 29 वार्डक 400 योजना कें प्रशासनिक मंजूरी

## सड़क-नाला सं सामुदायिक भवन धरि होयत विकास कार्य

**पटना, समदिया**

पटना नगर निगम क्षेत्र मे आधारभूत नागरिक सुविधा सभ कें मजबूत बनेबाक उद्देश्य सं चलाओल जा रहल ‘एक करोड़ पार्षद निधि योजना 4.0’ कें अंतर्गत लगभग 950 योजना सभक अनुशंसा कयल गेल अछि। एहि योजना सभ मे सड़क आ नाला निर्माण, पुरान सड़क-नालाक जीर्णोद्धार, सामुदायिक भवन, सबमर्सिबल, पेवर ब्लॉक आ आन नागरिक सुविधा सं जुड़ल कार्य शामिल अछि।



नगर निगम मुख्यालय एखन धरि 29 वार्डक लगभग 400 योजना कें प्रशासनिक मंजूरी दए देने अछि। एहि योजना सभक पूरा भए जाए सं शहरक विभिन्न क्षेत्र मे सड़क, नाला, जलापूर्ति आ सामुदायिक सुविधा सं जुड़ल समस्या सभ मे सुधार होएबाक आशा अछि।

वार्ड 3 मे पीसीसी सड़क आ भूगर्भ नाला निर्माणक 16 योजना कें स्वीकृति भेटल अछि। वार्ड 4 मे सड़क निर्माण, जीर्णोद्धार आ सबमर्सिबल सं संबंधित 11 योजना कें मंजूरी देल गेल अछि। वार्ड 7 मे सड़क आ नाला निर्माणक 9 योजना स्वीकृत भेल अछि। वार्ड 10 मे पेवर ब्लॉक, सीसीटीवी कैमरा, सामुदायिक भवन आ पीसीसी सड़क सं जुड़ल 7 कार्य होएत। वार्ड 12 मे सड़क जीर्णोद्धार आ भूगर्भ नाला निर्माणक 16 योजना कें मंजूरी देल गेल अछि। वार्ड 31 मे सड़क आ भूगर्भ नाला निर्माण तथा जीर्णोद्धारक 16, वार्ड 33 मे 14 आ वार्ड 35 मे 13 योजना स्वीकृत भेल अछि। वार्ड 36 मे 13, वार्ड 44 मे 21 आ वार्ड 51 मे 18 योजना कें प्रशासनिक स्वीकृति भेटल अछि। वार्ड 47 मे सड़क, नाला आ मैनहोल मरम्मतिक 16 योजना, जखनकि वार्ड 49 मे 12 आ वार्ड 50 मे 14 योजना स्वीकृत कयल गेल अछि।

किछु वार्ड सभ मे सड़क-नाला निर्माणक अतिरिक्त सामुदायिक भवन, हॉल, पार्क आ आन सार्वजनिक सुविधा सभ पर कार्य कयल जाएत। वार्ड 62 मे सामुदायिक भवन, हॉल, दुर्गा मंदिरक जीर्णोद्धार आ सब्जी मंडीक बाउंड्री वॉल सं जुड़ल 7 कार्य कें मंजूरी भेटल अछि।

वार्ड 54 मे सड़क-नाला निर्माणक संग अटल पार्क मे बाउंड्री आ प्लांटर निर्माणक कार्य होएत। वार्ड 68 मे हॉल, सामुदायिक भवन, पीसीसी सड़क आ आरसीसी नाला निर्माणक 8 योजना स्वीकृत भेल अछि। वार्ड 71 मे दमराही घाट महारानी स्थान पर सामुदायिक भवन सहित 7 योजना कें मंजूरी देल गेल अछि।

नगर निगमक अनुसार वार्ड 8, 22-सी, 24, 27, 43, 45, 57 आ 60 सं एखन धरि योजना सभक अनुशंसा प्राप्त नहि भेल अछि। आन वार्ड सभ सं प्राप्त प्रस्ताव मे सामुदायिक आ सार्वजनिक शौचालय, ट्यूबवेल, मंदिर जीर्णोद्धार, सड़क आ नाला निर्माण सहित कतेको योजना शामिल अछि।

# दारोगा भर्ती परीक्षा मे अनियमितताक आरोप पर पटना हाईकोर्ट सख्त

## सरकार आ आयोग सं तीन सप्ताह मे जवाब मांगलक

**पटना, समदिया**

बिहार पुलिस मे सब-इंस्पेक्टर (दारोगा) पद पर बहाली लेल आयोजित मुख्य परीक्षा मे कथित गड़बड़ी आ अनियमितताक आरोपक मामिला आब पटना हाईकोर्ट पहुंचि गेल अछि। न्यायालय एहि विषय कें गंभीरता सं लैत राज्य सरकार आ बिहार पुलिस अवर सेवा आयोग सं तीन सप्ताहक भीतर जवाब मांगने अछि। मामिलाक सुनवाइ न्यायमूर्ति हरीश कुमारक एकलपीठ मे भेल। अदालत अरपिता कुमारी आ आन याचिकाकर्ता सभक दिस सं दायर सिविल रिट याचिका पर सुनवाइ करैत राज्य सरकार आ आयोग कें जवाबी हलफनामा दायर करेबाक निर्देश देलक। एहि मामिलाक अगिला सुनवाइ 24 अगस्त 2026 कें निर्धारित कएल गेल अछि।




याचिकाकर्ता सभक अनुसार विज्ञापन संख्या 05/2025, दिनांक 23 सितंबर 2025क अंतर्गत सब-इंस्पेक्टर पद लेल आवेदन कएल गेल छल। हुनकर आरोप अछि जे मुख्य परीक्षा दौरान पैघ स्तर पर गड़बड़ी आ कथित अवैध गतिविधि भेल। याचिकाकर्ता सभ अदालत मे दावा कएलनि जे परीक्षा मे कथित कदाचार आ अनियमितता सं जुड़ल दू प्राथमिकी दर्ज कएल जा चुकल अछि। एकर अतिरिक्त परीक्षा दौरान भेल कथित अनुचित गतिविधि सभक संबंध मे विभिन्न समाचार माध्यम मे सेहो रिपोर्ट प्रकाशित भेल छल। याचिकाकर्ता सभक कहब अछि जे एहि गंभीर आरोप सभक प्रभावी जांच नहि कएल गेल आ दोषी लोक सभ पर उचित कारबाइ सेहो नहि भेल। हुनका सभक अनुसार सामने आएल घटनाक्रम परीक्षा प्रक्रियाक भीतर व्यवस्थित स्तर पर खामीक संकेत दैत अछि। एहि आधार पर याचिकाकर्ता सभ न्यायिक हस्तक्षेपक मांग करैत संबंधित अधिकारी सभक विरुद्ध कारबाइ करेबाक गुहार लगौने छथि। मामिलाक सुनवाइ दौरान याचिकाकर्ता सभक पक्ष सं वरीय अधिवक्ता अभिनव श्रीवास्तव उपस्थित भेलाह। जखनकि बिहार पुलिस अवर सेवा आयोगक दिस सं अधिवक्ता संजय पांडेय आ राज्य सरकारक पक्ष सं अधिवक्ता बिनीता सिंह उपस्थित भेलीह।

फिलहाल हाईकोर्ट राज्य सरकार आ आयोग सं जवाब मांगने अछि आ अगिला सुनवाइक तिथि 24 अगस्त निर्धारित केने अछि। एहि सुनवाइ पर आब अभ्यर्थी सभक नजरि टिकल अछि, किएक तं एकर प्रभाव भर्ती प्रक्रियाक आगूक दिशा तय कए सकैत अछि।

**एक नजरि**

### शहरी क्षेत्र मे 598 नव प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र खुजत, 31 अगस्त सं सेवा शुरू करबाक निर्देश

**पटना।** बिहारक शहरी क्षेत्र मे रहनिहार पैघ आबादी कें आब सामान्य बेमारीक इलाज लेल पैघ अस्पताल सभक चक्कर नहि लगाबए पड़त। 31 अगस्त सं राज्यक शहरी इलाका सभ मे प्राथमिक स्वास्थ्य सुविधा सभक पैघ नेटवर्क शुरू होए जा रहल अछि। राष्ट्रीय शहरी स्वास्थ्य मिशनक अंतर्गत केंद्र सरकार वित्तीय वर्ष 2026-27 लेल बिहार मे 164 शहरी प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र (यूपीएचसी) आ 434 शहरी हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर सहित कुल 598 नव केंद्रक संचालन कें मंजूरी दए देने अछि। एहि केंद्र सभ पर मात्र 2 रुपैया निबंधन शुल्क पर रोगी सभ कें चिकित्सकक परामर्शक संग मुफ्त जांच आ दवा उपलब्ध कराओल जाएत। यूपीएचसी मे भोर 11 बजे सं सांझ 7 बजे धरि ओपीडी सेवा चलत। जखनकि हेल्थ एंड वेलनेस सेंटरक संचालन भोर 9 बजे सं सांझ 5 बजे धरि होएत। पटना मे 11 नव यूपीएचसी आ स्मार्ट सिटीक 11 जनसेवा केंद्र शुरू कएल जाएत। राज्य स्वास्थ्य समितिक अनुसार एहि केंद्र सभ पर 12 प्रकारक स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध कराओल जाएत। एहि मे मातृ आ शिशु स्वास्थ्य सेवा, नियमित टीकाकरण, परिवार नियोजन, स्वास्थ्य परामर्श, संचारी आ गैर-संचारी रोग सभक जांच आ उपचार शामिल अछि। आवश्यकता पड़ला पर स्लम क्षेत्र सभ मे विशेष स्वास्थ्य शिविर आ आयुष्मान आरोग्य शिविर सेहो आयोजित कएल जाएत। राज्य मे एखन 150 यूपीएचसी आ 417 यूएचडब्ल्यूसी सहित कुल 567 केंद्र संचालित अछि। नव 598 केंद्र जुड़ला सं एहि नेटवर्कक संख्या बढ़ि कए 1,165 भए जाएत। एहि अतिरिक्त चिह्नित अतिरिक्त प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र (एपीएचसी) सभ कें सेहो यूपीएचसी मे उन्नत कएल जा रहल अछि। राजधानी पटना मे स्वास्थ्य संरचना कें मजबूत बनेबाक लेल 11 नव यूपीएचसीक अतिरिक्त पटना स्मार्ट सिटी लिमिटेडक 11 जनसेवा केंद्र सभ कें यूएचडब्ल्यूसी मे परिवर्तित कएल जा रहल अछि। शहरी निकाय क्षेत्र मे अवस्थित 19 राजकीय पॉलिटेक्निक आ 14 राजकीय अभियंत्रण कॉलेज मे सेहो यूएचडब्ल्यूसी संचालनक मंजूरी देल गेल अछि। एहि 33 शैक्षणिक संस्थान मे केंद्र खुलला सं छात्र-छात्रा सभक संग आसपासक स्थानीय लोक सभ कें सेहो स्वास्थ्य सुविधा भेटत। स्थायी चिकित्सकक नियुक्ति धरि संबंधित जिलाक सिविल सर्जन रोस्टरक आधार पर एमबीबीएस चिकित्सक सभक प्रतिनियुक्ति करताह। संगहि एएनएम, स्टाफ नर्स, बहुउद्देशीय स्वास्थ्यकर्मी आ सुरक्षा गार्डक तैनाती सेहो कएल जाएत। स्वास्थ्य विभाग स्पष्ट केने अछि जे केंद्र शुरू करेबाक लेल पहिल प्राथमिकता सरकारी भवन सभ कें देल जाएत। यदि सरकारी भवन उपलब्ध नहि होयत, तं निजी भवन भाड़ा पर लए केंद्र संचालित कएल जा सकत अछि। भाड़ाक भवन आबादीक निकट आ भूतल पर होएबाक चाही। यूपीएचसी लेल अधिकतम 25 हजार रुपैया प्रतिमाह आ यूएचडब्ल्यूसी लेल 10 हजार रुपैया प्रतिमाह भाड़ाक प्रावधान निर्धारित कएल गेल अछि।

### जेडी विमेन्स कॉलेज मे सड़क सुरक्षा जागरूकता कार्यक्रम, छात्रा सभ कें देल गेल फर्स्ट एडक प्रशिक्षण

**पटना।** पटनाक जेडी विमेन्स कॉलेज मे कम्युनिटी ट्रैफिक पुलिसक दिस सं ‘मिशन यात्रा’ अंतर्गत सड़क सुरक्षा जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। ई कार्यक्रम पुलिस अधीक्षक (यातायात), पटनाक मार्गदर्शन मे आयोजित भेल। एकर मुख्य उद्देश्य छात्रा सभ कें यातायात नियम सभ प्रति जागरूक करब आ सुरक्षित सड़क व्यवहारक जानकारी देब छल। कार्यक्रमक दौरान विशेषज्ञ सभ छात्रा सभ कें सड़क चिन्ह, ट्रैफिक सिग्नल सभक नियम आ पैदल यात्री सभक सुरक्षा सं जुड़ल महत्वपूर्ण जानकारी सरल ढंग सं बुझौलनि। छात्रा सभ कें सड़क पर वाहन चलबैत आ पैदल चलैत समय बरतय योग्य सावधानी सभक विषय मे सेहो जानकारी देल गेल। आपातकालीन स्थिति सं निपटबाक लेल छात्रा सभ कें दुर्घटनाक समय उपयोगी प्राथमिक उपचार अर्थात फर्स्ट एडक लाइव प्रशिक्षण देल गेल। विशेषज्ञ सभ दुर्घटना मे घायल व्यक्ति कें तत्काल सहायता पहुंचेबाक तरीका सभक जानकारी देलनि, जाहि सं अस्पताल पहुंचबाक पहिने हुनकर स्थिति नियंत्रित राखल जा सकय। छात्रा सभ मे सड़क सुरक्षा प्रति रुचि बढ़ेबाक लेल ऑनलाइन क्विज प्रतियोगिताक सेहो आयोजन कयल गेल। प्रतियोगिता मे नीक प्रदर्शन कएनिहार छात्रा सभ कें पुरस्कृत कयल गेल। एहि माध्यम सं यातायात नियम आ सड़क सुरक्षा प्रति जागरूकता बढ़ेबाक प्रयास कयल गेल। पटना ट्रैफिक पुलिसक एहि पहलक उद्देश्य नव पीढ़ी कें सड़क पर आओर जिम्मेदार आ जागरूक नागरिक बनेब अछि। कार्यक्रमक माध्यम सं छात्रा सभ कें यातायात नियमक पालन करबाक आ सड़क सुरक्षा संबंधी संदेश दोसर लोक धरि पहुंचेबाक प्रेरणा देल गेल, जाहि सं सड़क दुर्घटना सभ पर प्रभावी रोक लगेबा मे सहायता भेटि सकय।

# टीआरई-4 मे देरी पर फेर तेज भेल आंदोलन, 18 अगस्त सं पटना मे आमरण अनशनक घोषणा

**पटना, समदिया**

बिहार मे बीपीएससी टीआरई-4 शिक्षक बहाली प्रक्रिया मे लगातार भए रहल देरी कें लए अभ्यर्थी सभ फेर सं आंदोलनक राह पकड़ि लेने छथि। छात्र नेता दिलीपक नेतृत्व मे अभ्यर्थी सभ 18 अगस्त 2026 सं पटना मे आमरण अनशन शुरू करबाक घोषणा केलनि अछि। आंदोलनकारी सभक प्रमुख मांग टीआरई-4क विज्ञापन तत्काल जारी करब आ शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारीक इस्तीफा अछि।

अभ्यर्थी सभक कहब अछि जे शिक्षक बहालीक चारिम चरण टीआरई-4क विज्ञापन जारी करबा मे लगातार विलंब भए रहल अछि। भर्ती प्रक्रिया शुरू नहि होएबाक कारण हजारो युवा सभक भविष्य प्रभावित भए रहल अछि। बहुत दिन सं अभ्यर्थी सभ रिक्त पद सभ पर बहाली प्रक्रिया शुरू करबाक मांग करैत आबि रहल छथि। टीआरई-4क विज्ञापनक मांग लए मई 2026 मे सेहो पटना मे पैघ प्रदर्शन भेल छल। ओहि दौरान पुलिस कारबाइ पर विवाद सेहो उठल छल। एकरा बादो अभ्यर्थी सभ भर्ती प्रक्रिया शीघ्र शुरू करबाक मांग लगातार उठबैत रहल छथि।

जुलाई मे शिक्षा विभागक तरफ सं टीआरई-4 प्रक्रिया आगू बढ़ेबाक बात कहल गेल छल। 7 जुलाईक समीक्षा बैसार मे शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी अधिकारी सभ कें 25 जुलाई धरि बीपीएससी कें अधियाचना पठेबाक निर्देश देने छलथि। मुदा एखन धरि विज्ञापन जारी नहि भेल अछि, जाहि कारण अभ्यर्थी सभ मे असंतोष बढ़ल अछि। आंदोलनकारी सभक कहब अछि जे जखन धरि टीआरई-4क विज्ञापन जारी नहि होयत आ अन्य प्रमुख मांग सभ पर ठोस पहल नहि होयत, तखन धरि आंदोलन जारी रहत। अभ्यर्थी सभ शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारीक इस्तीफाक मांग सेहो उठा रहल छथि। हुनकर आरोप अछि जे बहाली प्रक्रिया मे लगातार भए रहल देरी पर सरकार कें स्पष्ट जवाब देबाक चाही। टीआरई-4 सं जुड़ल मुद्दा आब बिहार सं बाहर सेहो पहुंचि गेल अछि। दिल्ली आ झारखंड मे प्रदर्शनक बाद आब बिहार मे आंदोलन आओर तेज करबाक तैयारी अछि। 18 अगस्त सं शुरू होमय बला आमरण अनशन पर सभक नजरि टिकल अछि।

# उच्च शिक्षा व्यवस्था मे सुधार लेल राज्यपाल देलनि निर्देश

## समर्थ पोर्टल पर डेटा सुरक्षित राखू, लाइब्रेरीक समय बढ़ाउ

**पटना, समदिया**

बिहार मे उच्च शिक्षा व्यवस्था कें सुदृढ़ बनेबाक आ डिजिटल युगक अनुरूप ढालेबाक उद्देश्य सं लोकभवन मे राज्यभरिक कुलपति सभक संग उच्चस्तरीय समीक्षा बैसार आयोजित भेल। राज्यपाल सह कुलाधिपति लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन (सेवानिवृत्त)क अध्यक्षता मे आयोजित एहि बैसार मे विश्वविद्यालय सभक प्रशासनिक, शैक्षणिक आ डिजिटल सुधार सं जुड़ल विभिन्न विषय पर चर्चा भेल आ आवश्यक निर्देश देल गेल। राज्यपाल कहलनि जे नीति सभ समय-समय पर बदलैत रहैत अछि, एहन स्थिति मे ओकर सही आशय बुझि प्रभावी ढंग सं क्रियान्वयन कएनाइ आवश्यक अछि। हुनका अनुसार उच्च शिक्षा व्यवस्था कें आधुनिक आ सक्षम बनेबाक लेल डिजिटल संसाधन सभक समुचित उपयोग जरूरी अछि।



हुनका समर्थ पोर्टल कें उच्च शिक्षा क्षेत्र लेल पैघ अवसर बतबैत एकर व्यापक उपयोग सुनिश्चित करेबाक निर्देश देलनि। संगहि कुलपति सभ सं कहलनि जे विश्वविद्यालयक समस्त आंकड़ा आ डेटा पूर्ण रूप सं सुरक्षित राखल जाए, जाहि सं भविष्य मे डेटा नष्ट होएबाक अथवा फेर सं संग्रह करेबाक आवश्यकता नहि पड़ए आ समय तथा संसाधनक बचत भए सकए।

विश्वविद्यालय परिसरक शैक्षणिक वातावरण कें अध्ययन-अनुकूल बनेबाक संदर्भ मे राज्यपाल पुस्तकालयक भूमिका कें अत्यंत महत्वपूर्ण बतौलनि। हुनका कुलपति सभ सं लाइब्रेरी सुविधा सभक समीक्षा कए विद्यार्थी सभक सुविधा लेल एकर संचालन समय बढ़ेबाक आग्रह कएलनि, जाहि सं छात्र-छात्रा सभ कें अध्ययन लेल बेसी समय भेटि सकए। समीक्षा बैसार मे विश्वविद्यालय सभ कें सामाजिक दायित्व सं जोड़बाक विषय पर सेहो विशेष जोर देल गेल। एहि अंतर्गत विश्वविद्यालय सभ सं गाम आ विभिन्न संस्थान कें गोद लेबाक पहल कें आगू बढ़ेबाक आह्वान कएल गेल। संगहि टीबी मुक्त भारत आ ‘टीबी मुक्त बिहार अभियान’ मे विश्वविद्यालय सभक प्रत्यक्ष भागीदारी सुनिश्चित करेबाक बात कहल गेल। एहि अभियानक अंतर्गत विश्वविद्यालय आ कॉलेज सभ अपन-अपन क्षेत्रक जरूरतमंद टीबी रोगी सभ कें पौष्टिक आहार उपलब्ध करेबाक जकां मानवीय प्रयास मे सहयोग करत। राज्यपाल कहलनि जे शैक्षणिक संस्थान सभ मात्र शिक्षा धरि सीमित नहि रहि समाजक कल्याण मे सेहो सक्रिय भूमिका निभाबए, ई समयक मांग अछि।

# बिहार मे नमो भारत रैपिड रेलक तैयारी तेज, पटना सं गया बेगूसराय, मुजफ्फरपुर आ आरा धरि चारि कॉरिडोरक प्रस्ताव

**पटना, समदिया**

बिहार मे दिल्ली-एनसीआरक तर्ज पर नमो भारत रैपिड रेल सेवा शुरू करेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल कएल गेल अछि। राज्य सरकार राष्ट्रीय राजधानी क्षेत्र परिवहन निगम (एनसीआरटीसी) कें पत्र पठा चारि प्रमुख कॉरिडोर पर एहि सेवा कें विकसित करेबाक अनुरोध केने अछि। यदि प्रस्ताव साकार रूप लैत अछि तं बिहार मे हाईस्पीड सार्वजनिक परिवहनक नव अध्याय शुरू भए सकैत अछि। प्रस्तावित पहिल कॉरिडोर पटना सं



गया धरि होयत, जाहिक लंबाइ लगभग 108 किलोमीटर निर्धारित कएल गेल अछि। एहि मार्ग पर रैपिड रेल सेवा शुरू भेलापर दुनू शहरक बीच यात्रा समय मे उल्लेखनीय कमी आबएबाक संभावना अछि।

दोसर कॉरिडोर पटना एयरपोर्ट सं बेगूसराय धरि प्रस्तावित अछि। लगभग 130 किलोमीटर लंबा एहि मार्गक माध्यम सं राजधानी क्षेत्र आ उत्तर बिहारक महत्वपूर्ण औद्योगिक शहर बेगूसरायक बीच तेज संपर्क स्थापित करेबाक योजना अछि। तेसर कॉरिडोर पटना सं मुजफ्फरपुर धरि होएत। एहि मार्गक प्रस्तावित लंबाइ 67 किलोमीटर अछि। रैपिड रेल शुरू भेलापर दुनू शहरक बीच आवागमन अधिक सुविधाजनक आ तीव्र भए सकत। चारिम कॉरिडोर पटना एयरपोर्ट सं आरा धरि प्रस्तावित अछि। लगभग 46 किलोमीटर लंबा एहि मार्ग सं पटना आ भोजपुर क्षेत्रक बीच आधुनिक परिवहन नेटवर्क विकसित करेबाक योजना बनाओल गेल अछि।

# गौरीचक थाना कें भेटल नव भवन सिटी एसपी केलनि उद्घाटन

**पटना, समदिया**

पटना जिलाक गौरीचक थाना कें गुरुदिन नव भवन भेटल। सिटी एसपी पूर्वी शैलजा नवनिर्मित जी प्लस फोर थाना भवनक उद्घाटन केलनि। नव भवन मे पुलिसिंग सं जुड़ल आधुनिक सुविधा सभक संग पुलिसकर्मी सभक रहबाक व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि।

नव भवन मे थानाध्यक्ष कक्ष, सिरिस्ता कक्ष, अनुसंधान कक्ष, सीसीटीवी कंट्रोल रूम, हाजत सहित अन्य जरूरी व्यवस्था कयल गेल अछि। पुलिसकर्मी सभक रहबाक लेल सेहो भवन मे विशेष व्यवस्था राखल गेल अछि।

गौरीचकक पुरान थाना भवन बहुत जर्जर भए गेल छल। एहि कारण पुलिसकर्मी सभ कें काज करबा मे कतेको तरहक कठिनाइ सभक सामना करय पड़ैत छल। नव भवन बनला सं एहि समस्या सभ सं राहति भेटबाक आशा जताओल जा रहल अछि। सिटी एसपी पूर्वी शैलजा कहलनि जे गौरीचक थानाक नव भवन शुरू भेला सं क्षेत्र मे पुलिस व्यवस्था आओर मजबूत होएत। आधुनिक सुविधा सं लैस भवन अपराध नियंत्रण आ महिला सुरक्षा सं जुड़ल काज मे सेहो महत्वपूर्ण सहयोग करत।

# डाकबंगला सं रुकनपुरा धरि नेहरू पथक होयत चौड़ीकरण

## 39.80 करोड़ रुपैयाक लागति सं नौ मास मे पूरा होयत कार्य

**पटना, समदिया**

राजधानी पटना मे यातायात व्यवस्था कें सुगम बनेबाक आ जामक समस्या कम करेबाक उद्देश्य सं पथ निर्माण विभाग (आरसीडी) महत्वपूर्ण पहल करए जा रहल अछि। डाकबंगला चौक सं रुकनपुरा धरि नेहरू पथ (बेली रोड)क चौड़ीकरण कएल जाएत। एहि कार्य पर 39.80 करोड़ रुपैयाक व्यय होएत।

विभागक नूतन राजधानी रोड डिवीजनक माध्यम सं ई परियोजना मानसून अवधि सहित नौ मास मे पूरा करेबाक लक्ष्य निर्धारित कएल गेल अछि। योजना पूरा भेलापर पटनाक प्रमुख आ अत्यधिक व्यस्त मार्ग सभ मे शामिल नेहरू पथ पर यातायात व्यवस्था मे पैघ सुधार होएबाक उम्मीद अछि।

एखन नेहरू पथ पर मेट्रो निर्माणक कार्य पैघ स्तर पर चलि रहल अछि, जाहि कारण सड़कक महत्वपूर्ण हिस्सा प्रभावित भेल अछि। एहि परिस्थिति कें ध्यान मे राखैत सड़क चौड़ीकरणक योजना शुरू कएल जा रहल अछि, जाहि सं यातायात संचालन सुचारू राखल जा सकए।

एहि कार्य लेल निविदा जारी कए देल गेल अछि। नूतन राजधानी रोड डिवीजनक कार्यपालक अभियंता ई. अभिषेक



कुमार कहलनि जे वर्तमान मे नेहरू पथक चौड़ाइ विभिन्न स्थान पर लगभग 20 मीटर सं 40-45 मीटर धरि अछि।

योजनाक अंतर्गत सड़कक दुनू कात जतए सरकारी जमीन उपलब्ध अछि, ओतए कम सं कम 3 सं 3.5 मीटर चौड़ अतिरिक्त लेन विकसित करेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एकरा सं वाहनक आवागमन मे सुविधा बढ़त आ जामक समस्या कम होएत।

अधिकारी सभक अनुसार सड़क चौड़ीकरणक दौरान कोनो सरकारी अथवा निजी भवन कें क्षति नहि पहुंचाओल जाएत। आवश्यकतानुसार मात्र परिसरक चारिदिवारी कें पाछू सरकाकए अतिरिक्त स्थान निकालल जाएत।

एहि क्रम मे कोतवाली थाना, मौर्य लोक कॉम्प्लेक्स आ किछु आन सरकारी संस्थान सभक बाउंड्री वॉल पाछू करेबाक विषय पर विचार कएल जा रहल अछि। मुदा जतए निजी जमीन (रैयती भूमि) पड़त, ओतए सड़क विस्तार नहि कएल जाएत।

नियोजन भवनक समीप सेहो सड़क चौड़ीकरणक प्रस्ताव छल, मुदा ओतए एखन मेट्रो निर्माण कार्य जारी रहबाक कारण फिलहाल मेट्रो प्रभावित क्षेत्र कें छोड़ि उपलब्ध स्थान पर चौड़ीकरणक कार्य कएल जाएत।

विभागक आखरी स्वीकृति भेटलाक बाद परियोजनाक आगूक प्रक्रिया शुरू कएल जाएत। योजना पूरा भेलापर राजधानीक प्रमुख यातायात मार्ग पर यात्रा अधिक सुगम आ सुविधाजनक होएबाक उम्मीद अछि।

# प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना लेल सिमरा विद्युत भवन मे सोलर मेला आयोजित

**सीतामढ़ी, समदिया**

प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना कें जन-जन धरि पहुंचयबाक आ बेसी सं बेसी लोक कें योजनाक लाभ लेबाक लेल प्रेरित करबाक उद्देश्य सं बृहस्पति कें सिमरा स्थित विद्युत भवन परिसर मे सोलर मेलाक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक उद्घाटन जिलाधिकारी रिची पांडेय, उप विकास आयुक्त सुश्री श्वेता भारती आ विद्युत अधीक्षण अभियंता, मुजफ्फरपुर द्वारा संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कयल गेल। एहि अवसर पर विभिन्न विभागक पदाधिकारी, स्थानीय जनप्रतिनिधि तथा पैघ संख्या मे लाभुक आ विद्युत उपभोक्ता उपस्थित छलाह। सोलर मेला मे प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना सं संबंधित विभिन्न पक्षक जानकारी आम लोक कें देल गेल। सौर ऊर्जा संयंत्रक स्थापना, योजनाक अंतर्गत भेटयवला सुविधा आ अनुदान, आवेदन प्रक्रिया तथा एहि सं होमयवला आर्थिक आ पर्यावरणीय




लाभक बारे मे विशेषज्ञ आ संबंधित पदाधिकारी सभ द्वारा विस्तार सं जानकारी देल गेल। मेला मे सोलर उपकरण सं संबंधित जानकारी आ प्रदर्शनक सेहो व्यवस्था कयल गेल छल, जाहि सं लोक कें योजना बुझय मे सुविधा भेल। एहि अवसर पर जिलाधिकारी रिची पांडेय कहलनि जे प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना मात्र घरेलू बिजलीक आवश्यकता पूरा करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल नहि, बल्कि ई स्वच्छ आ हरित ऊर्जाक बढ़ावा देबाक दूरगामी कदम सेहो अछि। सौर ऊर्जाक बेसी सं बेसी उपयोग सं पारंपरिक ऊर्जा स्त्रोत पर निर्भरता कम होयत तथा पर्यावरण संरक्षण आ कार्बन उत्सर्जन मे कमी अनय मे सेहो सहायता भेटत। ओ कहलनि जे सरकार आम उपभोक्ताक हित कें ध्यान मे रखैत योजनाक अंतर्गत महत्वपूर्ण सहायता उपलब्ध करा रहल अछि।

जिलाधिकारी जिलावासी सभ सं अपील कयलनि जे ओ प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक जानकारी प्राप्त कए बेसी सं बेसी संख्या मे एहि योजनाक लाभ उठाबथि। ओ कहलनि जे अपन घरक छत पर सोलर संयंत्र स्थापित कए लोक बिजलीक आवश्यकता कें बहुत हद धरि स्वयं पूरा कए सकैत छथि। एहि सं बिजली खर्च मे कमी आयत आ संगहि स्वच्छ ऊर्जाक उपयोग कें सेहो बढ़ावा भेटत। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे योजनाक संबंध मे आम लोकक बीच व्यापक जागरूकता पैदा कयल जाए तथा इच्छुक लाभुक कें आवेदन सं लए कए संयंत्र स्थापना धरि आवश्यक मार्गदर्शन उपलब्ध कराओल जाए। उप विकास आयुक्त सुश्री श्वेता भारती कहलनि जे प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना ऊर्जा क्षेत्र मे आत्मनिर्भरताक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि। ओ कहलनि जे सौर ऊर्जाक उपयोग बढ़ला सं परिवारक बिजली खर्च कम करय मे सहायता भेटत, तकर संग पर्यावरण संरक्षण आ सतत विकासक लक्ष्य कें सेहो मजबूती भेटत। ओ लोक सभ सं योजनाक जानकारी अपन आसपासक अन्य परिवार धरि पहुंचयबाक तथा पात्र परिवार कें एहि योजनाक लाभ लेबाक लेल प्रेरित करबाक अपील कयलनि।

कार्यक्रमक दौरान योजना सं लाभान्वित किछु उपभोक्ता अपन अनुभव सेहो साझा कयलनि। लाभुक सभ कहलनि जे घर पर सोलर संयंत्र लगलाक बाद बिजलीक उपलब्धता आ खर्चक स्तर पर हुनका सभ कें बहुत सुविधा भेल अछि। ओ सभ योजनाक आम परिवार लेल उपयोगी बतबैत अन्य लोक सभ सं सेहो एकर लाभ उठयबाक अपील कयलनि।

सोलर मेला मे उपस्थित पदाधिकारी आ विशेषज्ञ सभ लोकक जिज्ञासाक समाधान कयलनि तथा योजना सं संबंधित विभिन्न प्रक्रियाक जानकारी देलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य जिला मे सौर ऊर्जाक प्रति जागरूकता बढ़यबाक संग प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक पहुंच बेसी सं बेसी परिवार धरि सुनिश्चित करब रहल। कार्यपालक अभियंता विद्युत विभाग द्वारा जानकारी देल गेल जे पीएम सूर्य योजनाक अंतर्गत जिला मे कुल 627 घर मे सोलर संयंत्रक अधिष्ठापन कयल जा चुकल अछि।

## अज्ञात वाहनक ठोकर सं बाइक सवार व्यक्तिक मृत्यु



**सिमरी बख्तियारपुर, सहरसा/समदिया**

सिमरी बख्तियारपुर थाना क्षेत्रक बलवाहाट-सिमरी बख्तियारपुर एनएच-107 पर भौरा गामक समीप बुध देर सांझ अज्ञात वाहनक ठोकर सं बाइक सवार एक व्यक्ति गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। स्थानीय लोक सभ आनन-फानन मे हुनका इलाज लेल सिमरी बख्तियारपुर अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचौलनि, जतय चिकित्सक जांचक बाद हुनका मृत घोषित कए देलनि। मृतकक पहचान बलवाहाट थाना क्षेत्रक सोनपुरा पंचायत अंतर्गत बसतपुर गाम निवासी 55 वर्षीय दीपनारायण यादवक रूप मे भेल अछि। घटना केर सूचना भेटिते स्वजन अस्पताल पहुंचलाह। मृत्यु केर खबर सुनिते परिवार मे कोहराम मचि गेल आ परिजनक रो-रो कए बुरा हाल भए गेल। बताओल जाइत अछि जे दीपनारायण यादव बुध कें बाइक सं कोनो काजक सिलसिला मे सिमरी बख्तियारपुर आयल छलाह। देर सांझ काज समाप्त कए ओ बाइक सं अपन घर बसतपुर लौटि रहल छलाह। एहि क्रम मे एनएच-107 पर भौरा गामक समीप विपरीत दिशा सं आबि रहल अज्ञात वाहन हुनकर बाइक मे जोरदार ठोकर मारि देलक। हादसा मे ओ सड़क पर खसि कए गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। घटना कए बाद आसपासक लोक घटनास्थल पर जुटि गेलाह आ घायल कें तत्काल अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचौलनि। मुदा इलाज शुरू होयबाक किछुए देर बाद चिकित्सक हुनका मृत घोषित कए देलनि। घटनाक सूचना भेटलाक बाद बख्तियारपुर थाना पुलिस अधिकारी अमरजीत कुमार सिंह आ रामनाथ पासवान अस्पताल पहुंचलाह।

**एक नजरि**

### स्वतंत्रता दिवसक तैयारी कें लए परेडक पूर्वाभ्यासक डीएम-एसपी लेलनि जायजा



**सीतामढ़ी।** स्वतंत्रता दिवस समारोह कें लए जिला प्रशासन द्वारा तैयारी कें आखरी रूप देल जा रहल अछि। एहि क्रम मे बृहस्पति कें आयोजित परेड पूर्वाभ्यासक जिलाधिकारी रिची पांडेय आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजन संयुक्त रूप सं निरीक्षण कयलनि आ आवश्यक व्यवस्थाक समीक्षा कयलनि। पूर्वाभ्यासक दौरान परेड मे शामिल जवान सभ निर्धारित कार्यक्रमक अनुरूप कदमताल, सलामी आ अन्य गतिविधिक अभ्यास कयलनि। जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक परेड मे शामिल टुकड़ी सभक अनुशासन, वेशभूषा, बूट, कदमक एकरूपता, मार्चिंग आ आपसी तालमेलक बारीकी सं समीक्षा कयलनि। अधिकारी सभ परेड कें आरो प्रभावी आ गरिमापूर्ण बनेबाक लेल आवश्यक सुधारक निर्देश सेहो देलनि। पुलिस अधीक्षक स्वतंत्रता दिवस समारोहक मद्देनजर सुरक्षा व्यवस्थाक संबंध मे संबंधित पुलिस पदाधिकारी सभ सं जानकारी लेलनि। ओ समारोह स्थल आ आसपासक क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था, यातायात नियंत्रण तथा संभावित भीड़क ध्यान मे रखैत आवश्यक तैयारी पूरा राखबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी कहलनि जे राष्ट्रीय पर्वक एहि महत्वपूर्ण आयोजन मे कोनो स्तर पर कमी नहि रहबाक चाही। समारोह सं जुड़ल सभ दायित्वक निर्धारित प्रोटोकॉलक अनुरूप निर्वहन सुनिश्चित करबाक तथा सभ व्यवस्था समय सं पूर्व पूरा करबाक निर्देश संबंधित पदाधिकारी सभ कें देलनि। ओ समारोह मे आबयवला अतिथि आ आम लोकक सुविधाक विशेष ध्यान रखबाक तथा विभिन्न विभागक बीच नीक समन्वय स्थापित कए काज करबाक पर जोर देलनि।

### देशक आर्थिक, शैक्षणिक आ सामाजिक स्थिति बेसी खराब अछि : राम नरेश पांडेय

**बेनीपट्टी।** भारतीय कम्युनिस्ट पार्टीक पदयात्राक आठम दिन बेनीपट्टी मुख्यालय मे पदयात्रा निकालल गेल। एहि मे राज्य सचिव सह पूर्व विधायक रामनरेश पांडेय, जिला मंत्री मिथिलेश झा, राज्य परिषद सदस्य मनोज मिश्र, अंचल मंत्री आनंद कुमार झा, अशेश्वर यादव, संतोष झा, तिरपित पासवान, संतोष कुमार पूर्वे, सचिंद्र राय सहित अन्य कार्यकर्ता शामिल छलाह। पदयात्राक आखरी पड़ाव लोहिया चौक, बेनीपट्टी पर नुक्कड़ सभाक संग भेल। नुक्कड़ सभा कें संबोधित करैत राज्य सचिव सह पूर्व विधायक रामनरेश पांडेय कहलनि जे देशक आर्थिक, शैक्षणिक आ सामाजिक स्थिति बेसी खराब अछि। विश्व मे भारतक साख नीचां गेल अछि। भारत-अमेरिका व्यापार समझौता सं देशक भीतर निर्मित होमयवला उत्पादन कें धक्का लागल अछि। किछु खास उद्योगपतिएंक इशारा पर पूरा खेल खेलल जा रहल अछि। श्रमिक सभक अधिकार पर हमला कयल जा रहल अछि। नुक्कड़ सभा मे वक्ता सभ कहलनि जे मनरेगा कानून कें पुनः बहाल कयल जाए, स्वामीनाथन आयोगक सिफारिश लागू कयल जाए तथा किसान सभक उत्पादनक न्यूनतम समर्थन मूल्यक लेल कानून बनाओल जाए। बटाईदारी पर्चा बला जमीन सं बेदखल करबाक साजिश पर रोक लगाओल जाए आ बेरोजगार युवा सभ कें रोजगार देल जाए। वक्ता सभ महंगाई आ नव शिक्षा नीतिक विरोध मे 1 सितंबर कें भाकपा द्वारा दिल्लीक रामलीला मैदान मे आयोजित रैली मे हजारक संख्या मे पार्टी सदस्य आ समर्थक सभ सं सहभागी होमयक आह्वान कयलनि।

### बेनीपट्टी मुख्यालय मे निकालल गेल विशाल तिरंगा यात्रा

**बेनीपट्टी।** नगर पंचायत द्वारा हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत बेनीपट्टी मुख्यालय मे विशाल तिरंगा यात्रा निकालल गेल। एहि मे मुख्य पार्षद मंजू देवी, ईओ गौतम आनंद, वार्ड पार्षद योगेंद्र यादव, रूपन साह, लक्ष्मण पंडित, प्रधान लिपिक रोहित कुमार, कर संग्रह पदाधिकारी राकेश कुमार तिवारी सहित अधिकारी, वार्ड पार्षद, कर्मी आ अन्य लोक उत्साहपूर्वक शामिल छलाह। एहि दौरान सहभागी सभ द्वारा तिरंगा हमर शान अछि, देशक पहचान अछि, भारत माता की जय, वंदे मातरम्, जय हिंद, जय भारत सहित अन्य देशभक्तिक नारा सं वातावरण गूंजैत रहल। एहि अवसर पर मुख्य पार्षद आ ईओ कहलनि जे वंदे मातरम्क जयघोषक संग देश कें आजादी भेटल। ई तिरंगा हमर सभक आन, बान आ शान अछि। 12 सं 17 अगस्त धरि मनाओल जा रहल हर घर तिरंगा अभियान कें उत्साहपूर्वक सफल बनेबाक अछि। ओ सभ कहलनि जे तिरंगा यात्रा मात्र एकटा यात्रा नहि, बल्कि सामूहिक देशभक्ति आ राष्ट्रीय एकताक उत्सव अछि।

## बाबा राजराजेश्वर स्थान मे 17 सं दू दिनक श्रावणी महोत्सव



**सहरसा, समदिया**

जिलाक नोहट्टा प्रखंड अंतर्गत शाहीडीह बड़गाम स्थित बाबा राजराजेश्वर स्थान, शाहीडीह पट्टी मे 17 आ 18 अगस्त कें दू दिवसीय भव्य श्रावणी महोत्सवक आयोजन कयल जाएत। कला, संस्कृति आ युवा विभाग तथा जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे होमयवला एहि महोत्सवक उद्घाटन 17 अगस्तक सांझ पांच बजे होएत। तेसर सोमवारी आ नाग पंचमीक अवसर पर आयोजित होमयवला एहि महोत्सवक धार्मिक आ सांस्कृतिक महत्व आरो बढ़ि गेल अछि। उद्घाटन सं पूर्व बाबा राजराजेश्वरक विधिवत पूजन-अर्चन आ संध्या आरती होएत। तकर बाद दीप प्रज्वलित कए महोत्सवक शुभारंभ कयल जाएत। कार्यक्रम मे स्थानीय आ क्षेत्रीय कलाकार सभ कें अपन कला प्रस्तुत करबाक अवसर भेटत। बाल भवन किलकारी आ आम्रपाली केंद्रक बच्चा सभ सेहो विभिन्न सांस्कृतिक प्रस्तुति देत।

# भिखारी महिलाक निर्मम हत्या, माथ पर ईंट-पाथर सं कएल गेल हमला

**एनएच बंगरा थाना क्षेत्रक उदयपुर गामक घटना, पुलिस आ सीएसआई टीम जांच मे जुटल**

**समस्तीपुर, ताजपुर/समदिया**

जिलाक एनएच बंगरा थाना क्षेत्र अंतर्गत सिरसिया पंचायतक उदयपुर गामक वार्ड संख्या 10 मे मठक लग मे बीतल बुधवारक राति एकटा भिखारी महिलाक रहस्यमय ढंग सं निर्मम हत्या कए देल गेल। मृत महिलाक पहचान स्व. महबूब खानक 47 वर्षीय पत्नी कमरूला खातूनक रूप मे भेल अछि। शव कें देखला सं प्रतीत होइत छल जे कोनो व्यक्ति सुतल अवस्था मे महिलाक माथ पर ईंट अथवा पाथर सं जोरदार प्रहार कएलक, जाहि सं हुनकर माथ बुरी तरह क्षतिग्रस्त भए गेल आ घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। घटनाक सूचना भेटिते स्थानीय बंगरा थाना पुलिस आ सीएसआई टीम घटनास्थल पर पहुंचि रहस्यमय हत्याक जांच मे जुटि गेल। ग्रामीण सभक अनुसार मृत महिला नट जाति सं संबंधित छलीह। हुनकर पति किछु दिन पूर्वे गुजरि गेल छलाह। हुनकर एकटा पुत्र अछि, जे मानसिक रूप सं अस्वस्थ अछि। महिला अपन आ पुत्रक भरण-पोषण भीख मांगि कए करैत छलीह। घटनाक राति महिलाक पुत्र अलग झोपड़ी मे सुतल छल, जखन कि महिला झोपड़ीक बाहर बरामदा पर एकाकी सुतल छलीह। महिलाक किछु रिश्तेदार बगलवला झोपड़ी मे सुतल छलाह। एहि दौरान सुतल अवस्था मे महिलाक निर्मम हत्या कए देल गेल। अपर थानाध्यक्ष शबाना आजमी जानकारी दैत कहलनि जे सीएसआई टीम अपराधस्थल सं साक्ष्य जुटाबय मे लागल अछि। शव कें पोस्टमार्टम लेल पठाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे अपराधी जे केओ हो, पुलिस ओकरा खोजि निकालत।



# आठ वर्षीय बच्ची सं यौन शोषण आ मारपीटक आरोप, विधि-विरुद्ध बालकक रूप मे निरुद्ध

**सिमरी बख्तियारपुर, सहरसा/समदिया**

सिमरी बख्तियारपुर थाना क्षेत्रक एकटा गाम मे आठ सालक बच्ची सं मारपीटक मामिला सामने आयल अछि। पीड़िताक माय केर आवेदन पर पुलिस प्राथमिकी दर्ज कए आरोपित 15 वर्षीय किशोर कें विधि-विरुद्ध बालकक रूप मे निरुद्ध कएलक अछि। बच्ची कें चिकित्सीय जांच लेल सदर अस्पताल पठाओल गेल अछि। मामिलाक जांच सिमरी बख्तियारपुर थाना मे पदस्थापित महिला पुलिस अवर निरीक्षक स्वीटी कुमारी कए रहल छथि।




पीड़िताक माय केर अनुसार, घटना 9 अगस्तक दुपहरियाक अछि। बच्ची मवेशी लेल चारा काटय खेत दिस गेल छल। एहि दौरान पड़ोसक किशोर ओकरा बहला-फुसला कए एकटा सुनसान घर मे लए गेल। आरोप अछि जे ओतय बच्ची संग जबरदस्ती यौन शोषण कएलक। विरोध करला आ शोर मचौला पर ओकरा संग मारपीट कएल गेल। आवेदन मे बच्चीक गला आ शरीर मरोड़ि कए बेहोश करबाक आरोप सेहो लगाओल गेल अछि। माय आरोप लगौलनि जे घटनाक जानकारी भेटला पर ओ बच्ची कें बेहोशीक अवस्था मे अस्पताल लए जा रहल छलीह, तखन किछु स्थानीय लोक आ जनप्रतिनिधि हुनका रोकि देलनि। परिवार पर मामिला दबाबय आ पुलिस लग नहि जाय लेल दबाव बनेबाक आरोप सेहो लगाओल गेल अछि। एहि उपरांत माता-पिता थाना पहुंचि शिकायत कएलनि। थानाध्यक्ष जयशंकर कुमार कहलनि जे भारतीय न्याय संहिता आ पॉक्सो अधिनियमक सुसंगत धाराक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि।

## भारतक अग्निवीर भर्तीक समर्थन मे नेपाल मे सड़क पर उतरल हजारो लोक



**जनकपुरधाम, समदिया**

नेपालक पश्चिमी शहर पोखरा मे बुधदिन, 12 अगस्त कें नेपाली युवा आ भारतीय सेनाक पूर्व सैनिकक परिवार सभ रैली निकालि मांग केलक जे नेपाली युवाक भारतीय सेनाक अग्निवीर योजना अंतर्गत अग्निवीरक रूप मे भर्ती होयबाक अनुमति देल जाए। भारतीय सेना मे गोरखा भर्ती वर्ष 2019 सं रुकल अछि। शुरू मे कोरोना महामारीक कारण ई प्रक्रिया स्थगित कयल गेल छल। मुदा, भारत द्वारा वर्ष 2022 मे अग्निवीर योजना शुरू कयलाक बाद नेपाल नेपाली युवाक भारतीय सेना मे भर्ती पर रोक लगा देलक।

अग्निवीर योजना अंतर्गत भर्ती होमयवला जवान सभ मे अधिकतम 25 प्रतिशत कें चारि वर्षक सेवा पूरा भेलाक बाद स्थायी नियुक्ति देल जाइत अछि।

# हर हाथ तिरंगा, हर दिल देशक नामक संदेशक संग अंटौर सं निकलल भव्य तिरंगा यात्रा

**अलीनगर, समदिया**

राष्ट्रप्रेम, राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक भावना कें जन-जन धरि पहुंचयबाक उद्देश्य सं भारतीय जनता पार्टी दरभंगा पूर्वी जिलाक तत्वावधान मे बुधदिन अलीनगर विधानसभा अंतर्गत अंटौर सं भव्य तिरंगा यात्रा निकालल गेल। हर हाथ तिरंगा, हर दिल देशक नामक संदेशक संग निकलल एहि यात्रा मे भाजपा कार्यकर्ता, युवा आ स्थानीय नागरिक सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। तिरंगा यात्राक शुभारंभ बाबा पंचलाल महादेव मंदिर, अंटौर सं भेल। हाथ मे राष्ट्रीय ध्वज लेने राष्ट्रभक्तिक नाराक संग निकलल यात्रा बेनीपुर होइत आशापुर टावर धरि पहुंचल। पूरा बाट भारत माता की जय आ वंदे मातरम्क नारा सं वातावरण राष्ट्रभक्तिक भावना सं ओतप्रोत रहल। कार्यक्रम मे भाजपा प्रदेश उपाध्यक्ष पवन जायसवाल, प्रदेश सह कोषाध्यक्ष अंकुर गुप्ता आ अजय शेखर विशेष रूप सं उपस्थित छलाह। तिरंगा यात्राक अध्यक्षता दरभंगा पूर्वी जिला भाजपा अध्यक्ष विनय कुमार पासवान कयलनि। एहि अवसर पर प्रदेश उपाध्यक्ष पवन जायसवाल कहलनि जे तिरंगा यात्रा आब मात्र एकटा कार्यक्रम नहि रहल, बल्कि ई देशभक्ति आ राष्ट्रीय चेतनाक जन-अभियान बनि गेल अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे देश मे राष्ट्रभक्तिक




भावना कें नव ऊर्जा भेटल अछि। आइ प्रत्येक वर्गक नागरिक राष्ट्रीय ध्वजक प्रति सम्मान आ गौरवक भावना सं जुड़ि रहल अछि। तिरंगा हमरा सभ कें अपन कर्तव्यक स्मरण करबैत राष्ट्रहित कें सर्वोपरि रखबाक प्रेरणा दैत अछि। प्रदेश सह कोषाध्यक्ष अंकुर गुप्ता कहलनि जे तिरंगा यात्रा राष्ट्रक प्रति सम्मान, समर्पण आ गौरवक प्रतीक अछि। जिला भाजपा अध्यक्ष विनय कुमार पासवान कहलनि जे तिरंगा देशक एकता, अखंडता, स्वाभिमान आ गौरवक प्रतीक अछि। तिरंगा यात्राक माध्यम सं युवा आ आम नागरिक सभ मे राष्ट्रभक्तिक भावना कें मजबूत करबाक तथा देशक प्रति जिम्मेदारी आ कर्तव्यक भाव जागृत करबाक प्रयास कयल गेल अछि। जिला भाजपा महामंत्री संजय सिंह पप्पू सिंह कहलनि जे हर हाथ तिरंगा, हर दिल देशक नामक संदेशक संग निकलल ई यात्रा देशक प्रति सम्मान, समर्पण आ गौरवक भावनाक प्रतीक अछि। ओ कहलनि जे तिरंगाक आन, बान आ शान लेल देशक वीर जवान आ स्वतंत्रता सेनानी सभ अपन सर्वस्व न्योछावर कयने छथि। आइ हमर सभक जिम्मेदारी अछि जे राष्ट्रीय ध्वजक सम्मान आ राष्ट्रक एकताक संकल्प कें आगू बढ़ाबी। ओ यात्रा कें सफल बनयबाक लेल सहभागी सभ कार्यकर्ता, युवा आ स्थानीय नागरिक सभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। एहि अवसर पर भाजपा जिला महामंत्री शत्रुघ्न सहनी, सुधा देवी, सरिता देवी, ममता देवी, संतोष झा, सोनू ठाकुर, नीरज कर्ण, लाल मुखिया, ब्रजेश झा, सुधीर सिंह, चंदन ठाकुर, रणधीर सिंह, युवा मोर्चा जिलाध्यक्ष नीरज चौधरी, तृप्ति यादव सहित हजारक संख्या मे भाजपा कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# 9 सूत्री मांग लए कए खेग्रामसक दू दिवसीय सत्याग्रह आंदोलन शुरू

**सैकड़ो गरीब-मजदूर भेलाह शामिल**




**बेनीपट्टी, समदिया**

गरीब, भूमिहीन, ग्रामीण मजदूर, किसान आ वंचित परिवारक अधिकार कें लए कए अखिल भारतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर सभा (खेग्रामस) केर राज्यव्यापी आह्वान पर 13 अगस्त 2026 कें प्रखंड-सह-अंचलकार्यालय, कलुआहीक समक्ष एकदिवसीय सत्याग्रह आयोजित कएल गेल। सत्याग्रह मे पैघ संख्या मे ग्रामीण गरीब, मजदूर, किसान, महिला आ युवा शामिल भेलाह। कार्यक्रमक अध्यक्षता राजा जी, अठामनी देवी आ रंजू देवी कएलनि। आंदोलनकारी सभ गरीब कें उजाड़ल जाय, राशन सं नाम काटल जाय, रोजगार आ मजदूरीक संकट तथा जमीन, आवास, पेंशन आ शिक्षा सं जुड़ल सवाल कें जोरदार ढंग सं उठौलनि। सत्याग्रह कें संबोधित करैत भाकपा माले नेता कर्नल लक्ष्मेश्वर मिश्रा जी कहलनि जे गरीब कें उजाड़ि कए विकासक मॉडल स्वीकार नहि कएल जा सकैत अछि। जमीन, आवास, राशन, रोजगार आ शिक्षा गरीबक अधिकार अछि, कोनो खैरात नहि। सरकार गरीबक अधिकार सुनिश्चित करबाक बदला हुनका सभ कें जमीन आ घर सं बेदखल करबाक नीति पर आगू बढ़त तं एहि विरुद्ध संघर्ष आरो तेज कएल जायत। माले युवा नेता मयंक कुमार कहलनि जे भूमिहीन गरीब परिवार कें अभियान बसेरा योजनाक अंतर्गत 5डिसमिल जमीन, वर्ष सं बसल गरीब परिवार कें बासगीत पर्चा तथा पर्चाधारी सभ कें हुनकर जमीन पर दखल-कब्जा दिअब प्रशासनक जिम्मेदारी अछि। गरीब कें बिना वैकल्पिक व्यवस्था केने उजाड़ब कोनो परिस्थिति मे स्वीकार नहि कएल जायत।

### खेग्रामसक प्रमुख मांग

- राशन सूची सं गरीबक नाम काटबाक निर्णय वापस लेल जाय आ सभ पात्र परिवार कें राशन कार्ड देल जाय।
- गरीब परिवार कें कुपोषण सं बचाबय लेल बिहार सरकार अपन बजट सं दाल उपलब्ध कराबय।
- मनरेगा कें कमजोर करयवला नीति पर रोक लगा कए काम आ उचित मजदूरीक गारंटी देल जाय।
- अकुशल ग्रामीण मजदूर लेल प्रतिदिन 700 रुपैयाक न्यूनतम मजदूरी घोषित कएल जाय।
- प्रवासी मजदूरक सुरक्षा, सम्मान आ रोजगारक गारंटी लेल प्रभावी कानून बनाओल जाय।
- गरीब मजदूर आ किसान सं पानि, सफाई आ होल्डिंग टैक्सक वसूली बंद कएल जाय।
- सभ वृद्ध, दिव्यांग आ विधवा लाभुक कें 3 हजार रुपैया मासिक पेंशन देल जाय।
- शिक्षाक निजीकरण पर रोक लगा कए सरकारी विद्यालय कें नीक संसाधन आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षा सं विकसित कएल जाय।
- अति पिछड़ा जातिक सुरक्षा आ सम्मान लेल प्रभावी कानून बनाओल जाय।
- सभ पर्चाधारी कें हुनकर पर्चा वाली जमीन पर तत्काल दखल-कब्जा देल जाय।
- गरीब कें उजाड़बाक पहिने हुनका बसाबयक प्रक्रिया अनिवार्य रूप सं सुनिश्चित कएल जाय।
- सभ भूमिहीन गरीब परिवार कें अभियान बसेरा योजनाक अंतर्गत 5 डिसमिल सरकारी जमीन उपलब्ध कराओल जाय।
- वर्ष सं सरकारी एवं गैर-मजरुआ जमीन पर बसल गरीब परिवार कें तत्काल बासगीत पर्चा देल जाय।
- गरीबक जमीन आ आवासक अधिकारक कानूनी सुरक्षा सुनिश्चित कएल जाय तथा जबरन बेदखली पर रोक लगाओल जाय।

सत्याग्रहक दौरान आंदोलनकारी सभ सरकार आ प्रशासन सं मांग कएलनि जे गरीबक समस्या सभक तत्काल समाधान कएल जाय आ हुनकर जमीन, आवास, रोजगार, राशन तथा सामाजिक सुरक्षा सं जुड़ल अधिकार सुनिश्चित कएल जाय। कार्यक्रम मे पैघ संख्या मे ग्रामीण गरीबक सहभागिता सं ई स्पष्ट भेल जे कलुआही मे गरीबक अधिकारक लड़ाई आब आरो व्यापक होयत। वक्ता सभ कहलनि जे मांग पर ठोस कारबाइ नहि भेल तं आंदोलन कें आगू आरो तेज कएल जायत।

## स्वतंत्रता दिवसक लेल प्रशासनिक तैयारी पूरा, काल्हि होयत झंडोत्तोलन



**बिस्फी, समदिया**

बिस्फी प्रखंड सह अंचल कार्यालय परिसर मे स्वतंत्रता दिवस 2026 समारोहक सभ प्रशासनिक तैयारी पूरा कए लेल गेल अछि। प्रखंडक सभ सरकारी कार्यालय आ संस्थान मे ध्वजारोहणक समय सेहो निर्धारितकए देल गेल अछि। ई जानकारी प्रखंड विकास पदाधिकारी बसंत कुमार सिंह देलनि। निर्धारित कार्यक्रमकअनुसार सभ सं पहिने प्रखंड सह अंचल कार्यालय परिसर मे भोर 8:30 बजे राष्ट्रीय ध्वजारोहण कएलजायत। तकर बाद भोर 8:55 बजे सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र, 9 बजे प्रखंड पशुपालन कार्यालय, 9:05 बजे बीआरसी भवन कार्यालय, 9:10 बजे कस्तूरबा आवासीय बालिका विद्यालय, 9:20 बजे बाल विकास परियोजना कार्यालय आ 9:40 बजे बिस्फी थाना परिसर मे झंडोत्तोलन कएल जायत। एहि क्रम मे 10:10 बजे औसी थाना परिसर आ 10:40 बजे पतौना थाना परिसर मे झंडोत्तोलनक कार्यक्रम निर्धारित कएलगेल अछि। बीडीओ कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस पूरा उत्साह आ गरिमाक संग मनाओल जायत। एहि अवसर पर सभ विभागक पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि आ कर्मी सक्रिय रूप सं शामिल होयताह। संगहि आम लोकक सहभागिता सेहो सुनिश्चित कएल जायत, जाहि सं राष्ट्रीय पर्व कें सामूहिक रूप सं मनाओल जा सकय।

## झंझारपुर अनुमंडल प्रशासन निकाललक तिरंगा यात्रा

**झंझारपुर, समदिया**



स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत बृहस्पति कें अनुमंडल प्रशासन द्वारा शहर मे भव्य तिरंगा यात्रा निकालल गेल। ई तिरंगा यात्रा झंझारपुरक एसडीएम टोनी कुमारीक अध्यक्षता मे निकालल गेल। तिरंगा यात्रा मे झंझारपुरक स्कूल-कॉलेजक छात्र-छात्रा, शिक्षक, जनप्रतिनिधि, पदाधिकारी- कर्मी आ मेरा युवा भारतक राष्ट्रीय युवा स्वयंसेवक शामिल भेलाह। हाथ मे तिरंगा लेने अनुमंडल प्रशासन सं लए कए बच्चा आ युवा सभक उत्साह देखैत बनैत छल। तिरंगा यात्रा प्रखंड कार्यालय सं शुरू भएलंगड़ा चौक स्थित बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकर स्मारक धरि पहुंचल, जतय यात्रा संपन्न भेल। समापनक बाद सभ लोक सामूहिक रूप सं वंदे मातरम्क गायन कएलनि। एसडीएम टोनी कुमारी कहलनि जे तिरंगा यात्रा झंझारपुरक सामूहिक देशभक्ति आ राष्ट्रीय एकताक उत्सव अछि। ओ लोक सभ सं हर घर तिरंगा अभियान कें जन-जनक अभियान बनेबाक, अपन-अपन घर पर सम्मानपूर्वक तिरंगा फहराबय आ राष्ट्रक प्रगति, स्वच्छता आ नशामुक्त समाजक निर्माण मे अपन सहभागिता देबाक अपील कएलनि।एहि दौरान एसडीएम टोनी कुमारी आ एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा देशक एकता-अखंडताक संदेशदेलनि। कार्यक्रम मे उक्त पदाधिकारी सभक अतिरिक्त झंझारपुर बीडीओ पंकज कुमार दीक्षित, झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह, सीओ प्रशांत कुमार झा, केजरीवाल प्लस टू उच्च विद्यालयक एचएम विनयकुमार झा सहित कतेको पदाधिकारी, छात्र-छात्रा आ स्थानीय लोक शामिल भेलाह।

## आरटीआई एक्टिविस्ट अधिवक्ता पर लगौलनि प्रताड़नाक आरोप

**मधुबनी, समदिया**

शहरक प्रतिष्ठित सामाजिक कार्यकर्ता आ आरटीआई एक्टिविस्ट वीरेंद्र निधि मधुबनी वार एसोसिएशन मे आवेदन दए एकटा अधिवक्ता पर हुनका आ हुनकर पुत्र कें गलत ढंग सं पोस्को एक्टक अंतर्गत परिवाद मे फंसबाक आरोप लगौलनि अछि। एहि संबंध मे आरटीआई एक्टिविस्ट वीरेंद्र निधि जिला अधिवक्तासंघ, व्यवहार न्यायालय मधुबनीक अध्यक्ष आ महासचिव कें लिखित आवेदन दए मामिलाक जांचकरबाक, अधिवक्ताक सदस्यता समाप्त करबाक आ हुनकर विरुद्ध अनुशासनात्मक कारबाइ करबाक मांग कएलनि अछि। वीरेंद्र निधिक कहब अछि जे ओ करीब 25 वर्ष सं मधुबनी शहर मे अतिक्रमित सड़क, नाला, पार्क, पुस्तकालय आ पोखरि सभक संरक्षण लेल सक्रिय रूप सं काज करैत रहल छथि। एहि संबंध मे ओ पटना उच्च न्यायालय मे वाद सेहो दायर कए चुकल छथि। सामाजिक काजक कारण किछु लोक कें परेशानी होइत अछि आ ओ सभ हुनका आ हुनकर परिवार कें अकारण विवाद आ मुकदमा मे फंसबयक प्रयासकरैत छथि। हुनकर आरोप अछि जे दुर्भावना सं प्रेरित भए कोनो मित्र अथवा स्वयं अधिवक्ताक मंत्रणा संसीआर केस नंबर 6/2026, हुस्न बानो बनाम मोहम्मद आसिफ मास्टर एवं अन्य, अपर जिला एवं सत्र न्यायाधीश सह विशेष न्यायाधीश, पोस्को एक्टक न्यायालय मे दायर कएल गेल। एहि मामिला मे परिवादिनी कें जानकारी देनहि हुनका आ हुनकर एकमात्र इंजीनियर पुत्र अभिषेक कुमार निधिक नाम सेहो पोस्को एक्टक अंतर्गत दर्ज कए देल गेल। वीरेंद्र निधिक अनुसार हुनकर पुत्र अभिषेक कुमार निधि पछिला 10 वर्ष सं नोएडा मे रहैत छथि। मामिलाक जानकारी भेटलाक बाद परिवादिनी न्यायालय मे शपथपत्र आ आवेदन दए स्पष्ट कएलनि जे अधिवक्ताक द्वारा ओ जानकारी देने बिना निजी कारण सं वीरेंद्र निधि आ हुनकर पुत्र अभिषेक कुमार निधिक नाम परिवाद मे जोड़ल गेल अछि। परिवादिनी दुनू व्यक्तिक नाम उक्त वाद सं हटेबाक आग्रह कएलनि। वीरेंद्र निधि कहलनि जे जखन अधिवक्ता कें एहि बातक जानकारीभेलनि तखन परिवादिनी सं पूरा केस वापस लेबाक आवेदन सेहो दियाओल गेल। हुनकर आरोप अछि जे अधिवक्ताक एहि कारबाइ सं कानूनी प्रावधानक उल्लंघनक संग हुनकर सामाजिक प्रतिष्ठा कें सेहो क्षति पहुंचल अछि। आरटीआई एक्टिविस्ट अधिवक्ता पर अधिनियमक प्रावधानक उल्लंघनक आरोप लगबैत हुनकर अनुज्ञप्ति रद्द करबाक मांग कएलनि। ओ कहलनि जे एहि तरहक कारबाइ पर रोक लगेनाइ जरूरी अछि, जाहि सं अधिवक्ता संघ आ अधिवक्तागण पर आम लोकक आस्था आ विश्वास कायम रहि सकय।

## सतबेटा टेंगारी सं कएलक हमला, सतमाय गंभीर रूप सं घायल

**माथ पर भेल गहिर चोट, मधुबनी सदर अस्पताल रेफर**

**झंझारपुर, समदिया**



झंझारपुर थाना क्षेत्रक सिमरा गाम मे बृहस्पति कें पारिवारिक विवाद खूनी संघर्ष मे बदलि गेल। एहि दौरान एकटा सत बेटा टेंगारी सं हमला कए अपन सत माय कें गंभीर रूप सं घायल कए देलक। घायलमहिलाक पहचान झंझारपुर थाना क्षेत्रक सिमरा गाम निवासी आनंद झाक 33 वर्षीय पत्नी पूजा देवीक रूप मे भेल अछि। पीड़िताक पति आनंद झा कहलनि जे आरोपी बेटा बिना कोनो कारण घर पर आबि गेलआ मारपीट करय लागल। एहि क्रम मे ओ टेंगारी सं पूजा देवीक माथ पर हमला कए देलक, जाहि सं हुनकर माथ मे गहिर चोट भए गेल। आनंद झाक आरोप अछि जे आसपासक किछु लोक ओकरा उकसा कए एहि घटना कें अंजाम देबाक लेल प्रेरित कएलक। परिजन सभ आनन-फानन मे घायल पूजा देवी केंझंझारपुर अनुमंडलीय अस्पताल मे भर्ती करौलनि। ओतय चिकित्सक सभ हुनकर प्राथमिक उपचारकएलनि। इलाज करैत चिकित्सक डॉ. निशांत कुमार झा कहलनि जे प्राथमिक उपचारक बाद महिलाक गंभीर स्थिति कें देखैत नीक इलाज लेल मधुबनी सदर अस्पताल रेफर कए देल गेल अछि। चिकित्सकक अनुसार महिलाक माथ पर गहिर कट लगल अछि। एहि संबंध मे झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंहकहलनि जे घायल महिलाक पति आनंद झाक द्वारा थाना मे लिखित आवेदन देल गेल अछि। आवेदनक आधार पर प्राथमिकी दर्ज कए आगांक कारबाइ कएल जा रहल अछि।

## झारखंड मे छात्र सभ पर भेल लाठीचार्जक जवाब दे विपक्ष : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

**नई दिल्ली/ दरभंगा, समदिया**

**संसद भवन परिसर मे प्रदर्शन मे शामिल भेलाह भाजपा सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर**



संसदक मानसून सत्रक आखरी दिन बृहस्पति कें संसद भवनक मकर द्वार पर भाजपा सांसद सभक संग सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर झारखंडक रांची मे छात्र सभक संग भेल अन्यायक विरोध मे जोरदार प्रदर्शन मे शामिल भेलाह। एहि दौरान ओ कांग्रेस सहित विपक्षी दल सभक छात्र विरोधी रवैयाक जमि कए आलोचना कएलनि। प्रदर्शनक दौरान सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे भाजपा छात्र सभक अधिकार, रोजगार आ न्याय लेल चलि रहल लड़ाई मे मजबूती सं हुनका सभक संग ठाढ़ अछि। सांसद डॉ. ठाकुर राहुल गांधी सहित कांग्रेस आ विपक्षी दल सभक झारखंडक छात्र आंदोलनक मुद्दा पर दोहरी नीतिक आलोचना करैत कहलनि जे झारखंडक छात्र सभ पर निर्दयतापूर्वक लाठी बरसाओल गेल, तैयो हेमंत सोरेनक सरकार मे कांग्रेसक शामिल रहब आ समर्थन करब ई साबित करैत अछि जेसत्ताक मोह मे राहुल गांधीक संवेदना समाप्त भए गेल अछि।सांसद डॉ. ठाकुर झारखंड मे छात्र सभक संग भेल बर्बरताक घटना कें युवा शक्तिक लोकतांत्रिक अधिकार पर प्रहार बतबैत कहलनि जे जिनका युवा सभक भविष्यक चिंता करबाक चाही, हुनकर आवाज कें लाठीकबल पर दबेनाइ कतहु सं उचित नहि अछि। सांसद डॉ. ठाकुर राहुल गांधी कें नसीहत दैत कहलनि जे राहुल गांधी गृह मंत्री अमित शाह सं जवाब मांगैत छथि, मुदा जखन सदन मे जवाब सुनबाक अवसर अबैत अछि तखन स्वयं सदन मे उपस्थित नहि रहैत छथि। हुनका बुझबाक चाही जे राजनीति मात्र आरोप सं नहि, बल्कि सदन मे संवाद आ जवाबदेही सं चलैत अछि।

## स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर होमयबला परेडक पूर्वाभ्यासक एसडीएम लेलनि जायजा

**बेनीपट्टी, समदिया**

**परेड मे स्काउट-गाइड, स्कूली बच्चा आ पुलिस जवान होयताह शामिल**



मुख्यालयक कटैया रोड स्थित लीलाधर प्लस टू उच्च विद्यालय परिसर मे स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर स्काउट एंड गाइड, स्कूली बच्चा आ पुलिस जवान सभ द्वारा कएल जा रहल परेडक पूर्वाभ्यासक बृहस्पति कें एसडीएम शारंग पाणि पांडेय निरीक्षण कएलनि आ कतेको आवश्यक निर्देश देलनि। एहि क्रम मे ओ प्लाटून मे बांटल गेल परेडक पूर्वाभ्यासक जायजा लेलनि। एहि मे स्काउट, गाइड, बैंड, प्रशासन आ स्कूली बच्चा सभ शामिल छलाह। एकर अतिरिक्त एसडीएम विद्यालय परिसर मे बनल स्थायी मंच आ परिसरक साफ-सफाईक सेहो निरीक्षण कएलनि आ जरूरी निर्देश देलनि। बता दी जे प्रत्येक वर्षक भांति एहि बेर सेहो स्वतंत्रता दिवसक दिन लीलाधर प्लस टू उच्च विद्यालय परिसर मे एसडीएम द्वारासार्वजनिक झंडोत्तोलन कएल जायत। झंडोत्तोलन सं पहिने झांकीक निरीक्षण आ परेड विश्राम, झंडोत्तोलनक बाद राष्ट्रगान, झंडा गीत, सामूहिक गान, समीक्षा, भाषण आ धन्यवाद ज्ञापनक कार्यक्रम होयत। मौका पर सर्किल इंस्पेक्टर अखिलेश कुमार, ईओ गौतम आनंद, बीईओ मधुकर कुमार, एसएचओ इंस्पेक्टर अनूप कुमार, एसआई अशोक कुमार, शिक्षक ललित कुमार ठाकुर, अनिल कुमार साफी, सुजीत कुमार आ मो. हारून सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

## मधुबनी मे बिजली व्यवस्था होयत आरो मजबूत

**मधुबनी, समदिया**

**डीएम विद्युत पदाधिकारी सभक संग कएलनि समीक्षा**



जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा जिला मे बढ़ैत विद्युत मांग आ शहरी क्षेत्रक विद्युत आपूर्ति व्यवस्था कें लए कए विद्युत कार्यपालक अभियंता संग समीक्षा बैसार कएलनि। बैसार मे विद्युत लोडक वर्तमान स्थिति, आपूर्ति व्यवस्था कें मजबूत करबाक लेल चलि रहल कार्य आ नव पावर सब-स्टेशनक निर्माणक प्रगतिक विस्तार सं समीक्षा कएल गेल। बैसार मे बताओल गेल जे जिला मे भए रहल विकास कार्यक कारण विद्युतक मांग लगातार बढ़ि रहल अछि। पछिला वर्षक तुलना मे एहि वर्ष शहरी क्षेत्र मे करीब 4 मेगावाट बेसी विद्युत खपत भए रहल अछि। मधुबनी विद्युत आपूर्ति प्रमंडल मे विद्युत इनपुट सेहो लगातार बढ़ल अछि। अप्रैल 2026 मे 4.02 करोड़ यूनिट, मई मे 4.48 करोड़ यूनिट, जून मे 5.51 करोड़यूनिट आ जुलाई 2026 मे 6.13 करोड़ यूनिट विद्युत इनपुट दर्ज कएल गेल। शहरी क्षेत्र मे विद्युत लोडजुलाई 2025 मे 17 मेगावाट छल, जे जुलाई 2026 मे बढ़ि कए 21 मेगावाट आ अगस्त 2026 मे 21.6मेगावाट भए गेल अछि। वर्तमान मे पीएसएसक क्षमता 27 मेगावाट अछि आ एहि पर करीब 80 प्रतिशत लोड अछि। बढ़ैत लोड कें देखैत विद्युत आपूर्ति व्यवस्था कें मजबूत करबाक लेल 10 एमवीए क्षमताकएकटा पावर ट्रांसफॉर्मर स्थापित कएल जा चुकल अछि, जाहि कें एक सप्ताहक भीतर चालू करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एहि अतिरिक्त शहरी क्षेत्रक पीएसएस कें एकटा अतिरिक्त 33 केवी लाइन सं जोड़ल गेल अछि। एहि सं मधुबनी जीएसएस आ पंडौल जीएसएस सं दूटा मार्गक माध्यम सं विद्युत आपूर्ति कएल जा सकत। विद्युत कार्यपालक अभियंता, मधुबनी मो. अरमान कहलनि जे जिला पदाधिकारीक प्रयास सं मधुबनी शहरी क्षेत्र मे चारिटा नव विद्युत शक्ति उपकेंद्र (पीएसएस)क निर्माण लेल चारि ठाम निःशुल्क जमीन उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि उपकेंद्र सभक निर्माण कार्य शुरू भए चुकल अछि। ओकहलनि जे बसुआड़ा, मेडिकल कॉलेज, लहेरियागंज आ अहमद मे प्रस्तावित नव पीएसएस सं क्रमशः करीब 8 हजार, 9 हजार, 8 हजार आ 7 हजार उपभोक्ता कें सीधे लाभ भेटबाक संभावना अछि। संबंधित एजेंसी सभ द्वारा निर्माण कार्य शुरू कए देल गेल अछि आ निर्धारित समय मे कार्य पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा विद्युत कार्यपालक अभियंता कें सभ निर्माणाधीन आ प्रस्तावित कार्य कें निर्धारित समय-सीमा मे पूरा कराबय तथा विद्युत आपूर्ति व्यवस्था कें आरो नीक बनाबयक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे बढ़ैत विद्युत मांगक अनुरूप विद्युत आधारभूत संरचनाक विस्तार आवश्यक अछि। नव पीएसएस, अतिरिक्त 33 केवी लाइन आ 10 एमवीए ट्रांसफॉर्मरक माध्यम सं शहरी क्षेत्र मे विद्युत आपूर्तिक क्षमता आ विश्वसनीयता बढ़त। ओ कहलनि जे शहरी क्षेत्रक चारू दिशा मे नव पीएसएस विकसित कएल जाय सं बेसी सं बेसी उपभोक्ता कें लाभ भेटत आ स्थानीय स्तर पर विद्युत सं जुड़ल छोट-छोट समस्या केर त्वरित समाधान सुनिश्चित कएल जा सकत। बैसार मे विद्युत विभागक संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

## मखानक खेती कें भेटत कारोबारक रंग, किसान सभ कें उद्यमिताक प्रशिक्षण

**मधुबनी, समदिया**

मखान उत्पादन कें प्रसंस्करण, मूल्य संवर्धन आ विपणन सं जोड़ि किसान एकरा लाभकारी व्यवसायक रूप मे विकसित कए सकैत छथि। एहि उद्देश्य सं डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय, पूसाक अधीनक्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र, झंझारपुर द्वारा लखनौर गाम मे 'मखान उत्पादन एवं उद्यमिता विकास' विषय पर एकदिवसीय कृषक प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि मे 50 सं बेसी किसान शामिल भेलाह। ई प्रशिक्षण श्रृंखलाक पांचम चरण छल। एखन धरि विभिन्न गामक 250 सं बेसी किसान कें मखानक वैज्ञानिक खेती, आधुनिक उत्पादन तकनीक आ उद्यमिता विकासक प्रशिक्षण देल जा चुकल अछि। प्रशिक्षणक दौरान डॉ. संजय कुमार, डॉ. सुनील कुमार मंडल, आशीष राय आ धीरेंद्र कुमार किसान सभ केंखेत आ जलाशयक तैयारी, पौध स्थापना, पोषक तत्व आ जल प्रबंधन, खर-पतवार नियंत्रण तथा कीट आरोग प्रबंधनक जानकारी देलनि। विशेषज्ञ सभ किसान कें मखानक प्रसंस्करण, ग्रेडिंग, पैकेजिंग, ब्रांडिंग आ मूल्य संवर्धन अपनाबय लेल प्रेरित कएलनि, जाहि सं मखानक नीक मूल्य भेटि सकय आ स्थानीय स्तर पर रोजगारक अवसर सेहो विकसित भए सकय। किसान सभक समस्या आ जिज्ञासाक वैज्ञानिक आ व्यावहारिक समाधान सेहो देल गेल। कार्यक्रम धीरेंद्र कुमार, तकनीकी पदाधिकारीक देखरेख मे संपन्न भेल। संचालन डॉ. संजय कुमार कएलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन आशीष राय कएलनि। समापन परवैज्ञानिक सभ किसान सभ सं आधुनिक तकनीक आ उद्यमिता अपनाकऽ मखान कें खेती सं व्यवसाय आ व्यवसाय सं समृद्धिक माध्यम बनेबाक आह्वान कएलनि।

# पंचायत समिति बैसार मे जनसमस्याक लेल सदस्य सभ जतौलनि रोष

## मनरेगा सड़क, स्वास्थ्य, शिक्षा, आंगनबाड़ी आ नल-जल योजनाक मुद्दा उठल

**सिमरी बख्तियारपुर, सहरसा/समदिया**

सिमरी बख्तियारपुर प्रखंड मुख्यालय स्थित सभागार मे बृहस्पति कें प्रखंड पंचायत समितिक बैसार आयोजित कएल गेल। अध्यक्षता प्रखंड प्रमुख शबनम कुमारी कएलनि, जखन कि संचालन बीडीओ मोहन कुमार सिंह कएलनि। बैसार मे विभिन्न पंचायत सं जुड़ल जनसमस्या संग स्वास्थ्य, शिक्षा, नल-जल, मनरेगा आ प्रशासनिक स्तर पर कएल जा रहल कथित उदासीनताक मुद्दा प्रमुखता सं उठल। सदस्य सभ कतेको मामिला मे रोष जतबैत तत्काल कारबाइक मांग कएलनि। रायपुरा पंचायतक पंचायत समिति सदस्य अरविंद सिंह कुशवाहा अंचलाधिकारीक कार्यशैली पर




रोष जतौलनि। ओ जनप्रतिनिधि सभक समस्या कें गंभीरतापूर्वक लेबाक आ अधिकारी तथा पंचायत प्रतिनिधि सभक बीच नीक समन्वय बनयबाक मांग कएलनि। कांठो पंचायतक पंसस परितोष कुमार सिंह मनरेगा योजनाक अंतर्गत बनल सड़क कें दबंग सभ द्वारा उखाड़ि कए क्षतिग्रस्त करबाक मामिला उठौलनि। ओ दोषी सभ पर कारबाइकरबाक आ सड़कक मरम्मत कराबयक मांग कएलनि। सोनपुरा पंचायतक पंसस राजेश कुमार सादाप्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र मे प्रसव आ आपातकालीन सेवा शुरू नहि होयबाक मुद्दा उठौलनि। ओ कहलनि जे करोड़ो रुपैयाक लागत सं भवन बनलाक बावजूद लोक कें एहि सेवा सभक लाभ नहि भेटि रहल अछि। विद्यालय मे कोठलीक कमीक मुद्दा सिटानाबाद दक्षिणीक वार्ड संख्या 10 स्थित उत्क्रमित मध्य विद्यालय मे करीब 450 बच्चा लेल मात्र दूटा कमरा रहबाक मामिला सामने आयल। सकरौली मध्य विद्यालय मे सेहो कमरा कमी होयबाक बात कहल गेल। सदस्य सभ अतिरिक्त भवन निर्माण कराबयक मांग कएलनि।नल-जल योजना मे लापरवाही पर रोष सिटानाबाद दक्षिणी मे एकटा वार्ड मे दूटा आंगनबाड़ी केंद्र आ दोसर वार्ड मे एकोटा आंगनबाड़ी केंद्र नहिहोयबाक मुद्दा उठल। सोनपुरा पंचायत मे 13 मे सं मात्र पांचटा वार्ड मे नल-जल योजनाक पाइप बिछाओल गेल अछि। एहि पर सेहो सदस्य सभ रोष जतौलनि आ सभ वार्ड मे योजना पूरा करबाक मांग कएलनि। बैसार मे कार्यक्रम पदाधिकारी भोला दास, अंचलाधिकारी नवीन कुमार, बीपीआरओ, डॉ. आशीष कुमार, उप प्रमुख धर्मेंद्र राय सहित कतेको पंचायत प्रतिनिधि आ पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# स्वतंत्रता दिवस समारोह कें लए कए फुल ड्रेस रिहर्सल आयोजित

## डीएम आ एसपीक उपस्थिति मे परेड, झंडोत्तोलन कार्यक्रमक कएल गेल पूर्वाभ्यास

**सहरसा, समदिया**



15 अगस्त 2026 कें स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर आयोजित होयबला जिला स्तरीय मुख्य समारोहक तैयारी कें लए कए बृहस्पति कें स्थानीय स्टेडियम मे फुल ड्रेस रिहर्सल आयोजित कएल गेल।जिलाधिकारी दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक मौजूदगी मे भेल रिहर्सलक दौरानसमारोहक सभ निर्धारित कार्यक्रमक क्रमवार पूर्वाभ्यास कएल गेल। परेड मे शामिल टुकड़ी सभ निर्धारित अनुशासन आ स्वरूपक अनुरूप मार्च-पास्टक पूर्वाभ्यास कएलनि। राष्ट्रीय ध्वज फहराबय, सलामी सहित अन्य कार्यक्रमक तैयारीक सेहो पदाधिकारी सभ बारीकी सं निरीक्षण कएलनि। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें समारोह कें सफल, गरिमापूर्ण आ व्यवस्थित ढंग सं आयोजित करबाक लेल आवश्यक निर्देश देलनि। ओ समारोह स्थल पर साफ-सफाई, सुरक्षा, यातायात प्रबंधन, पेयजल, विद्युत व्यवस्था आअतिथि सभक बैसबाक समुचित व्यवस्था सहित सभ तैयारी समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। पुलिसअधीक्षक सुरक्षा आ यातायात व्यवस्थाक संबंध मे पुलिस पदाधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देशदेलनि। पदाधिकारी सभ कहलनि जे समारोह मे आम लोक आ विशिष्ट अतिथि सभक सुविधा आ सुरक्षा सर्वोच्च प्राथमिकता रहत। जिला प्रशासनक अनुसार स्वतंत्रता दिवस समारोहक सभ आवश्यक तैयारी आखरी चरण मे अछि। फुल ड्रेस रिहर्सलक माध्यम सं कार्यक्रम कें निर्धारित समय आ प्रोटोकॉलक अनुरूप संपन्न करबाक तैयारी कें आखरी रूप देल गेल

# पुस्तकालय विज्ञानक जनक डॉ. रंगनाथनक मनाओल गेल जयंती

## पठन-पाठनक संस्कृति कें बढ़ावा देबाक देल गेल जोर

**सहरसा, समदिया**

स्थानीय सुपर बाजार स्थित प्रमंडलीय पुस्तकालय मे भारत मे पुस्तकालय विज्ञानक जनक डॉ. एस.आर. रंगनाथनक जयंती हर्षोल्लास आ श्रद्धापूर्वक मनाओल गेल। एहि अवसर पर पुस्तकालय परिसर मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कएल गेल, जाहि मे शिक्षाविद्, पुस्तकालयकर्मी, पाठक आ शहरक गणमान्य लोक शामिल भेलाह। कार्यक्रमक शुरुआत डॉ. एस.आर. रंगनाथनक चित्र पर माल्यार्पण आ पुष्पांजलि अर्पित कए कएल गेल। उपस्थित वक्ता सभ हुनकर जीवन, संघर्ष आ भारतीय पुस्तकालय व्यवस्थाक विकास मे हुनकर अतुलनीय योगदान कें स्मरण कएलनि। पुस्तकालयकर्मी विकास कुमार कहलनि जे डॉ. रंगनाथन देश मे पुस्तकालयक विकासक मजबूत नींव रखलनि। हुनका द्वारा प्रतिपादित पुस्तकालय विज्ञानक पांच नियम आइयो पुस्तकालय व्यवस्थाक लेल मार्गदर्शक अछि आ ज्ञानक प्रसार मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि। मुख्तार आलम



प्रमंडलीय पुस्तकालयक महत्व पर प्रकाश दैत युवा सभ सं पुस्तकालय संजुड़य तथा नियमित पठन-पाठनक संस्कृतिएं बढ़ावा देबाक अपील कएलनि। कार्यक्रमक दौरान पाठक आछात्र-छात्रा लेल पुस्तक पठन आ ज्ञानवर्धक चर्चा सेहो आयोजित कएल गेल। पाठक सभ कहलनि जे पूर्वमे पुस्तकालयाध्यक्ष राजेश कुमार आ राजीव कुमारक कार्यकाल मे पुस्तकालय मे पाठक सभक बीच बहुत उत्साह देखाइत छल। वर्तमान व्यवस्था मे ओहि उत्साह मे कमी महसूस भए रहल अछि। सूत्रक अनुसारपुस्तकालय मे तैनात कर्मीक नियमित रूप सं उपलब्ध नहि रहबाक कारण पाठक सभ कें अपेक्षित सहयोग नहि भेटि पबैत अछि। पाठक सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी सं सक्षम आ योग्य पुस्तकालय शिक्षकक प्रतिनियुक्ति करबाक मांग कएलनि, जाहि सं प्रमंडलीय पुस्तकालय मे पठन-पाठनक वातावरणआरो नीक भए सकय। समारोहक समापन पुस्तकालयक विकास तथा एकरा आधुनिक संसाधन सं सुसज्जित करबाक संकल्पक संग भेल। मौका पर पुस्तकालयाध्यक्ष कुमारी विनीता, पुस्तकालयकर्मी जयनारायण पौद्दार सहित पैघ संख्या मे पाठक आ शहरक गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

# हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत निकलल भव्य तिरंगा यात्रा

## डीएम, एसपी सहित आम लोक हाथ मे तिरंगा लए देलनि राष्ट्र प्रेमक संदेश

**सहरसा, समदिया**

आजादीक अमृत महोत्सवक भावना कें जन-जन धरि पहुंचाबय तथा राष्ट्रीय ध्वजक प्रति सम्मान, गौरव आ देशभक्तिक भावना कें मजबूत करबाक उद्देश्य सं हर घर तिरंगा अभियान-2026 केर अंतर्गतबृहस्पति कें पूर्वाह्न 11:30 बजे मोहन साह विद्यालय, बरियाही सं भव्य तिरंगा यात्रा निकालल गेल।तिरंगा यात्राक नेतृत्व जिलाधिकारी दीपेश कुमार कएलनि। यात्रा मे पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग, नगर आयुक्त प्रभात झा, अपर समाहर्ता, अनुमंडल पदाधिकारी श्रीयांश तिवारी, जिला शिक्षा पदाधिकारी सहित जिला



प्रशासन आ पुलिस प्रशासनक कतेको वरीय पदाधिकारी आ कर्मी उत्साहपूर्वक शामिल भेलाह। सभ लोक हाथ मे राष्ट्रीय ध्वज लए यात्रा मे सहभागिता कएलनि आ आम लोक कें राष्ट्रीय एकता, अखंडता आ राष्ट्रप्रेमक संदेश देलनि। तिरंगा यात्राक दौरान बरियाही क्षेत्रक वातावरण देशभक्तिक भावना सं ओत- प्रोत रहल। पैघ संख्या मे स्थानीय लोक सभ यात्रा प्रति उत्साह आ सम्मान प्रकट कएलनि। यात्रा मे शामिल पदाधिकारी आ प्रतिभागी सभ नागरिक कें हर घर तिरंगा अभियान सं जुड़य तथा अपन घर आप्रतिष्ठान पर सम्मानपूर्वक राष्ट्रीय ध्वज फहराबय लेल प्रेरित कएलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी दीपेश कुमार कहलनि जे तिरंगा हमर राष्ट्रीय पहचान, गौरव, एकता आ अखंडताक प्रतीक अछि। ओ जिलावासी सभ सं हर घर तिरंगा अभियान-2026 मे बढ़ि-चढ़ि कए सहभागिता सुनिश्चित करबाक अपील कएलनि। जिला प्रशासनक दिस सं बताओल गेल जे अभियानक अंतर्गत विभिन्न जागरूकता आ सांस्कृतिक गतिविधिक माध्यम सं जनसहभागिता कें व्यापक रूप देल जा रहल अछि। तिरंगा यात्राकउद्देश्य नागरिक सभ मे राष्ट्रप्रेम, राष्ट्रीय कर्तव्य तथा देशक एकता आ अखंडताक प्रति जागरूकताक भावना कें आरो मजबूत करब अछि।

# एमएलएसएम कॉलेज मे भाषण प्रतियोगिता

## युवा सभ लोकतांत्रिक मूल्य पर रखलनि विचार

**दरभंगा, समदिया**

एमएलएसएम महाविद्यालय, दरभंगा मे राष्ट्रीय सेवा योजना इकाइक तत्वावधान मे युवा नेतृत्व, सामाजिक न्याय, राष्ट्रीय एकता आ लोकतांत्रिक मूल्यक भविष्य विषय पर भाषण प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। प्रतियोगिता मे महाविद्यालयक हिंदी, अर्थशास्त्र, भूगोल, राजनीति विज्ञान आ मनोविज्ञान विभागक दू दर्जन सं बेसी छात्र-छात्रा उत्साहपूर्वक भाग लेलनि आ विषयक विभिन्न पक्ष पर अपन विचार रखलनि। प्रधानाचार्य डॉ. शंभू कुमार यादव अध्यक्षीय संबोधन मे कहलनि जे युवा कोनो लोकतांत्रिक राष्ट्रक सभ सं महत्वपूर्ण शक्ति छथि। युवा सभ कें नेतृत्व क्षमता विकसित करबाक संग सामाजिक न्याय, राष्ट्रीय एकता आ लोकतांत्रिक मूल्यक प्रति सजग आ जवाबदेह बनबाक आवश्यकता अछि। ओ कहलनि जे लोकतंत्रक सफलता मात्र संस्था



सभ सं नहि, बल्कि जागरूक, संवेदनशील आ कर्तव्यनिष्ठ नागरिक सं सुनिश्चित होइत अछि। युवा सभ कें संविधानक मूल्य कें आत्मसात कए समाज मे समानता, सद्भाव आ न्यायक स्थापना मे सक्रिय भूमिका निभेबाक चाही। निर्णायक मंडल मे डॉ. नंदकिशोर झा, डॉ. अंजीत कुमार चौधरी, डॉ. अंजू नारायण, डॉ. कुमुद कुमारी, डॉ. नूर सबा आ डॉ. रंजन कुमार शामिलछलाह। प्रतिभागी सभक मूल्यांकन विषय-बोध, अभिव्यक्ति, तार्किकता, प्रस्तुतीकरण आ भाषण-कौशलक आधार पर कएल गेल। हिंदी विभागक छात्रा अनुपमा पंडित प्रथम, राजनीति विज्ञान विभागक छात्रा निधि कुमारी द्वितीय आ अर्थशास्त्र विभागक छात्रा रिया कुमारी तृतीय स्थान प्राप्त कएलनि। ओतहिस्नातकोत्तर हिंदी विभागक रूबी कुमारी, निशांत कुमार, नूर सबा, भवानी कुमारी, कोमल कुमारी, रिमझिम कुमारी आ क्षेमा कुमारी कें सांत्वना पुरस्कार लेल चयनित कएल गेल। कार्यक्रमक संचालन डॉ. ज्वाला चंद्र चौधरी कएलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन एनएसएस कार्यक्रम समन्वयक डॉ. सुजीत कुमार साफी कएलनि। परीक्षा नियंत्रक सह वरीय शिक्षक डॉ. नंदकिशोर झा प्रतिभागी सभ कें शुभकामना दैत कहलनि जे एहि तरहक प्रतियोगिता सं विद्यार्थी सभ मे अभिव्यक्ति, तर्क आ नेतृत्व क्षमताक विकास होइत अछि। ओ बतौलनि जे 15 अगस्त कें चयनित छात्र-छात्रा सहित उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवला प्रतिभागी सभ कें प्रधानाचार्य द्वारा मोमेंटो आ प्रमाण-पत्र दए सम्मानित कएल जायत।

# बाल हितैषी पंचायत निर्माण लेल प्रखंड स्तरीय बाल संरक्षण समितिक बैसार

## बाल विवाह, बाल मजदूरी आ मानव तस्करी रोकबाक लेल सामूहिक प्रयास पर जोर

**सीतामढ़ी, समदिया**



परिहार प्रखंडक सभाकक्ष मे प्रखंड विकास पदाधिकारी ओम प्रकाशक अध्यक्षता मे प्रखंड स्तरीय बाल संरक्षण समितिक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे बाल हितैषी आ बाल विवाह मुक्त पंचायतकनिर्माण, बाल विवाह, बाल मजदूरी आ मानव तस्करी रोकबाक लेल सामूहिक आ समन्वित प्रयास पर जोर देल गेल। प्रखंड विकास पदाधिकारी पंचायत प्रतिनिधि आ संबंधित विभाग सभक समन्वय सं जन- जागरूकता अभियान चलाबय तथा पंचायत स्तर पर बाल संरक्षण सं संबंधित बैसार नियमित रूप सं आयोजित करबाक निर्देश देलनि। बाल विवाह, बाल मजदूरी, मानव तस्करी अथवा बाल संरक्षण सं संबंधित कोनो मामिलाक सूचना भेटला पर संबंधित सक्षम पदाधिकारी कें सूचित कए प्रचलित कानून आ निर्धारित प्रक्रियाक अनुरूप आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करबाक बात पर जोर देल गेल। बैसार मे अदिथी कवचपरियोजनाक कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद कुमार चौधरी वर्तमान समय मे सामने आबि रहल बाल तस्करीक बदलैत तरीका आ जोखिम, बच्चा सभक तस्करीक संभावित संकेतक पहचान तथा एकर रोकथाम लेल अपनाओल जायवला विभिन्न उपाय सभक जानकारी साझा कएलनि। बैसार मे बाल विकास परियोजना पदाधिकारी संगीता कुमारी, प्रशिक्षु पुलिस अवर निरीक्षक मोनू कुमार, पंचायत सभक मुखिया इंद्रजीत पासवान, राकेश कुमार, अप्पल कुमार, मीनू कुमारी, अदिथी कवच परियोजनाक प्रखंड समन्वयक सुनीता कुमारी, प्रशांत कुमार, महिला पर्यवेक्षिका कुमारी ऊषा, मीरा कुमारी, नीलम कुमारी सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी आ पंचायत प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

## कांवरिया पथ सं शुरू भेल प्रेमकथा, देवघर मे बाबा बैद्यनाथक दरबार मे एक-दोसराक भेलाह

# कांवरिया पथ पर भेटल दू प्रेमी, बाबा बैद्यनाथ कें साक्षी मानि मंदिर परिसर मे रचौलक विवाह

**भागलपुर, समदिया**

साओनक पवित्रता, कांवरिया पथक माहौल आ बाबा बैद्यनाथक नगरी... एहि धार्मिक वातावरणक बीच प्रेमक एकटा एहन कथा सामने आयल अछि, जे सोशल मीडिया पर लोकक ध्यान अपना दिस आकर्षित कए रहल अछि। कहल जा रहल अछि जे कांवरिया पथ पर एक-दोसर सं भेटल एक युवक-युवतीक बीच प्रेम परवान चढ़ल आ दुनू देवघर पहुंचि बाबा बैद्यनाथ कें साक्षी मानि विवाह कए लेलनि। देवघर स्थित बाबा मंदिर परिसर मे भेल एहि अनोखा विवाहक ककरो द्वारा वीडियो बना लेल गेल। देखिते-देखिते वीडियो आ विवाहक तस्वीर सोशल मीडिया पर वायरल भए गेल। खास कए सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर एहि जोड़ीक तस्वीर कें लोक खूब साझा कए रहल छथि। वायरल भए रहल जानकारीक अनुसार दुनू केर भेंट कांवरिया पथ पर



भेल छल। धार्मिक यात्रा दौरान भेल ई भेंट कहिया आत्मीयता आ तकर बाद प्रेम मे बदलि गेल, एकर पूरा कहानी एखन सामने नहि आयल अछि। मुदा कहल जा रहल अछि जेदुनू अपन संबंध कें विवाहक बंधन धरि लए जेबाक निर्णय लेलनि।एकर बाद दुनू देवघर पहुंचलाह आ बाबा बैद्यनाथक दरबार मे विवाह कए लेलनि। युवक अपन प्रेमिकाक मांग मे सिंदूर भरलनि आ हुनकर गला मे मंगलसूत्र पहिरौलनि। एहि तरहें दुनू एक-दोसरक जीवनसाथीबनि गेलाह। मंदिर परिसर मे बाबा कें साक्षी मानि विवाह करबाक तस्वीर सामने अयलाक बाद ई मामिला चर्चाक विषय बनि गेल अछि। वायरल तस्वीर मे जोड़ी कें विवाहक रस्म निभबैत देखल जा सकैत अछि। दुनू बाबा मंदिर परिसर मे एक-दोसर कें स्वीकार कएलनि आ जीवनभर साथ निभाबयक संकल्प लेलनि। धार्मिक नगरी देवघर मे भेल एहि विवाह सं लोक सभक बीच खास उत्सुकता पैदा भेल अछि। श्रद्धालु सभ लेल बाबा बैद्यनाथक दरबार आस्थाक पैघ केंद्र अछि। एहन मे एहि पवित्र स्थान पर दू लोकक जीवनसाथी बनेबाक निर्णय सोशल मीडिया उपयोगकर्ता सभ लेल सेहो भावुक आ आकर्षणक विषय बनि गेल अछि। एहि पूरा कहानीक सभ सं रोचक बात ई अछि जे वायरल तस्वीर आ वीडियोक बावजूद एखन धरि ई स्पष्ट नहि भए सकल अछि जे वर आ वधू आखिर कोन शहर अथवा गामक रहनिहार छथि। सोशल मीडिया पर तस्वीर तेजी सं फैलि रहल अछि, मुदा जोड़ीक पहचान, हुनकर घर- परिवार आ प्रेमक कहानी सं जुड़ल विस्तृत जानकारी एखन धरि सामने नहि आयल अछि। एहि कारण सं वायरल विवाह कें लए कए लोकक उत्सुकता आरो बढ़ि गेल अछि। विवाहक तस्वीर सोशल मीडिया पर सामने अयिते तरह-तरहक प्रतिक्रिया आबय लागल। केओ एकरा बाबा बैद्यनाथक आशीर्वाद बता रहल छथि, तं केओ एकरा कांवरिया पथ सं शुरू भेल प्रेमक कहानीक सुंदर अंत बता रहल छथि। हालांकि, सोशलमीडिया पर वायरल कोनो तस्वीर अथवा वीडियो सं जुड़ल जानकारीक स्वतंत्र पुष्टि जरूरी अछि। फिलहाल उपलब्ध जानकारीक आधार पर एतबे कहल जा सकैत अछि जे कांवरिया पथ सं जुड़ल एहि अनोखा प्रेमक कहानी आ बाबा बैद्यनाथक दरबार मे भेल विवाह इंटरनेट पर लोकक ध्यान अपना दिस खींचि रहल अछि। कांवरिया पथ पर भेटल दू दिल बाबा बैद्यनाथक दरबार मे एक भए गेल। आब वायरल तस्वीरक पाछां नुकायल एहि प्रेमक कहानीक वर-वधू के छथि, ई सवाल सभक जुबान पर अछि।

# संस्कृत विश्वविद्यालय मे 25 सं 31 अगस्त धरि संस्कृत सप्ताह समारोह

## संस्कृतक प्रचार-प्रसार आ सांस्कृतिक गतिविधि कें बढ़ावा देबाक लेल विभिन्न कार्यक्रमक आयोजन

**दरभंगा, समदिया**

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे संस्कृत सप्ताह समारोह-2026 केर आयोजन कें लए कए कुलपति प्रो. लक्ष्मी निवास पांडेयक अध्यक्षता मे विशेष बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मेसमारोह कें 25 सं 31 अगस्त धरि उत्सवी माहौल मे आयोजित करबाक सहमति बनल। समारोहकसफलता लेल समारोह समिति आ आयोजन समितिक गठन सेहो कएल गेल। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार 25 अगस्त कें दरबार हॉल मे संस्कृत सप्ताहक उद्घाटन होयत। 26 अगस्त कें शास्त्र चर्चा, 27 अगस्त कें सांस्कृतिक शोभायात्रा, 29 अगस्त कें संगोष्ठी आ 30 अगस्त कें सांस्कृतिक प्रस्तुति आयोजित कएल जायत। 31 अगस्त कें समारोहक समापन होयत। महाविद्यालय सभ सं प्राप्त प्रतिवेदन आ फोटो आदि संकलित करबाक लेल सूचना वैज्ञानिक डॉ. नरोत्तम मिश्र कें अधिकृत कएल गेल अछि। ओतहि अध्यक्ष छात्र



कल्याण प्रो. पुरेंद्र वारिक सभ अंगीभूत आ संबद्ध महाविद्यालयकें कार्यक्रमक सूचना देताह।समारोह समितिक संरक्षक कुलपति प्रो. लक्ष्मी निवास पांडेय, अध्यक्ष प्रो. पुरेंद्र वारिक, संयोजक राष्ट्रीय सेवा योजना समन्वयक डॉ. सुधीर कुमार तथा निवेदक कुलसचिव डॉ. दिनेश झा कें बनाओल गेल अछि।आयोजन समिति मे डॉ. एल. सविता आर्या, डॉ. श्याम सुंदर ठाकुर, डॉ. रामसेवक झा, डॉ. वरुण कुमार झा आ डॉ. प्रमोद कुमार मिश्र कें शामिल कएल गेल अछि। बैसार मे कुलसचिव, अध्यक्ष छात्र कल्याण, सीसीडीसी, कुलानुशासक, संकायाध्यक्ष, विभागाध्यक्ष, वित्त पदाधिकारी, परीक्षा नियंत्रक सहित विश्वविद्यालयक विभिन्न पदाधिकारी आ विभागाध्यक्ष उपस्थित छलाह। बैसार मे संस्कृत सप्ताह कें भव्य आ प्रभावकारी बनेबाक लेल विशेष जोर देल गेल।

# छाल पहिने त्वचा कें रगड़ैत अछि, तकर बाद अहं कें



कुमार नितेश

**श्रावणी पथ : कड़ी-15**

दू दिन आ दू राति बीति गेल अछि। आब यात्रा पहिल बेर शरीरक भाषा मे बाजय लागल अछि। पैर अपन विरोध दर्ज करेनाय शुरू कए देने अछि। कतहु एंडी पर फफोला उठि आयल अछि, कतहु तरवा मे जलन अछि, कतहु पैरक गति आ लय टूटय लागल अछि। जे चालि सुल्तानगंज सं निकलैत काल सहज आ उत्साह सं भरल छल, से आब संयमित आ मितव्ययी भए गेल अछि। श्रावणी पथ आब दौड़ि कए नहि, बुझि-सुझि कए चलनाय सिखा रहल अछि।

यात्राक पहिल दिन मनुष्य कें लगैत अछि जे ओ जतबा चाहत, ततबा चलि सकैत अछि। ओकर भीतर उत्साहक एहन वेग रहैत अछि जे दूरीक अनुमान सेहो छोट बुझाइत अछि। प्रत्येक पड़ाव लग मे प्रतीत होइत अछि। मुदा तेसर दिन धरि पहुंचैत-पहुंचैत शरीर ओकरा धीरे सं स्मरण करा दैत अछि जे उत्साह आवश्यक अछि, मुदा यात्रा मात्र ओकर सहारे पूरा नहि होइत अछि। धैर्य, संयम आ अपन सीमा कें चिन्हबाक क्षमता सेहो ओतबे आवश्यक अछि।

तेसर दिन धरि पहुंचैत-पहुंचैत एकटा आरो बात स्पष्ट भए जाइत अछि। सभ कांवरिया एकहि गति सं नहि चलैत छथि। केओ तेज चलैत छथि, केओ मंद। केओ तीन दिन मे देवघरक देहरी धरि पहुंचबाक संकल्प लेने छथि, तं ककरो यात्रा पांच दिनक समय मांगैत अछि। ककरो पैर एखनहुं फुतीर्ला अछि, तं केओ अपन पैर कें बुझा-बुझा कए आगू बढ़ा रहल छथि। मुदा आश्चर्यक बात ई अछि जे यात्राक दिन बदलि जाइत अछि, गंतव्य नहि।

एतहि जीवनक एकटा पैघ सत्य सेहो बुझना जाइत अछि। संसार मे सभ मनुष्य एकहि गति सं नहि चलैत अछि। ककरो सफलता शीघ्र भेटैत अछि, ककरो देर सं। केओ अल्प संघर्ष मे आगू बढ़ि जाइत अछि, तं केओ वर्षो-वर्ष प्रयास करैत रहैत अछि। मुदा श्रावणी पथ ई तुलना समाप्त कए दैत अछि। एतय केओ ककरो गतिक निर्णय नहि करैत अछि। एतय मात्र एतबे देखल जाइत अछि जे के अपन संकल्प पर अडिग अछि।

कांवरियाक झोरा मे मात्र वस्त्र नहि, औषधि, मरहम आ पट्टी सेहो रहैत अछि। केओ रुकि कए फोंकाक स्थान पर औषधि लगबैत छथि। केओ पीड़ानिवारक गोली पानि संग खा फेर उठि ठाढ़ भए जाइत छथि। केओ किछु समय विश्राम कए पुनः बाट पकड़ि लैत छथि। एखन ओ टूटल नहि छथि। हुनका अपन मरहम पर भरोस अछि, अपन औषधि पर भरोस अछि, अपन शरीर पर भरोसा अछि आ सभ सं बेसी अपन संकल्प पर भरोस अछि।



बाटक कात बैसल कोनो कांवरिया अपन पैर दिस तकैत छथि। हुनक चेहर पर पीड़ा अछि, मुदा निराशा नहि। ओ जनैत छथि जे ई पीड़ा यात्राक अंत नहि, बल्कि यात्राक स्वाभाविक अंग अछि। किछु कालक बाद ओही व्यक्ति पट्टी बांधि फेर कांवर कन्हा पर राखि लैत छथि। देखनिहार सोचैत अछि – एतबा सामर्थ्य एहि मनुष्य मे कतय सं आयल? संभवतः ई शक्ति शरीर सं कम आ उद्देश्य सं बेसी अबैत अछि।

तखन यात्राक एकटा आरो परत खुलैत अछि। जे साथी काल्हि धरि संग-संग चलैत छलाह, से आब आगू-पाछां होमय लगलाह। केओ आगू निकलि गेलाह, केओ पाछां रहि गेलाह। मुदा श्रावणी पथ मे पाछां रहि जेनाय, छूटि जेनाय नहि होइत अछि। जे आगू निकलि गेलाह, से अगिला पड़ाव पर भेटि जाइत छथि। जं ओतय नहि, तं तकर अगिला पड़ाव पर। आ जं ओतय सेहो नहि, तं आगू बढ़ैत ओही गेरुआ प्रवाह मे फेर कतहु देखाइ पड़ि जाइत छथि। एतय साथ छूटैत नहि अछि, मात्र पैरक दूरी बदलैत अछि।

ई दृश्य मोन कें भीतर धरि स्पर्श कए जाइत अछि। जीवन मे जतय पाछां रहि जेबाक भय मनुष्य कें व्याकुल करैत अछि, ततय एहि यात्रा मे केओ ककरो सं आगू निकलबाक होड़ मे नहि अछि। जे आगू अछि, से सेहो महादेवक यात्री छथि। जे पाछां अछि, से सेहो ओही गंतव्य दिस बढ़ि रहल छथि। तें एतय दूरी मात्र बाटक होइत अछि, मनक नहि।

जखन छाला, थकान आ मंद पड़ैत चालि मोन कें सेहो भारी करय लगैत अछि, तखन कतहु सं एकटा आवाज सुनाइ पड़ैत अछि – हिम्मत नहि हारू। महादेव अहांक संग छथि। जखन ओ अपने बजौलनि अछि, तं बेड़ा पार सेहो वएह लगौताह।

पता नहि ई आवाज कोनो संग चलैत कांवरियाक अछि अथवा कोनो वृद्ध यात्रीक। कोनो सेवा शिविर मे बैसल स्वयंसेवकक अछि अथवा अपनहि भीतर बसल विश्वासक। मुदा एतबा निश्चित अछि जे तकर बाद पैर फेर उठय लगैत अछि।

श्रावणी पथक इएह सभ सं पैघ विशेषता अछि। एतय शब्द मात्र कान धरि नहि पहुंचैत अछि, बल्कि थाकल शरीरक बाटे सीधा मोन धरि उतरि जाइत अछि। सामान्य दिन मे इएह वाक्य संभवतः एतबा प्रभाव नहि छोड़त, मुदा जखन शरीर अपन सीमा पर ठाढ़ रहैत अछि, तखन एकटा साधारण उत्साहवर्धक वाक्य सेहो नव ऊर्जा दए दैत अछि। तें एहि यात्रा मे सेवा कएनिहार मात्र जल वा भोजन नहि बांटैत छथि, ओ साहस सेहो बांटैत चलैत छथि।

धीरे-धीरे शरीरक थकान मनुष्यक भीतर सेहो किछु बदलय लगैत अछि। जा धरि शरीर तरोताजा रहैत अछि, मनुष्य अपन शक्ति पर भरोस करैत अछि। ओकरा लगैत अछि जे ओ जतबा चाहत, ततबा चलि सकैत अछि। मुदा जखन शरीर अपन सीमा देखाबय लगैत अछि, तखन ओकरा अपन सीमाक सेहो बोध होइत अछि। ओ बुझय लगैत अछि जे मात्र अपन सामर्थ्यक बल पर किछु संभव नहि। बाट, मौसिम, संग चलनिहार लोक, सेवा शिविर, कोनो अपरिचितक देल जल आ सभ सं ऊपर ईश्वरक कृपा – सभ किछु मिलि कए ओकरा गंतव्य धरि पहुंचबैत अछि। एहि सत्य कें स्वीकार करब विनम्रताक पहिल क्षण अछि।

एहि कारणे श्रावणी पथ पर छाला मात्र पीड़ा नहि बनैत अछि। ओ धीरे-धीरे मनुष्यक भीतर जमल ओ कठोर आवरण सेहो घिसय लगैत अछि, जकरा ओ अपन सामर्थ्य बुझैत छल। पीड़ा रहैत अछि, मुदा दंभ टूटय लगैत अछि। डेग धीमा भए जाइत अछि, मुदा विश्वास गहींर होइत जाइत अछि। शरीर थाकैत अछि, मुदा मन हल्का होमय लगैत अछि।

तखन पहिल बेर अनुभव होइत अछि जे ई यात्रा मात्र देवघर धरि पहुंचबाक यात्रा नहि अछि। ई अपन भीतर लौटबाक यात्रा सेहो अछि। एतय प्रत्येक फोंका मनुष्य सं किछु छीनैत अवश्य अछि, मुदा बदला मे ओकरा सं कतेको बेसी लौटा दैत अछि। ओकर उतावलापन लए लैत अछि आ बदला मे धैर्य दए जाइत अछि। ओकर अभिमान लए लैत अछि आ विनम्रता दए जाइत अछि। ओकर एकाकीपन लए लैत अछि आ विश्वास जगा दैत अछि।

संभवतः एहि क्षण कतहु दूर सं अबैत भजनक एकटा पांति भीतर धरि उतरि जाइत अछि – जखन जीवन हमरा थका देलक, तखन तोहर द्वारि हमरा बजा लेलक...

तखन पहिल बेर अनुभव होइत अछि जे ई यात्रा मात्र पैरक यात्रा नहि अछि। ई ओहि थाकल मनुष्यक यात्रा सेहो अछि, जे अपन भीतर एहन ठाम खोजैत अछि जतय किछु काल लेल अपन बोझ उतारि सकय। जतय ओकरा अपन गति सिद्ध करबाक आवश्यकता नहि, ककरो सं आगू बढ़बाक होड़ नहि, ककरो सं प्रतिस्पर्धा नहि। जतय ओकरा मात्र चलैत रहबाक अछि –धीरे-धीरे, अपन गति सं। आ संभवतः तखने ओ अनुभव जन्म लैत अछि, जकरा शब्द मे पूर्णतः बांधब संभव नहि। शरीर थाकल अछि, मुदा मोन शांत अछि। डेग सुस्त अछि, मुदा विश्वास पहिने सं बेसी दृढ़ अछि। पीड़ा बनल अछि, मुदा शिकायत कतहु विलीन भए गेल अछि। बुझाइत अछि जे छाल मात्र पैरक त्वचा कें नहि, बल्कि भीतर जमल ओ कठोर आवरण सेहो धीरे-धीरे घिसि देलक, जे मनुष्य कें अपना सं दूर रखने छल। आ तखने अधर पर अनायास उतरि अबैत अछि – हम शून्य भए रहल छी, तोहर भक्ति मे गुम भए रहल छी...

# छोट चुनाव, पैघ संकेत : उपनिर्वाचन सं कतेको बेर बदलल अछि देशक राजनीतिक दिशा

समीर

उपनिर्वाचन भले एक-दू सीट धरि सीमित होइत अछि, मुदा ओकर राजनीतिक असरि कतेको बेर दूर धरि देखाइ पड़ैत अछि। देशक चुनावी इतिहास मे एहन कतेको उदाहरण अछि, जखन एकटा उपनिर्वाचनक परिणाम सत्ता पक्षक लेल चेतावनी बनल, विपक्ष कें नव ऊर्जा देलक आ भविष्यक आम चुनावक राजनीतिक वातावरण धरि बदलि देलक। बिहारक बांकीपुर आ मध्य प्रदेशक दतिया विधानसभा उपनिर्वाचनक टटका परिणाम एहि पुरान परंपरा कें फेर चर्चा मे आनल अछि। हालांकि कोनो एकटा उपनिर्वाचनक आधार पर राष्ट्रीय राजनीति मे बदलावक निष्कर्ष निकालब जल्दबाजी होयत, मुदा एहि परिणाम सभ मे बदलैत जनमतक संकेत अवश्य देखल जा रहल अछि।

एहि दुनू सीट पर भारतीय जनता पार्टी कें भेटल पराजय कें राजनीतिक विश्लेषक मात्र निर्वाचन परिणामक रूप मे नहि, बल्कि भविष्यक राजनीति लेल एकटा संकेतक रूप मे देखैत छथि। यद्यपि प्रत्येक उपनिर्वाचन राष्ट्रीय राजनीति बदलि दैत अछि, से आवश्यक नहि अछि। कतेको बेर स्थानीय परिस्थिति, जातीय समीकरण आ क्षेत्रीय मुद्दा राष्ट्रीय निष्कर्ष सभ कें प्रभावित करैत अछि। तथापि इतिहास बतबैत अछि जे किछु उपनिर्वाचन देशक राजनीतिक प्रवाह कें नव दिशा देलनि।

एहन उदाहरण सभ मे 1978 केर कर्नाटक स्थित चिकमंगलूर लोकसभा उपनिर्वाचन अत्यंत महत्त्वपूर्ण मानल जाइत अछि। 1977 मे आपातकालक उपरांत कांग्रेस सत्ता सं बाहर भए गेल छल आ इंदिरा गांधी स्वयं रायबरेली सं चुनाव हारि गेल रहथि। कांग्रेस राजनीतिक संकट सं गुजरि रहल छल। एहन समय मे चिकमंगलूर उपनिर्वाचन इंदिरा गांधी लेल नव अवसर बनल। ओ जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता वीरेंद्र पाटिल कें पराजित कए संसद मे पुनः प्रवेश कएलनि। एहि जीत सं हुनकर राजनीतिक पुनरागमनक मार्ग प्रशस्त भेल तथा 1980 केर लोकसभा चुनाव मे कांग्रेस पुनः प्रचंड बहुमत सं सत्ता मे आबि गेल।



वास्तव मे, चिकमंगलूर सं पूर्व उत्तर प्रदेशक आजमगढ़ लोकसभा उपनिर्वाचन सेहो कांग्रेस लेल नव आशाक किरण बनल छल। कांग्रेस प्रत्याशी मोहसिना किदवईक विजय एहि बातक संकेत देलक जे आपातकालक कारण जनताक असंतोष अवश्य छल, मुदा कांग्रेसक प्रति विश्वास पूर्णतः समाप्त नहि भेल छल। एहि परिणाम सं कांग्रेस नेतृत्व कें आत्मविश्वास प्राप्त भेल आ इंदिरा गांधी कें चिकमंगलूर सं चुनाव लड़बाक प्रेरणा भेटल। एहि उपरांत कांग्रेस पुनः अपन राजनीतिक आधार सुदृढ़ करबा मे सफल भेल। भारतीय राजनीति मे 1988 केर इलाहाबाद लोकसभा उपनिर्वाचन सेहो अत्यंत निर्णायक सिद्ध भेल। विश्वनाथ प्रताप सिंह कांग्रेस छोड़ि विपक्षक प्रमुख चेहरा बनि चुकल रहथि। अमिताभ बच्चनक इस्तीफाक बाद रिक्त भेल एहि सीट सं वीपी सिंह चुनाव लड़लाह आ कांग्रेस प्रत्याशी सुनील शास्त्री कें भारी मतांतर सं पराजित कएलनि। बोफोर्स विवाद सं घेरायल कांग्रेसक विरुद्ध ई विजय वी.पी. सिंह कें राष्ट्रीय स्तर पर विपक्षक सर्वमान्य नेता बना देलक। परिणामस्वरूप 1989 केर आम चुनाव मे कांग्रेस सत्ता गमा देलक आ वी.पी. सिंह देशक प्रधानमंत्री बनलाह। एहि कालखंड मे मंडल आ कमंडल राजनीतिक नव अध्यायक आरंभ सेहो भेल, जकर प्रभाव आइ धरि भारतीय राजनीति पर देखल जाइत अछि।

1991 केर नांदयाल लोकसभा उपनिर्वाचन सेहो इतिहासक महत्त्वपूर्ण अध्याय मानल जाइत अछि। राजीव गांधीक निधनक उपरांत पी.वी. नरसिंह राव प्रधानमंत्री बनलाह, मुदा ओ लोकसभाक सदस्य नहि रहथि। आंध्र प्रदेशक नांदयाल सं उपनिर्वाचन लड़ि ओ अभूतपूर्व मतांतर सं विजयी भेलाह। विशेष बात ई छल जे तेलुगु देशम पार्टी राजनीतिक विरोधी होइतहुं तेलुगु गौरवक नामपर हुनक विरुद्ध प्रत्याशी नहि देलक। एहि ऐतिहासिक विजयक उपरांत देश मे आर्थिक उदारीकरणक नव युग प्रारंभ भेल, जे भारतक आर्थिक विकासक दिशा कें स्थायी रूपें प्रभावित कएलक। इतिहास मे किछु उपनिर्वाचन एहन सेहो भेल अछि, जाहि मे तत्कालीन राजनीतिक चर्चा तं बहुत भेल, मुदा ओकर दूरगामी प्रभाव सीमित रहल। 2018 मे उत्तर प्रदेशक गोरखपुर आ फूलपुर लोकसभा उपनिर्वाचन मे समाजवादी पार्टी आ बहुजन समाज पार्टीक रणनीतिक सहयोग सं भाजपा पराजित भेल।

# विकास आ पर्यावरण मे संतुलनक आवश्यकता

पंकज चतुर्वेदी

पछिला किछु वर्ष सं कश्मीर घाटी आ ओहि सं जुड़ल पर्वतीय क्षेत्र सभ मे मौसिमक मिजाज अत्यंत उग्र भए गेल अछि। आइ ई क्षेत्र प्रकृतिक रौद्र रूप आ भयंकर विनाशक केंद्र बनैत जा रहल अछि। पछिला पांच वर्षक आंकड़ा एहि बातक गवाही दैत अछि जे एतय बादल फटबाक घटना आ ओकर परिणामस्वरूप आबि रहल अनचोके बाढ़ि मे खतरनाक वृद्धि भेल अछि। किश्तवाड़ सं लए कए अमरनाथ गुफा, कुपवाड़ा, डोडा आ शोपियां धरि, वर्षाक मौसिम मे आबि रहल सैलाब हजारो लोकक जीवन लीलि रहल अछि आ करोड़ो रुपैयाक संपत्ति माटि-मलबा मे बदलि रहल अछि। ई मात्र मौसमी बदलाव वा संयोग नहि, बल्कि एकटा गंभीर आ गहिंर पारिस्थितिक संकटक चेतावनी अछि।



एकटा अध्ययनक अनुसार, 2010 सं 2022 धरि पूरा जम्मू-कश्मीर क्षेत्र मे चरम मौसमी घटनाक करीब 2,863 सं बेसी घटना दर्ज भेल, जाहि मे 552 सं बेसी लोकक मृत्यु भेल। तकर बाद 2022 सं 2026 धरि स्थिति आरो चिंताजनक भए गेल। वर्ष 2022 मे करीब 6 सं 8 गंभीर घटना भेल, जाहि मे 8 जुलाई 2022 कें अमरनाथ गुफाक लग भेल अत्यंत भीषण बादल फटबाक घटना सेहो शामिल छल। एहि घटना मे 16 सं बेसी श्रद्धालुक मृत्यु भेल आ कतेको लंगर शिविर मलबा मे बहि गेल छल। वर्ष 2023 मे रामबन, उधमपुर आ अमरनाथ यात्रा मार्गक आसपास करीब 7 सं 9 स्थान पर बादल फटला सं भारी तबाही भेल आ यातायात व्यवस्था ठप भए गेल।

वर्ष 2024 मे किश्तवाड़क पर्वतीय क्षेत्र मे करीब 8 सं 10 स्थान पर बादल फटबाक आ नाला उफनबाक घटना सामने आयल। एकरा कारण छोट-छोट जलविद्युत परियोजना आ खेती योग्य भूमि कें भारी क्षति भेल। वर्ष 2025 एहि दशकक सभ सं कारी आ त्रासद वर्ष साबित भेल, जखन 14 अगस्त कें किश्तवाड़ जिलाक चिशोती अर्थात मचैल माता यात्रा मार्ग पर अत्यंत भीषण बादल फटला सं एक्के झटका मे करीब 68 लोकक मृत्यु भेल आ 300 सं बेसी लोक गंभीर रूप सं घायल भेल। वर्ष 2026 मे मानसूनक आरंभिक सप्ताह मेए पर्वतीय आ ऊंच क्षेत्र सभ मे 35 सं बेसी छोट-पैघ घटना दर्ज कएल जा चुकल अछि, जाहि मे अखन धरि 31 सं बेसी लोकक जान जा चुकल अछि।

कश्मीर सन संवेदनशील आ तन्नुक हिमालयी क्षेत्र मे एहि प्रकारक घटना बेर-बेर होयब वैश्विक तापन आ क्षेत्रीय तापमान मे भए रहल तीव्र वृद्धि सं गहिंर रूप सं जुड़ल अछि। वैश्विक तापमान बढ़ला सं वायुमंडल मे नमी धारण करबाक क्षमता सेहो बढ़ि रहल अछि। जखन बंगालक खाड़ी वा अरब सागर सं उठल मानसूनी हवा ऊंच-ऊंच पहाड़ सं टकराइत अछि, तखन ओकरा अत्यधिक ऊर्जा आ संघनन लेल अनुकूल गर्म परिस्थिति भेटैत अछि। परिणामस्वरूप बादल बहुत कम समय मे एक्के स्थान पर अत्यधिक संघनित भए अनचोके फटि पड़ैत अछि। प्रकृतिक एहि विनाशक पाछां मात्र जलवायु परिवर्तन जिम्मेवार नहि अछि। पहाड़क संवेदनशील प्राकृतिक संरचना संग कएल गेल अनियोजित आ अंधाधुंध मानवीय छेड़छाड़ सेहो एकर पैघ कारण अछि। पछिला किछु दशक मे कश्मीर आ संपूर्ण हिमालयी क्षेत्र मे बेलगाम विकास गतिविधि, पर्यटनक बढ़ैत दबाव आ निर्माण कार्य एहि कोमल पारिस्थितिकी तंत्र कें गंभीर रूप सं प्रभावित केने अछि। अंधाधुंध वन कटनीक कारण पहाड़क ऊपरी माटि कें पकड़ि कए रखनिहार गाछक जड़ि कमजोर भए गेल अछि। एकरा अतिरिक्त, पहाड़क ठाढ़ ढलान काटि चौड़ा सड़क बनायब, नदीक प्राचीन आ प्राकृतिक धाराक लग भारी-भरकम कंक्रीटक बहुमंजिला भवन ठाढ़ करब तथा जलविद्युत परियोजना आ सुरंगक नाम पर पहाड़क भीतर विस्फोटक सं सुरंगक जाल बनायब पर्वतीय क्षेत्रक प्राकृतिक संतुलन कें बिगाड़ि रहल अछि। जंगलक तेजी सं विनाश, आधुनिक वाहनक धुआं आ अंधाधुंध कार्बन उत्सर्जनक कारण पर्वतीय क्षेत्रक स्थानीय तापमान सेहो तेजी सं बढ़ि रहल अछि। एहि सं स्थानीय सूक्ष्म जलवायु चक्र असंतुलित भए रहल अछि।

बादल फटलाक बाद पहाड़क कोखि सं उतरनिहार अनचोके बाढ़ि मात्र पानिक तेज धार नहि होइत अछि। ई अपन संग पैघ-पैघ बोल्डर, विशाल चट्टान, उखड़ल गाछ आ टनक हिसाब सं गाद-मलबा बहा कए अनैत अछि। एहि भारी मलबाक कारण नदी आ नालाक प्राकृतिक मार्ग अवरुद्ध भए जाइत अछि आ जल निकासी व्यवस्था किछुए मिनट मे ध्वस्त भए जाइत अछि। परंपरागत रूप सं कश्मीरक छोट-छोट नदी आ नाला पानि कें धीरे-धीरे आ नियंत्रित ढंग सं निचला घाटी धरि पहुंचबैत छल। मुदा नदीक कात कंक्रीटक अवैध अतिक्रमण आ पहाड़ पर जंगलक सफाया सं आब वर्षाक पानि सोखयबला भूमि बहुत कम बांचल अछि।

# हरियाणाक खाप पंचायत कें जेन-जीक जवाब

सुशील मानव

जींद मे पंचायतक एकटा बैठक मे खाप सदस्य वीरेंद्र धुल लड़की सभक मोबाइल फोन, दुपहिया वाहन पर बैसबाक ढंग आ प्रेम-विवाहक संबंध मे किछु एहन विचार रखलनि, जे आब हरियाणाक युवा पीढ़ी मे तीव्र प्रतिक्रिया उत्पन्न कए रहल अछि। नौगामा खापक ई बैठक 1 अगस्त कें रामराय गाम मे भेल छल। बैठक मे एकहि गाम मे होइत प्रेम-विवाह पर रोक लगेबाक निर्णय लेल गेल आ कहल गेल जे जे जोड़ा एहि रोकक उल्लंघन करत, हुनका खाप अधिकारक 21 गाम मे प्रवेश नहि देल जायत। संगहि निशाक कारोबार वा उपयोगक सूचना देनिहार व्यक्ति कें 5 हजार टाकाक पुरस्कार देबाक आ विवाह समारोह मे अश्लील गीत बजेला पर जुमार्ना करबाक निर्णय सेहो लेल गेल। नियमक पालन कराबय लेल 21 सदस्यक एकटा समिति बनाओल गेल, जाहि मे प्रत्येक गाम सं एक सदस्य राखल गेल। स्थानीय स्तर पर कारबाइ लेल प्रत्येक गाम मे अलग समिति बनेबाक व्यवस्था सेहो कएल गेल। मुदा खाप सदस्य वीरेंद्र धुलक लड़की सभक फोन आ मोटरसाइकिल पर बैसबाक संबंध मे देल गेल व्यक्तिगत बयान एहि सामान्य पंचायतक निर्णय कें एकटा पैघ विवाद मे बदलि देलक। हुनकर कथन छल जे बेटी कें अपन पिताक मोटरसाइकिलक पाछां बेटाक भांति दुनू दिस पैर पसारि कए नहि बैसबाक चाही। कोनो लड़कीक लग मोबाइल फोन भेटला पर फोन लए कए तोड़ि देबाक बात सेहो कहल गेल। धुल बाद मे कहलनि जे पंचायत मे अपन निजी विचार रखबाक अधिकार हुनका अछि आ ओ अपन विचार पर कायम छथि।

## मोबाइल फोन सं आयल जवाब

धुलक बयानक किछुए दिन बाद सोशल मीडिया, विशेष रूप सं इंस्टाग्रामपर, हरियाणाक युवा लड़का-लड़की सभक दिस सं तीव्र प्रतिक्रिया शुरू भए गेल। बहुतो वीडियो लाखो बेर देखल गेल। एहि वीडियो सभक विशेष बात ई छल जे विरोध कएनिहार अधिकांश युवा ओहि हरियाणवी समाज सं अबैत छथि, जाहि समाजक नामपर खाप अपन निर्णय थोपबाक दावा करैत अछि। इंस्टाग्राम पर हैशटैग खाप सन हैशटैगक अंतर्गत हजारो वीडियो




देखाइत अछि। युवा सभ खाप सं सवाल कएलनि जे जं समाजक चिंता लड़की सभक चरित्र आ सुरक्षा अछि, तं कन्या भ्रूण हत्या, दहेज हत्या, यौन हिंसा आ महिला-विरोधी अपराध पर खाप सभक आवाज एतेक मुखर किएक नहि होइत अछि? कंटेन्ट क्रिएटर पारस यादव सेहो खाप नेतृत्व पर प्रश्न उठबैत कहलनि जे हरियाणा मे बेटीक जन्म सं पहिने हुनकर हत्या होइत रहल आ बाद मे विवाह योग्य स्त्रीक कमी पूरा करबाक लेल दोसर राज्य सं महिला आनबाक परिस्थिति बनल। 2011क जनगणनाक अनुसार हरियाणा मे प्रति 1,000 पुरुष 879 महिला छल, जखनकि 0 सं 6 वर्षक आयुवर्ग मे ई अनुपात मात्र 834 छल। अन्य युवा सभक प्रश्न छल जे महिलाक जीवन आ स्वतंत्रताक निर्णय लेनिहार खाप सभ मे स्वयं कतेक महिला सदस्य छथि। हुनका सभक तर्क छल जे शिक्षा, आत्मरक्षा आ महिलाक सुरक्षा पर चर्चा हेबाक चाही, ने कि हुनकर मोबाइल वा कपड़ा पर पहरा। रैपर राहुल फाजिलपुरिया सेहो खापक सोच पर प्रश्न उठौलनि। हुनकर कहब छल जे बेटी अपन पिताक मोटरसाइकिल पर दुनू दिस पैर राखि कए बैसला सं आखिर समाजक कोन हानि होइत अछि? मोबाइल फोनपर रोक लगेनाइ सेहो समाधान नहि अछि, कारण आइ पढ़ाइ, रोजगार, जानकारी आ संचारक बहुतो साधन मोबाइल पर निर्भर अछि। हुनकर अनुसार असली प्रश्न मोबाइल नहि, बल्कि लड़का आ लड़की लेल अलग-अलग नियम बनौनिहार मानसिकताक अछि।

## खाप आ कानून

खाप पंचायत ग्रामीण क्षेत्रक पारंपरिक सामाजिक पंचायत अछि, जाहि मे प्रायः एकहि जाति वा गोत्रक लोक सम्मिलित होइत छथि। हरियाणा, पश्चिमी उत्तर प्रदेश, पंजाब आ राजस्थानक किछु भाग मे ई व्यवस्था पीढ़ी-दर-पीढ़ी चलैत आयल अछि। विवाह, जमीन आ स्थानीय विवाद मे खापक प्रभाव दीर्घकाल सं रहल अछि। मुदा प्रेम-विवाह कएनिहार वयस्क जोड़ीपर खाप द्वारा रोक लगेनाइ कानून सम्मत नहि अछि। 2007मे हरियाणाक मनोज आ बबलीक हत्या एहि विवादक एकटा चर्चित उदाहरण अछि। दुनू अपन पसिन सं विवाह केने छलाह आ खाप हुनकर विवाहक विरोध केने छल। बाद मे हुनकर हत्या कए देल गेल। 2010मे न्यायालय हत्यारोपी सभ कें कठोर दंड देलक आ खापक भूमिका सेहो न्यायिक चर्चाक केंद्र मे आयल। 2018मे सर्वोच्च न्यायालय स्पष्ट कए देलक जे दू बालिग आ सहमत व्यक्तिक विवाहक निर्णय मे खाप पंचायत वा कोनो सामाजिक समूह हस्तक्षेप नहि कए सकैत अछि। शक्ति वाहिनी आ शफीन जहां सहित कतेको मामिला मे न्यायालय बालिग व्यक्तिक अपन पसिन सं विवाह करबाक अधिकार कें संवैधानिक अधिकारक रूप मे स्वीकार केने अछि।

## एक पीढ़ीक बदलैत सोच

हरियाणा मे खाप कें चुनौती देबाक ई घटना पहिल नहि अछि, मुदा एहि बेरक प्रतिक्रिया किछु अलग अछि। विरोध कएनिहार बाहरक लोक नहि, बल्कि ओही समाजक युवा पीढ़ी अछि। ओ सभ ओही मोबाइल फोनक माध्यम सं अपन आवाज उठा रहल छथि, जाहि मोबाइल सं दूर रहबाक सलाह हुनका देल जा रहल अछि। ऐडवा सं जुड़ल जगमती सांगवान सेहो कहलनि जे हरियाणा मे पितृसत्तात्मक सोच बहुत दिन सं महिलाक स्वतंत्रता पर नियंत्रण करबाक प्रयास करैत रहल अछि। मुदा आब युवा पीढ़ी एहि सोच कें खुलि कए चुनौती दए रहल अछि। ई कहब कठिन अछि जे जेन-जीक ई प्रतिरोध खाप व्यवस्थाक विरुद्ध कोनो दीर्घकालीन सामाजिक आंदोलनक रूप लेत वा नहि। मुदा एतबा स्पष्ट अछि जे स्मार्टफोन आ सोशल मीडिया सं जुड़ल नव पीढ़ी आब पुरान सामाजिक आदेश कें चुपचाप स्वीकार करबाक लेल तैयार नहि अछि। ओकरा सभक संदेश स्पष्ट अछि-समाजक मयार्दा जरूरी अछि, मुदा मयार्दाक नाम पर व्यक्तिगत स्वतंत्रता आ समानता कें समाप्त नहि कएल जा सकैत अछि।

# की नीतीश कुमार संसद मे बिहारक आवाज मजबूत करबाक तैयारी मे छथि?

जनता दल यूनाइटेड (जदयू)क राष्ट्रीय अध्यक्ष आ बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दिल्ली मे पार्टीक सांसद सभक संग महत्वपूर्ण बैसार केलनि। ई बैसार एहन समय मे भेल अछि जखन नीतीश कुमार राज्यसभा मे पहुंचला उपरांत राष्ट्रीय राजनीति मे अपन सक्रिय भूमिका बढ़बैत देखल जा रहल छथि। बैसारक मुख्य उद्देश्य जदयू सांसद सभ कें बिहार सं जुड़ल मुद्दा सभ संसद मे प्रभावी ढंग सं उठाबए लेल दिशा-निर्देश देब मानल जा रहल अछि। नीतीश कुमार सांसद सभ सं कहलनि जे ओ बिहारक विकास, जनहित आ जनसरोकार सं जुड़ल विषय सभ कें मजबूती सं संसद मे रखथि, जाहि सं राज्यक आवाज राष्ट्रीय स्तर पर प्रभावी ढंग सं पहुंचि सकए। बैसार मे बिहारक विकास योजना, आम लोकक हित आ वर्तमान राजनीतिक परिस्थिति पर सेहो विस्तार सं चर्चा भेल। जदयूक अनुसार, सांसद सभ कें जनता अपेक्षा अनुरूप





प्रतिबद्धता आ सक्रियता देखेबाक सलाह देल गेल। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे ई बैसार मात्र औपचारिक नहि छल, बल्कि संसद मे जदयूक भूमिका आ बिहारक मुद्दा सभ कें केंद्र मे राखबाक रणनीति तय करबाक प्रयास छल। राज्यसभा सदस्य बनला उपरांत नीतीश

**दिल्ली मे जदयू सांसद सभक संग नीतीश कुमारक रणनीतिक बैसार**

कुमारक ई पहिलका प्रमुख राजनीतिक बैसार सभ मे सं एक मानल जा रहल अछि। जदयू सोशल मीडिया पर जानकारी दैत कहलक जे बैसार मे पार्टीक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय कुमार झा, डॉ. आलोक कुमार सुमन, कौशलेंद्र कुमार, देवेश चंद्र ठाकुर, विजयलक्ष्मी देवी, रामप्रीत मंडल, दिलेश्वर कामैत, सुनील कुमार आ विधान परिषद मे सत्तारूढ़ दलक उपनेता ललन सर्राफ सहित अन्य नेता उपस्थित छलाह। बैसारक दौरान संसद मे जारी हंगामा आ विरोध-प्रदर्शन पर सेहो चर्चा भेल। जदयू सांसद संजय कुमार झा राज्यसभा मे कहलनि जे नीतीश कुमार दू दशक सं बेसी समय बाद संसद मे लौटल छथि आ हुनका अनुसार पहिलुका समय मे सदनक कार्यवाही एतेक बाधित नहि होइत छल। एहि टिप्पणी कें संसदक वर्तमान कार्यशैली पर हुनकर चिंता केर रूप मे सेहो देखल जा रहल अछि। राजनीतिक दृष्टि सं देखल जाए तं ई बैसारक माध्यम सं नीतीश कुमार एक दिस बिहारक मुद्दा सभ कें राष्ट्रीय मंच पर मजबूती सं उठेबाक संदेश देलनि, दोसर दिस पार्टी सांसद सभक बीच समन्वय आ सक्रियता बढ़ेबाक प्रयास सेहो कएलनि। एहि कारण ई बैसार जदयूक आगामी संसदीय रणनीति लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

## की चिराग पासवान संग राजनीतिक समीकरण बना सकैत छथि प्रशांत किशोर?

बांकीपुर उपचुनाव मे जीत हासिल करला उपरांत जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर फेर सं बिहारक राजनीति मे चर्चा केर केंद्र बनि गेल छथि। आब राजनीतिक गलियारा मे एहि बातक चर्चा तेज भए रहल अछि जे आगामी समय मे प्रशांत किशोरक राजनीतिक रणनीति की रहत आ की ओ गठबंधनक राजनीति दिस बढ़ता।

राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार, जन सुराज आब बिहारक राजनीति मे एक स्वतंत्र शक्ति केर रूप मे अपन उपस्थिति दर्ज करा चुकल अछि। एहन स्थिति मे भविष्य मे पार्टीक गठबंधन संभावनाक चर्चा सेहो शुरू भए गेल अछि। विशेष रूप सं चिराग पासवान आ प्रशांत किशोरक संबंध कें लए अटकलक बाजार गर्म अछि।

प्रशांत किशोरक पक्ष सं पहिने सं कहल जाइत रहल अछि जे हुनका गठबंधनक राजनीति सं कोनो वैचारिक आपत्ति नहि अछि। एहि कारण बांकीपुर जीतिक बाद राजनीतिक पर्यवेक्षक सभ विभिन्न संभावित समीकरण पर नजरि राखने छथि।

राजनीतिक विशेषज्ञक अनुसार बिहार मे आगामी समय मे राजनीतिक पुनर्सरेखण अर्थात रिएलाइनमेंट देखबाक संभावना अछि। जन सुराज आब एहन स्थिति मे पहुंचि गेल अछि जतय ओ कोनो पैघ राजनीतिक





समीकरणक हिस्सा बनि सकैत अछि।

राजनीतिक चर्चा मे ई सेहो कहल जा रहल अछि जे यदि भविष्य मे कोनो नव गठबंधन बनैत अछि तं ओ भाजपा आ राजद दुनूक प्रभाव सं अलग एक वैकल्पिक मंचक रूप लए सकैत अछि। एहि संदर्भ मे लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) आ जन सुराजक बीच संभावित नजदीकीक चर्चा समय-समय पर सामने अबैत रहल अछि।

**बांकीपुर जीतिक बाद बढ़ल अटकल**

हालांकि एखन धरि चिराग पासवान वा प्रशांत किशोर दिस सं एहन कोनो आधिकारिक संकेत नहि देल गेल अछि जे दुनू दल कोनो राजनीतिक गठबंधन दिस बढ़ि रहल अछि। मुदा राजनीतिक विश्लेषक सभ मानैत छथि जे बदलैत राजनीतिक परिस्थिति मे भविष्यक संभावना कें पूर्ण रूप सं खारिज सेहो नहि कएल जा सकैत अछि।

बांकीपुर जीतिक बाद जन सुराजक आत्मविश्वास बढ़ल अछि आ पार्टी आब विधान परिषद चुनाव सहित अन्य राजनीतिक मोर्चा पर सक्रिय होबाक तैयारी मे अछि। एहि बीच सब सं पैघ प्रश्न ई अछि जे प्रशांत किशोर बिहार मे स्वतंत्र राजनीतिक विकल्पक रूप मे आगू बढ़ता अथवा कोनो नव राजनीतिक समीकरणक हिस्सा बनता। एखन लेल ई चर्चा अटकल आ राजनीतिक विश्लेषण धरि सीमित अछि, मुदा एक बात स्पष्ट अछि जे बांकीपुरक जीत प्रशांत किशोर कें बिहारक राजनीति मे एक महत्वपूर्ण खेलाड़ी केर रूप मे स्थापित कए देने अछि, आ आगामी समय मे हुनकर प्रत्येक राजनीतिक कदम पर सबहक नजरि रहत।

## सम्राट चौधरीक संग भाजपा मंत्री सभक गोपनीय बैसार सं बढ़ल चर्चा

बिहार कैबिनेटक बैसार समाप्त होइतहि मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मुख्यमंत्री आवास पर भाजपा कोटाक मंत्री सभक संग एक विशेष बैसार केलनि। एहि बंद कमराक बैसार कें लए राजनीतिक गलियारा मे तरह-तरहक चर्चा शुरू भए गेल अछि।

सब सं पैघ प्रश्न ई उठि रहल अछि जे एनडीए सरकार मे जदयू आ अन्य सहयोगी दल सभक मंत्री सभ कें छोड़ि मात्र भाजपा कोटाक मंत्री सभक संग बैसार किएक कएल गेल। आधिकारिक रूप सं बैसारक एजेंडा सार्वजनिक नहि कएल गेल अछि, मुदा राजनीतिक विश्लेषक सभ एहि कें संगठनात्मक समीक्षा आ आगामी रणनीति सं जोड़ि कए देखैत छथि।

सूत्रक अनुसार, कैबिनेट बैसार समाप्त होइतहि भाजपा कोटाक मंत्री सभ मुख्यमंत्री आवास पहुंचलाह। बैसार मे विभागीय कार्य, सरकारक उपलब्धि आ आगूक राजनीतिक चुनौती सभ पर चर्चा भेल होएबाक संभावना व्यक्त कएल जा रहल अछि। बैसार समाप्त भेला उपरांत कतेको मंत्री मीडिया सं बचैत पिछला रास्ता सं बाहर निकलि गेलाह, जाहि सं अटकल आरो तेज भए गेल।




राजनीतिक पर्यवेक्षक सभक मानब अछि जे बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे भाजपा समर्थित उम्मीदवारक हारि आ जन सुराजक बढ़ैत प्रभावक बाद भाजपा नेतृत्व राज्यक राजनीतिक परिस्थिति पर गंभीर समीक्षा कए रहल अछि। प्रशांत किशोरक उभारक बाद बदलैत राजनीतिक समीकरण पर सेहो पार्टी नजरि राखने अछि।

**की बांकीपुर हारिक बाद भाजपा मे मंथन?**

हालांकि भाजपा नेता सभक दिस सं एहि बैसार कें नियमित प्रशासनिक समीक्षा बताओल जा रहल अछि। मंत्री केदार गुप्ता बैसारक बाद कहलनि जे मुख्यमंत्री विभागीय कार्यक समीक्षा कए रहल छथि आ आगू सेहो विभिन्न विभाग सभक समीक्षा बैसार होएत।

मुदा राजनीतिक हलका मे चर्चा एहि बातक अछि जे जखन दिल्ली मे जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार पार्टी सांसद सभक संग बैसार कए रहल छथि, तहिना पटना मे भाजपा नेतृत्व अपन मंत्री सभक संग अलग सं मंथन कए रहल अछि। एहि कारण एहि बैसार कें सामान्य प्रशासनिक प्रक्रिया सं बेसी राजनीतिक महत्वक रूप मे देखल जा रहल अछि।

एखन धरि बैसारक कोनो आधिकारिक निष्कर्ष सामने नहि आएल अछि, मुदा बिहारक बदलैत राजनीतिक माहौल मे एहि बैसार पर सबहक नजरि टिकल अछि। विशेष रूप सं बांकीपुर उपचुनावक परिणाम आ आगामी चुनावी रणनीति कें ध्यान मे राखि कए भाजपा अपन संगठनात्मक आ राजनीतिक तैयारी मजबूत करबाक प्रयास मे जुटल अछि।

# छात्र गोलीकांड पर राजदक शक्ति प्रदर्शनक तैयारी

## 19 अगस्त कें लोकभवन मार्चक घोषणा कएलनि तेजस्वी यादव

सिवान मे छात्र आंदोलनक दौरान भेल कथित गोलीकांडक विरोध मे राष्ट्रीय जनता दल (राजद) 19 अगस्त कें पैघ मार्च निकालत। नेता प्रतिपक्ष आ राजदक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष तेजस्वी यादव दिल्ली मे पत्रकार सभ सं गप्प करैत एहि आंदोलनक घोषणा केलनि। तेजस्वी यादव कहलनि जे पटना स्थित वीरचंद पटेल पथ पर राजद प्रदेश कार्यालय सं लोकभवन धरि मार्च निकालल जाएत। एहि मार्च मे पार्टीक सांसद, विधायक, विधान पार्षद आ कार्यकर्ता सभ शामिल हेता। ओ कहलनि जे बिहार कें पुलिसिया स्टेट नहि बनए देल जाएत आ छात्र सभ कें न्याय दिलेबाक लेल संघर्ष जारी रहत।

राजदक आरोप अछि जे सिवान मे छात्र आंदोलनक दौरान भेल गोलीबारीक मामिला मे एखन धरि पर्याप्त कारबाइ नहि भेल अछि। तेजस्वी यादव प्रश्न उठबैत कहलनि जे आखिर छात्र सभ पर गोली चलाबबाक आदेश ककरा दिस सं देल गेल छल। हुनकर अनुसार, पूरा देश एहि प्रश्नक उत्तर जानए चाहैत अछि। ओ कहलनि जे विपक्षक दबावक बाद मात्र एक सिपाही कें निलंबित कएल गेल, मुदा संबंधित पुलिस अधीक्षक पर एखन धरि कोनो कारबाइ नहि भेल अछि। तेजस्वी यादव प्रशासनिक जवाबदेही सुनिश्चित करबाक मांग सेहो केलनि।

राजद नेता प्रधानमंत्री, मुख्यमंत्री आ केंद्रीय गृहमंत्री पर सेहो निशाना साधलनि। हुनकर आरोप छल जे एहि गंभीर घटना पर शीर्ष नेतृत्व एखन धरि सार्वजनिक रूप सं कोनो प्रतिक्रिया नहि देने अछि। ओ ईहो कहलनि जे घायल छात्र सभक हालचाल लेबाक लेल मुख्यमंत्री अथवा उपमुख्यमंत्री सभ अस्पताल धरि नहि पहुंचलाह। तेजस्वी यादव विपक्षी दल सभ सं सेहो सहयोगक अपील केलनि। ओ कहलनि जे छात्र सभ कें न्याय दिलेबाक लेल अन्य विपक्षी दल सभ सं बातचीत चलि रहल अछि आ हुनका सभ कें 19 अगस्तक मार्च मे शामिल होयबाक निमंत्रण देल जा रहल अछि।

संसद मे एहि मुद्दाक चर्चा करबाक लेल तेजस्वी यादव कांग्रेस नेता राहुल गांधी आ समाजवादी पार्टी प्रमुख अखिलेश यादवक प्रति आभार व्यक्त केलनि। हुनकर कहब छल जे बिहारक युवा सभक मुद्दा राष्ट्रीय स्तर पर उठाओल जा रहल अछि आ हुनका सभक संग अन्याय नहि होमय देल जाएत। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे 19 अगस्तक प्रस्तावित मार्च मात्र छात्र गोलीकांडक विरोध नहि, बल्कि बिहारक कानून-व्यवस्था आ सरकारक कार्यशैली कें लए विपक्षक पैघ राजनीतिक अभियानक रूप सेहो लए सकैत अछि।



# कथित घटिया गहूमक आपूर्ति लए भाकपा मालेक विरोध, जांच मे भेटल अनियमितता

## अधिकारी, सांसद-विधायक सहित जनप्रतिनिधि आ पत्रकार सं गहूमक जांच करबाक अपील

ताजपुर, समस्तीपुर





ताजपुर प्रखंड कार्यालयक बगल मे स्थित सरकारी गोदाम मे पीडीएस लेल आपूर्ति कएल गेल गहूमक गुणवत्ता कें लए विवाद उत्पन्न भए गेल अछि। भाकपा माले आरोप लगौलक अछि जे कथित रूप सं अडानी सं जुड़ल कंपनी टीसीआई द्वारा आपूर्ति कएल गेल गहूम घटिया स्तरक अछि, जाहि कें उपभोक्ता सभ लेब सं इनकार कए देलनि। भाकपा माले प्रखंड सचिव सुरेंद्र प्रसाद सिंहक शिकायत पर बीस सूत्रीअध्यक्ष कुमार समर्पण आ प्रखंड विकास पदाधिकारी रवि भूषण भाकपा मालेक प्रतिनिधि सभकउपस्थिति मे गोदामक निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक दौरान गहूमक गुणवत्ता संतोषजनक नहि पाओल गेल। कहल जाइत अछि जे गोदाम प्रबंधक सेहो स्वीकार कएलनि जे आपूर्ति कएल गेल गहूम अपेक्षितगुणवत्ता बला नहि अछि। माले नेता सुरेंद्र प्रसाद सिंह कहलनि जे गरीब उपभोक्ता सभ कें खेनाइ योग्यआ गुणवत्तापूर्ण गहूम-चाउर उपलब्ध करेनाइ सरकारक जिम्मेदारी अछि। ओ पूरा मामिलाक उच्चस्तरीयजांच करा दोषी अधिकारी आ आपूर्तिकर्ता पर कारबाइ करबाक मांग कएलनि। ओ कहलनि जे खराबगुणवत्ता बला खाद्यान्न कोनो परिस्थिति मे राशन उपभोक्ता सभक बीच वितरित नहि कएल जेबाकचाही। भाकपा माले नेताक कहलनि जे प्रशासन, जनप्रतिनिधि, सामाजिक कार्यकर्ता आ पत्रकार सभ सेहो गोदाम मे उपलब्ध गहूमक जांच करथि आ दोषी सभक विरुद्ध कारबाइक मांग करथि। ओ चेतावनी देलनि जे जं शीघ्र कारबाइ नहि भेल आ उपभोक्ता सभ कें गुणवत्तापूर्ण खाद्यान्न उपलब्ध नहि कराओल गेल, तं भाकपा माले आंदोलन करबा लेल बाध्य होयत।

# ताजपुर प्रखंड कार्यालय पर भाकपा मालेक प्रदर्शन

## राशन मे कटौती आ राशन कार्ड सं नाम हटनाइ रोकबाक उठल मांग

ताजपुर, समस्तीपुर/समदिया




प्रति यूनिट साढ़े चारि किलो राशन वितरणक विरोध मे पांच किलो राशन देबाक, राशन मे कटौती बंद करबाक, राशन कार्ड सं नाम हटेनाइ पर रोक लगाबय तथा सभ गरीब परिवार कें राशन उपलब्ध कराबय, छूटल नाम कें राशन कार्ड मे जोड़बाक आदि मांग कें लए कए भाकपा मालेक कार्यकर्ता सभ बृहस्पति कें ताजपुर प्रखंड कार्यालय पर प्रदर्शन कएलनि। प्रदर्शनक नेतृत्व प्रखंड सचिव सुरेंद्र प्रसाद सिंह कएलनि। प्रदर्शनक दौरान कार्यकर्ता सभ नारेबाजी करैत मांग कएलनि जे कोटा केर नाम पर प्रति यूनिट राशन मे कटौती बंद कएल जाय। प्रदर्शनकारी सभ कहलनि जे पश्चिम बंगाल सहित कतेको राज्य मे प्रति यूनिट पांच किलो राशन देल जा रहल अछि, जखन कि ताजपुर मे कम राशन वितरण होयबाक शिकायत भेटि रहल अछि। एहि मामिला मे प्रदर्शनकारी सभ प्रशासन सं जवाब देबाक मांग कएलनि। प्रदर्शनकारी सभईहो मांग उठौलनि जे राशन कार्ड सं नाम हटेबाक प्रक्रिया पर रोक लगाओल जाय आ जे गरीब परिवारसभक नाम सूची सं काटल गेल अछि, हुनकर नाम पुनः जोड़ल जाय। एकरा संग सभ जरूरतमंद आगरीब परिवार कें राशन कार्ड उपलब्ध करायबक मांग कएल गेल। प्रदर्शनक बाद आयोजित सभा केंसंबोधित करैत ब्रह्मदेव प्रसाद सिंह, राजदेव प्रसाद सिंह, नीलम देवी, मनोज कुमार सिंह आ दीपनारायणसिंह कहलनि जे सरकार गरीब सभक खाद्य सुरक्षा अधिकारक रक्षा करय आ राशन वितरण व्यवस्था मे पारदर्शिता सुनिश्चित करय। वक्ता सभ चेतावनी देलनि जे मांग सभक अनदेखी भेल तं आंदोलन कें आरो तेज कएल जायत। प्रदर्शन मे पैघ संख्या मे भाकपा मालेक कार्यकर्ता आ स्थानीय ग्रामीण शामिल छलाह।

# मेहसौल ओवरब्रिज निर्माण स्थलक डीएम कएलनि निरीक्षण

## डीएम कहलनि जे निर्माण कार्य मे लापरवाही नहि होयत बर्दाश्त

सीतामढ़ी, समदिया



मेहसौल ओवरब्रिज निर्माण स्थल केर जिलाधिकारी रिची पांडेय निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक दौरान ओ निर्माण कार्यक प्रगतिक जायजा लेलनि आ संबंधित अधिकारी तथा कार्य एजेंसी कें स्पष्ट निर्देश देलनिजे शेष बचल कार्य सभ कें हर हाल मे शीघ्र पूरा कएल जाए, जाहि सं आमजन कें सुगम यातायातकसुविधा भेटि सकय। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी निर्माण कार्यक गुणवत्ता, गति, अतिक्रमण, जलजमाव आ सुरक्षा मानकक विस्तार सं समीक्षा कएलनि। ओ कार्यस्थल पर उपस्थित अभियंता आ संवेदक केंनिर्देश देलनि जे निर्माण कार्य मे कोनो प्रकारक लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। निर्धारित समय- सीमा मे कार्य पूरा कए जनता कें समर्पित करब प्रशासनक प्राथमिकता अछि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी रेलवे द्वारा निर्माण कएल जा रहल हिस्साक सेहो मुआयना कएलनि। ओ कहलनि जे एहि संबंध मे रेलवे सं लगातार समन्वय कएल जा रहल अछि। निरीक्षणक दौरानजानकारी देल गेल जे रेलवे सं जुड़ल तीन स्पैन कें छोड़ि शेष सभ कार्य सितंबर धरि पूरा कए लेबाकअछि। रेलवे द्वारा लॉन्चिंग कए देल गेलाक बाद ओकर बगलवाला तीनू स्पैनक कार्य तीन मासक भीतरपूरा करबाक अछि। संबंधित एजेंसी द्वारा जानकारी देल गेल जे सुपर स्ट्रक्चर सं संबंधित बेयरिंग कोट, एक्सपेंशन जॉइंट, क्रैश बैरियर आ आरई वॉलक कार्य चलि रहल अछि। एहि परियोजनाक उच्चस्तरीय समीक्षा सेहो कएल जा रहल अछि। जिलाधिकारी कार्यरत एजेंसी कें निर्देश देलनि जे अपन मानवबल आमशीनरी मे वृद्धि कए शेष कार्य सभ कें हर हाल मे निर्धारित समय धरि पूरा करथि। संगहि एजेंसीक कार्यक प्रतिदिन निगरानी सुनिश्चित कएल जाएत आ लगाओल गेल संसाधनक नियमित अनुश्रवण कएल जाएत। मौका पर सदर एसडीएम, सदर सीओ, डीपीआरओ कमल सिंह, एजेंसीक प्रतिनिधि आ बिहार राज्य पुल निर्माण निगम लिमिटेडक वरीय अधिकारी उपस्थित छलाह।

# केंद्रीय मंत्री किरण रिजिजू सं भेंट कएलनि दरभंगाक सांसद

## जिलाक विकास योजनाक संबंध मे कएलनि चर्चा

दरभंगा, समदिया



स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर बृहस्पति कें केंद्रीय संसदीय कार्य आ अल्पसंख्यक कार्य मंत्री किरण रिजिजू सं हुनकर मंत्रालय कक्ष मे भेंट कएलनि। एहि दौरान ओदरभंगा सहित मिथिला क्षेत्र मे अल्पसंख्यक कल्याण सं जुड़ल योजना सभ कें गति देबाक तथा समाजक सभ वर्गक सर्वांगीण विकास कें लए विभिन्न मुद्दा पर चर्चा कएलनि।सांसद केंद्रीय मंत्री कें मिथिलाक परंपरा अनुसार पाग आ अंगवस्त्र भेंट कए सम्मानित कएलनि। ओ मानसून सत्रक दौरान संसदीय परंपराक नीक समन्वय आ सदनक संचालन लेल मंत्रीक प्रति आभार सेहो व्यक्त कएलनि। डॉ. ठाकुर केंद्रीय मंत्री सं दरभंगा जिलाक प्रत्येक प्रखंड सहित मिथिला क्षेत्र मे डॉ. अब्दुल कलाम आवासीय विद्यालय खोलबाक आग्रह कएलनि। ओ जिला मे प्रधानमंत्री जनविकास कार्यक्रम लेल आवंटित 76 करोड़ रुपैया, 250 बेडक अल्पसंख्यक छात्रावासक नीक रखरखाव तथा प्रस्तावित 200 बेडक आवासीय छात्रावासक मुद्दा पर सेहो केंद्रीय मंत्रीक ध्यान आकृष्ट कएलनि। सांसद अल्पसंख्यक बहुल क्षेत्र सभ मे विद्यालय, छात्रावास, स्वास्थ्य केंद्र, सामुदायिक केंद्र सहित अन्य विकासकार्य कें गति देबाक मांग कएलनि। ओ अल्पसंख्यक रोजगार ऋण मोचन योजनाक लाभ समाजककमजोर वर्ग धरि पारदर्शी ढंग सं पहुंचेबाक पर जोर देलनि। ओ मदरसा सभक संग अल्पसंख्यक विद्यालय मे विज्ञान आ तकनीकी शिक्षाक विस्तारक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि। सांसद कहलनि जे नव शिक्षा नीति-2020क अनुरूप एहि विद्यालय सभक विद्यार्थी कें आधुनिक तकनीकी ज्ञानक संग देशक संस्कृति सं जोड़ि मुख्यधारा मे हुनकर प्रभावी सहभागिता सुनिश्चित कएल जा सकैत अछि।

# मिथिला मखानाक वैश्विक विस्तार मे डॉ. एस.एन. झाक भूमिका ऐतिहासिक : डॉ. मनोज कुमार



दरभंगा, समदिया

राष्ट्रीय मखाना अनुसंधान केंद्र, दरभंगा मे मखाना मे यांत्रिकीकरणक विकास यात्रा विषय पर संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। एहि मे मखानाक वैज्ञानिक विकास, यांत्रिकीकरण, वर्तमान स्थिति आ भविष्यकसंभावना पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। संस्थानक वरिष्ठ वैज्ञानिक आ सेमिनार प्रभारी डॉ. मनोज कुमार कहलनि जे मखानाक वैज्ञानिक विकास, मशीनीकृत प्रसंस्करण तथा किसान सभक श्रम कम करबामे कतेको वैज्ञानिकक महत्वपूर्ण योगदान रहल अछि। ओ डॉ. एस.एन. झाक योगदान कें ऐतिहासिक बतबैत हुनका मखाना क्रांतिक जनकक रूप मे स्मरण कएलनि। ओ कहलनि जे डॉ. झाक दूरदर्शी प्रयास मिथिलाक पारंपरिक फसल मखाना कें वैश्विक सुपरफूडक रूप मे स्थापित करबाक आधारभूमि तैयार कएलक। मिथिला मखाना कें जीआई टैग दिअबाबाक पहल तथा एच.एस.एन. कोडक निर्धारण मे सेहो हुनकर महत्वपूर्ण भूमिका रहल। प्रधान वैज्ञानिक डॉ. आई.एस. सिंह मखाना पॉपिंग मशीनक विकास मे डॉ. झाक अग्रणी भूमिका तथा मखाना अनुसंधान केंद्र कें राष्ट्रीय दर्जा दिअबा मे हुनकर योगदान कें रेखांकित कएलनि। ई. आर.के. राउत कहलनि जे आगामी दू वर्ष मे पूर्णतः स्वचालित मखाना प्रसंस्करणआ मूल्यवर्धन इकाई विकसित करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। डॉ. धर्मेंद्र धन्यवाद ज्ञापन करैत डॉ. झाकें नव पीढ़ीक वैज्ञानिक सभक लेल प्रेरणास्रोत बतौलनि।

# गौरव कें पटना मे राज्य कर सहायक आयुक्त पदक नियुक्ति पत्र देल गेल



समस्तीपुर, समदिया

मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी केर प्रधानाध्यापक मुकेश कुमारक पुत्र गौरव कें बापू सभागार, पटना मे 70म बीपीएससी परीक्षा मे चयनक उपरांत राज्य कर सहायक आयुक्त पदक नियुक्ति पत्र देल गेल। एहिअवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सभ चयनित 2027 प्रतिभागी आ हुनकर माता-पिता कें बधाईदेलनि। ओ नियुक्ति पत्र प्राप्त करयवला नव चयनित पदाधिकारी सभ सं विकसित बिहारक निर्माण मे योगदान देबाक आह्वान कएलनि।

**» 70म बीपीएससी परीक्षा मे चयनित गौरव कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी देलनि नियुक्ति पत्र**

कार्यक्रम मे बीआईपीएआरडी, पटना आ गया मे योगदान कए चुकल सभ प्रशिक्षु पदाधिकारी अपन माता-पिता संग शामिल भेलाह। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र यादव सहित विभिन्न विभागक मंत्री सभ सेहो नियुक्ति पत्र वितरित कएलनि। कार्यक्रम मे बिहार सरकारक सभ वरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# ताजपुर प्रखंड कार्यालय पर खेग्रामसक अनिश्चितकालीन सामूहिक सत्याग्रह शुरू

## गरीब, मजदूर आ किसानक विभिन्न मांगक लेल जुलूस निकालि शुरू भेल आंदोलन

ताजपुर/समस्तीपुर, समदिया



बुलडोजर राजक विरोध मे गरीब, मजदूर आ किसानक विभिन्न मांगक लेल अखिल भारतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर सभा (खेग्रामस)क बैनर तर बृहस्पति कें ताजपुर मे जुलूस निकालि प्रखंड कार्यालय परअनिश्चितकालीन सामूहिक सत्याग्रह आंदोलन शुरू कएल गेल। सत्याग्रहक दौरान आयोजित सभाक अध्यक्षता खेग्रामस प्रखंड सचिव प्रभात रंजन गुप्ता केलनि। वक्तासभ कहलनि जे गरीब परिवार सभ कें पीपीएच एक्ट 1947क अंतर्गत बासगीत पर्चा देल जाए, सभ भूमिहीन परिवार कें पांच डिसमिल जमीन उपलब्ध कराओल जाए, राशन सूची सं गरीबक नाम हटेबाक प्रक्रिया पर रोक लगाओल जाए आ सभ जरूरतमंद परिवार कें राशन उपलब्ध कराओल जाए। एकरा अतिरिक्त प्रवासी श्रमिकक सुरक्षा, सम्मान आ रोजगारक गारंटी लेल कानून बनेबाक, जी.राम. जी. योजनाक अंतर्गत काज आ काजक उचित मजदूरी देबाक तथा गामक मजदूर-किसान पर लगाओल जा रहल विभिन्न प्रकारक कर वापस लेबाक मांग उठाओल गेल। सभाक संबोधन मनोज कुमार सिंह, नीलम देवी, संजीव राय, ब्रह्मदेव प्रसाद सिंह, राजदेव प्रसाद सिंह, प्रमोद साह, ललिता देवी, रुबी कुमारी, पूजा कुमारी, रंजूदेवी सहित भाकपा माले आ खेग्रामसक अन्य नेता आ कार्यकर्ता कएलनि। वक्ता सभ कहलनि जे सरकारगरीब, मजदूर आ किसानक समस्या सभक समाधान करबा मे विफल रहल अछि। एहि कारणे आंदोलनक बाट पकड़बाक स्थिति आयल अछि। समाचार प्रेषण धरि प्रखंड कार्यालय परिसर मे सामूहिक सत्याग्रह आंदोलन जारी छल। आंदोलनकारी सभ मांग पूरा नहि होय धरि संघर्ष जारी रखबाक संकल्प व्यक्त कएलनि।

# सीएम साइंस कॉलेज मे आत्मनिर्भर भारत पर भाषण प्रतियोगिताक आयोजन

दरभंगा, समदिया



सीएम साइंस कॉलेज मे बृहस्पति कें आत्मनिर्भर भारत आ स्वतंत्रताक नव आयाम विषय पर भाषण प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य विद्यार्थी सभ मे आत्मनिर्भरता, स्वतंत्र चिंतन,अभिव्यक्ति-कौशल, आत्मबोध आ नेतृत्व क्षमताक विकास करब छल। प्रतियोगिता मे करीब 50 विद्यार्थी उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र कहलनि जे शिक्षाक उद्देश्य मात्र सूचनासंग्रह करब नहि, बल्कि विद्यार्थी सभ मे जिज्ञासा, विवेक आ स्वतंत्र चिंतन विकसित करब अछि। ओ विद्यार्थी सभ मे प्रश्न करबाक प्रवृत्ति विकसित करबाक पर जोर दैत कहलनि जे निरंतर सीखबाक संग अनुपयोगी धारणा सभ सं आगू बढ़ब सेहो आवश्यक अछि। ओ विद्यार्थी सभ कें हम कए सकैत छीक भावना संग अपन अंतर्निहित प्रतिभा कें चिन्हि कए ओकर विकास करबाक लेल प्रेरित कएलनि।कार्यक्रमक शुभारंभ समन्वयक डॉ. दिनेश प्रसाद साह कएलनि। ओ कहलनि जे आत्मनिर्भरता मात्रआर्थिक वा औद्योगिक क्षेत्र धरि सीमित नहि अछि, बल्कि विचार, ज्ञान, कौशल, निर्णय आ व्यक्तित्वक स्तर पर आत्मनिर्भर होयब सेहो एकर हिस्सा अछि। संचालन करैत अंग्रेजी विभागाध्यक्ष डॉ. युगेश्वर साहप्रभावी संप्रेषण कें व्यक्तित्व विकासक महत्वपूर्ण कुंजी बतौलनि। कार्यक्रम संयोजक डॉ. सत्येंद्र कुमार झा विद्यार्थी सभ कें निरंतर अभ्यास आ व्यापक पठन लेल प्रेरित कएलनि। निर्णायक मंडल मे डॉ. अभयसिंह, डॉ. विश्वदीपक त्रिपाठी आ डॉ. ऋचा कुमारी शामिल छलाह। प्रतिभागी सभ आत्मनिर्भर भारत, युवा शक्ति, शिक्षा, कौशल विकास, नवाचार आ स्वतंत्र चिंतन पर अपन विचार रखलनि। सभ प्रतिभागी कें स्वतंत्रता दिवस समारोह मे प्रमाण-पत्र प्रदान कएल जाएत।

## हाई स्कूल ताजपुर सं डॉ. एल.के.वी.डी. कॉलेज धरि गूंजल देशभक्तिक संदेश

# हर घर तिरंगा अभियान लेल ताजपुर मे निकलल तिरंगा यात्रा

समस्तीपुर, समदिया



बृहस्पति कें हर घर तिरंगा अभियान 2026क अंतर्गत नगर परिषद ताजपुर द्वारा भव्य तिरंगा यात्राक आयोजन कएल गेल। तिरंगा यात्रा हाई स्कूल, ताजपुर सं शुरू भए डॉ. एल.के.वी.डी. कॉलेज, ताजपुर धरि गेल। तिरंगा यात्रा मे पैघ संख्या मे पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि, शिक्षक, छात्र-छात्रा आ स्थानीय नागरिकउत्साहपूर्वक भाग लेलनि। यात्रा मे हाथ मे तिरंगा लेने प्रतिभागी सभ देशभक्ति आ राष्ट्रप्रेमक संदेशदेलनि। पूरा बाट भारत माता की जय, वंदे मातरम् आ जय हिंदक नारा सं गूंजैत रहल। एहि अवसर पर जिलाधिकारी, समस्तीपुर, उप विकास आयुक्त, समस्तीपुर, नगर आयुक्त, नगर निगम समस्तीपुर, अपर समाहर्ता, समस्तीपुर, जिला आपूर्ति पदाधिकारी, समस्तीपुर, जिला योजना पदाधिकारी, समस्तीपुर, उप निर्वाचन पदाधिकारी, समस्तीपुर, जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, समस्तीपुर आ अनुमंडल पदाधिकारी, समस्तीपुर सहित जिला प्रशासनक वरीय पदाधिकारी सभ उपस्थित छलाह। एकर अतिरिक्त प्रखंड विकासपदाधिकारी, ताजपुर, अंचलाधिकारी, ताजपुर, सहायक सांख्यिकी पदाधिकारी, ताजपुर, सहायक लोक स्वच्छताएवं अपशिष्ट प्रबंधन पदाधिकारी, नगर प्रबंधक, नगर परिषद ताजपुर सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मीसेहो तिरंगा यात्रा मे सहभागी भेलाह।तिरंगा यात्रा मे नगर परिषद ताजपुरक मुख्य पार्षद, ताजपुर क्षेत्रक सभ वार्ड पार्षद आ जनप्रतिनिधि सेहोशामिल भेलाह। ओतहि हाई स्कूल, ताजपुरक प्रधानाचार्य, शिक्षक-शिक्षिका आ पैघ संख्या मे छात्र-छात्रा उत्साहपूर्वक भाग लए कार्यक्रम कें सफल बनौलनि। तिरंगा यात्राक उद्देश्य आमजन मे राष्ट्रध्वजक प्रतिसम्मान, देशभक्ति, राष्ट्रीय एकता आ राष्ट्रक प्रति गौरवक भावना कें आर मजबूत करब छल। एहि दौरान लोक सभ कें अपन घर पर तिरंगा फहरेबाक आ स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर राष्ट्रक प्रति अपन प्रतिबद्धता व्यक्त करबाक लेल प्रेरित कएल गेल। जिला प्रशासन आ नगर परिषद द्वारा आम नागरिक सभ सं अपील कएल गेल जे हर घर तिरंगा अभियान कें जन-जनक अभियान बनबैत बेसी सं बेसी लोकएहि मे सहभागी बनथि आ अपन घर पर तिरंगा फहराकऽ देशक स्वतंत्रता आ वीर स्वतंत्रता सेनानी सभक प्रति सम्मान व्यक्त करथि। तिरंगा यात्राक दौरान विद्यार्थी आ जनप्रतिनिधि सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। विद्यार्थी सभ पूरा अनुशासन आ जोशक संग यात्रा मे भाग लेलनि। यात्रा ताजपुर क्षेत्र मे राष्ट्रभक्ति, एकता आ सामाजिक सहभागिताक सकारात्मक संदेश प्रसारित कएलक।

# डीएम आ एसपी पटेल मैदान मे 15 अगस्त समारोहक तैयारी परेडक कएलनि निरीक्षण





समस्तीपुर, समदिया

आगामी स्वतंत्रता दिवस, 15 अगस्त 2026क अवसर पर आयोजित होमय बला मुख्य राजकीय समारोहक तैयारीक क्रम मे बृहस्पति कें जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा आ पुलिस अधीक्षक अरविंद प्रताप सिंह द्वारा समस्तीपुरक पटेल मैदान मे आयोजित तैयारी परेड (रिहर्सल)क निरीक्षण कएल गेल। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी परेड मे शामिल प्रत्येक प्लाटूनक बारीकी सं निरीक्षण कएलनि। ओ परेडक तैयारी, प्लाटूनक अनुशासन, कदमताल, वर्दी आ समग्र प्रस्तुति केर जायजा लेलनि आ संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। जिलाधिकारी कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस जिला लेल महत्वपूर्ण राजकीय समारोह अछि। समारोहक दौरान प्रोटोकॉल, अनुशासन आ निर्धारित कार्यक्रम सभक अक्षरशः पालन सुनिश्चित करब आवश्यक अछि। ओ सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे स्वतंत्रता दिवस समारोह सं जुड़ल सभ तैयारी निर्धारितमानक आ प्रोटोकॉलक अनुरूप समय पर पूरा कएल जाए। ओ परेड सं संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देशदेलनि जे मुख्य समारोहक दौरान परेडक संचालन, प्लाटूनक प्रस्तुति, मार्चिंग, सलामी आ अन्य निर्धारितगतिविधि सभ पूर्ण समन्वय आ अनुशासनक संग सुनिश्चित कएल जाए। संगहि समारोह स्थल पर आवश्यक व्यवस्था सेहो समय सं पूरा करबाक निर्देश देलनि। पुलिस अधीक्षक अरविंद प्रताप सिंह सेहो तैयारी परेडक निरीक्षण कएलनि। ओ संबंधित पुलिस पदाधिकारी आ जवान सभ कें परेडक दौरानअनुशासन, तालमेल आ निर्धारित प्रोटोकॉलक पूर्ण पालन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ परेडक सभ गतिविधि कें व्यवस्थित आ गरिमापूर्ण ढंग सं संपन्न करबाक पर विशेष जोर देलनि। जिलाधिकारी सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे स्वतंत्रता दिवस समारोह सं संबंधित अपन-अपन दायित्वक निर्वहन पूरा तत्परता आ जिम्मेदारीक संग करथि तथा आपसी समन्वय स्थापित कए सभ तैयारी निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करेनाइ सुनिश्चित करथि।

# हजारीबाग मे हजारो लोक निकाललनि तिरंगा यात्रा

## कर्जन ग्राउंड सं शुरू भेल यात्रा

हजारीबाग, समदिया

स्वतंत्रता दिवस सं पूर्व हजारीबाग मे बृहस्पति दिन भव्य तिरंगा यात्रा निकालल गेल। भाजपा विधायक प्रदीप प्रसादक नेतृत्व मे आयोजित एहि यात्रा मे हजारो छात्र-छात्रा सभ, युवा सभ आ भाजपा कार्यकर्ता सभ शामिल भेलाह। हाथ मे तिरंगा लए निकलल लोक सभक उत्साह सं शहरक वातावरण देशभक्ति सं ओतप्रोत देखल गेल। यात्राक शुरुआत कर्जन ग्राउंड सं भेल। एकर बाद तिरंगा यात्रा शहरक विभिन्न प्रमुख मार्ग आ चौक-चौराहा सभ सं होइत आगू बढ़ल। एहि दौरान सहभागी सभ देशभक्तिक नारा लगबैत रहलाह। यात्राक कारण शहरक सड़क सभ पर लोक सभक भीड़ देखल गेल। पूरा उत्साहक संग यात्रा मे शामिल लोक सभ फेर सं कर्जन ग्राउंड



पहुंचलाह, जतय एकर समापन कयल गेल।विशाल तिरंगा रहल मुख्य आकर्षण तिरंगा यात्राक मुख्य आकर्षण विशाल तिरंगा रहल। एकरा सैकड़ो लोक मिलि कए धेने छलाह। एकरा अतिरिक्त पैघ संख्या मे छात्र सभ आ युवा सभ हाथ मे राष्ट्रीय ध्वज लए यात्रा मे शामिल भेलाह। युवा सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। सहभागी सभ तिरंगा कें देशक आजादी, एकता आ अखंडताक प्रतीक बतौलनि।यात्राक दौरान "भारत माता की जय" आ देशभक्ति सं जुड़ल नारा लगाओल गेल। एहि सं शहरक वातावरण पूरा तरहे राष्ट्रभक्ति सं भरि गेल। आयोजक सभ कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस सं पूर्व एहन आयोजन नव पीढ़ी कें देशक स्वतंत्रता संग्राम आ राष्ट्रीय ध्वजक महत्व सं जोड़बाक काज करैत अछि। यात्रा मे शामिल लोक सभ राष्ट्रीय एकता आ देशक प्रति समर्पणक संदेश सेहो देलनि।भाजपा विधायक प्रदीप प्रसाद कहलनि जे तिरंगा यात्रा सभक लेल गौरवक क्षण अछि। राष्ट्रीय ध्वज देशक स्वतंत्रता, एकता आ अखंडताक प्रतीक अछि। ओ कहलनि जे भारतक सब सं पैघ शक्ति ओकर विविधता मे एकता अछि। अलग-अलग भाषा, संस्कृति आ परंपराक बावजूद तिरंगा देशवासी सभ कें एकसूत्र मे बान्हि कए राखैत अछि। विधायक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक 'हर घर तिरंगा' अभियानक सेहो उल्लेख कएलनि। ओ लोक सभ सं 15 अगस्तक अवसर पर अपन-अपन घर पर तिरंगा फहराबयक अपील कएलनि। हुनकर कहब छल जे राष्ट्रीय ध्वजक प्रति सम्मानक संग देशक प्रति प्रेम, जिम्मेदारी आ कर्तव्यबोधक भावना कें सेहो मजबूत करनाइ जरूरी अछि। तिरंगा यात्राक माध्यम सं स्वतंत्रता दिवस सं पूर्व हजारीबाग मे देशभक्ति आ राष्ट्रीय एकताक संदेश देल गेल।

# बाल लेखिका कें भेटल मानद डॉक्टरेट उपाधि, राज्यपाल कएलनि सम्मानित

गुमला, समदिया

कला, संस्कृति आ साहित्यक क्षेत्र मे अपन विशिष्ट पहचान बनेनिहार गुमलाक प्रतिभाशाली बाल लेखिका आरोही खंडेलवाल कें एकटा आओर पैघ उपलब्धि भेटल अछि। अमेरिकाक सीडरब्रुक यूनिवर्सिटी, यूएसएद्वारा हुनका आर्ट एंड कल्चर श्रेणी मे मानद डॉक्टरेट उपाधि सं सम्मानित कयल गेल अछि।एहि गौरवपूर्ण उपलब्धिक अवसर पर झारखंडक राज्यपाल राजभवन मे हुनका विशेष रूप सं सम्मानित कएलनि। राज्यपाल अपन हाथ सं आरोही कें मानद डॉक्टरेट प्रमाण-पत्र प्रदान कएलनि आ मेडल पहिराकए हुनकर अभिनंदन कएलनि। एहि अवसर पर राज्यपाल कम उमेर मे आरोही द्वारा कला, संस्कृति,



आध्यात्मिक आ साहित्यिक क्षेत्र मे कयल गेल उल्लेखनीय काज सभक मुक्तकंठ सं प्रशंसा कएलनि। ओ आरोहीक असाधारण प्रतिभाक सराहना करैत हुनकर उज्ज्वल भविष्य लेल हार्दिक शुभकामना देलनि। कम उमेर मे राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर एहन प्रतिष्ठित सफलता हासिल करनाइ मात्र गुमला नहि, बल्कि संपूर्ण झारखंड राज्य लेल गौरवक विषय मानल जा रहल अछि। आरोहीक एहि उपलब्धि सं राज्यक कला, संस्कृति आ साहित्य जगत मे हर्षक वातावरण अछि।

# झारखंड मे मनरेगा आ जेएसएलपीएस कर्मी सभ कें 15 दिन मे भेटत लंबित वेतन

## मंत्री दीपिका पांडेयक सख्त निर्देश

रांची, समदिया

झारखंडक ग्रामीण विकास, ग्रामीण कार्य आ पंचायती राज मंत्री दीपिका पांडेय सिंह प्रोजेक्ट भवन मे ग्रामीण विकास विभागक योजना सभ आ काजक समीक्षा कएलनि। एहि दौरान बजटीय प्रावधानक विरुद्ध व्यय, भुगतानक स्थिति आ योजना सभक प्रभावी तथा समयबद्ध क्रियान्वयन कें लए आवश्यकदिशा-निर्देश देल गेल। मंत्री मनरेगा आ जेएसएलपीएस कर्मी सभक लंबित वेतनक भुगतान 15 दिनक भीतर सुनिश्चित करबाक स्पष्ट निर्देश देलनि। ओ अधिकारी सभ सं कहलनि जे प्रत्येक मास वेतनक बिल 25 तारीख धरि अनिवार्य रूप सं ट्रेजरी मे पठा देल जाए, जाहि सं सभ कर्मी सभ कें प्रत्येक मासक प्रथम सप्ताह मे वेतनक भुगतान सुनिश्चित कयल जा सकय।दीपिका पांडेय सिंह मनरेगा मे श्रम आ सामग्री मदक भुगतान मे आबि रहल तकनीकी समस्या सभ कें भारत सरकारक संग समन्वय स्थापित कए शीघ्र दूर करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं श्रमिक सभ आसंबंधित एजेंसी सभक भुगतान सुनिश्चित भए सकय। मनरेगा मे नवाचार आधारित योजना पर जोर मंत्री मनरेगा अंतर्गत नवाचार आधारित योजना सभ कें बढ़ावा देबाक आवश्यकता पर विशेष जोर देलनि। एहि क्रम मे ड्राई बोरवेल कें सीपेज वाटर टैंकक रूप मे विकसित करबाक योजना कें मनरेगा सं जोड़बाकदिशा मे काज करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं जल संरक्षण आ ग्रामीण क्षेत्र सभ मे जल संचयन केंबढ़ावा भेटि सकय।ओ कहलनि जे मनरेगा



योजना सभ मे एहन नवाचार कें प्राथमिकता देल जाए, जाहि सं रोजगार सृजनकसंग ग्रामीण क्षेत्र सभ मे टिकाउ आ उपयोगी परिसंपत्तिक निर्माण हो। बैठक मे जेएसएलपीएस अंतर्गत संचालित आजीविका आ ग्रामीण महिला सभ सं जुड़ल योजना सभक सेहो समीक्षा कयल गेल।जोहार-2 आ जायका योजना शीघ्र शुरू करबाक निर्देश मंत्री जोहार-2 आ जायका जेकां योजना सभ कें शीघ्र शुरू करबाक लेल आवश्यक प्रक्रिया मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि। बैठक मे प्रधानमंत्री आवास योजना आ अबुआ आवास योजनाक सेहो समीक्षा भेल। पेसा कानूनक धरातलीय क्रियान्वयन कें लए मंत्री पारंपरिक ग्राम सभा सभक गठन प्रक्रिया शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि।बैठक मे ग्रामीण विकास विभागक सचिव मनोज कुमार, पंचायती राज निदेशक बी. राजेश्वरी, मनरेगा आयुक्त मृत्युंजय वर्णवाल, जेएसएलपीएसक सीईओ अनन्य मित्तल, अभियंता प्रमुख सहित विभागक वरीय अधिकारी सभ उपस्थित छलाह।

# छात्र-छात्रा सभ कें हुनक मौलिक अधिकार आ कर्तव्यक प्रति कयल गेल जागरूक



चाईबासा, समदिया

अंतरराष्ट्रीय युवा दिवसक अवसर पर संत जेवियर प्लस 2 हाई स्कूल, लुपुंगगुटु, चाईबासा मे राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरण, दिल्ली (नालसा) आ झारखंड राज्य विधिक सेवा प्राधिकरण, रांची (झालसा)क निर्देश पर जिला विधिक सेवा प्राधिकरण, पश्चिमी सिंहभूम, चाईबासाक तत्वावधान मे प्रधान जिला एवंसत्र न्यायाधीश सह अध्यक्ष, डालसा, मोहम्मद शाकिरक मार्गदर्शन मे विधिक जागरूकता शिविरक आयोजन कयल गेल। जागरूकता शिविर मे विद्यार्थी सभ कें संबोधित करैत प्राधिकरणक सचिव रवि चौधरी छात्र-छात्रा सभ कें हुनक मौलिक अधिकार आ कर्तव्यक प्रति जागरूक कएलनि। ओ अपन संबोधन मे विद्यार्थी सभ कें नशा सं उत्पन्न होमय बला विभिन्न समस्या सभक जानकारीदेलनि। ओ कहलनि जे अधिकांश आपराधिक घटना सभ मे नशा एक महत्वपूर्ण कारण होइत अछि। ओ बच्चा सभ कें साइबर अपराधक प्रति सेहो सचेत कएलनि आ सावधान रहबाक सलाह देलनि। साइबर अपराधक संबंध मे विस्तार सं जानकारी दैत ओ कहलनि जे कोनो साइबर अपराधक शिकार भेला पर टोल फ्री नंबर 1930 पर फोन कए शिकायत दर्ज कराबी।संगहि ओ मोटर व्हीकल एक्ट अंतर्गत भेटय बला दुर्घटना बीमा लाभक संबंध मे सेहो जानकारी देलनि। ओसभ कें बीमा कराबयक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे 18 वर्ष सं कम उम्रिक बच्चा सभ लेल वाहन चलायबवर्जित अछि। ड्राइविंग लाइसेंस प्राप्त कएला उपरांत मात्र मोटर वाहन चलायब चाही। जागरूकता शिविर मे मुख्य रूप सं विद्यालयक प्राचार्य फादर किशोर लुगुन, फादर संजय कुमार एक्का, शिक्षक विजय कुमार पात्रा, बुधेश्वर महतो, गोविंद मिश्रा, अभिजीत रक्षित, अदिति जेनिफर मिंस, विनीता लता अल्डा, औरवंती यादव, प्रियंका सिंकू आ पंकज कुमार महतो सहित अन्य शिक्षक सभ उपस्थित छलाह।

# ध्रुपद गायनक पुरोधा पंडित कृष्ण मोहन पाठक कें 'संगीत नाटक अकादमी पुरस्कार 2025'



## राष्ट्रपति कयलनि सम्मानित

नई दिल्ली/बोकारो , समदिया

हिन्दुस्तानी शास्त्रीय संगीतक प्राचीन आ आध्यात्मिक ध्रुपद परंपरा के अनन्य साधक पंडित कृष्ण मोहन पाठक कें वर्ष 2025 के प्रतिष्ठित संगीत नाटक अकादमी पुरस्कार सं सम्मानित कएल गेल अछि। वृहस्पतिदिन,13 अगस्त 2026 क देशक राजधानी नई दिल्ली स्थित विज्ञान भवन मे आयोजित एकटा भव्य आ गरिमामयी समारोहक दौरान, देशक राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू अपन कर-कमल सं हुनका इ प्रतिष्ठित पुरस्कार प्रदान कयलनि। हिन्दुस्तानी संगीत के ध्रुपद क्षेत्र मे हुनक दीर्घकालिक आ अमूल्य योगदान तथा अनथक संगीत साधना के राष्ट्रीय फलक पर भेटल एहि स्वीकृति सं संपूर्ण कला आ संगीत जगत मे अपार हर्ष एवं गौरवक माहौल अछि। गया घराना के वरिष्ठ ध्रुपद गायक पंडित कृष्ण मोहन पाठक बोकारो के वरिष्ठ तबला वादक पंडित बच्चन जी महाराज के पैघ भैया छथि। हुनका संगीत नाटक अकादमी पुरस्कार सं सम्मानित भेला पर बोकारो संगीतज्ञ सभ सेहो हर्ष व्यक्त करैत हुनका बधाई देलनि अति। वरिष्ठ संगीतज्ञ पं राणा झा, डॉ राकेश रंजन, अरुण पाठक, चंद्र कांत शर्मा, श्याम गोस्वामी, विक्की आनंद पाठक, प्रसेनजीत शर्मा, विभु शंकर मिश्र, रुपक कुमार झा, लिपि बोस, अंकिता चक्रवर्ती, हरेक नाथ गोस्वामी, उमेश कुमार झा आदि एहि गौरवपूर्ण सम्मान लेल हुनका बधाई देलनि अछि।

# स्वतंत्रता दिवस समारोह कें लए मोरहाबादी मैदान मे फुल ड्रेस रिहर्सल

रांची, समदिया

स्वतंत्रता दिवस 2026क अवसर पर मोरहाबादी मैदान मे आयोजित होमय बला राजकीय समारोह कें लए फुल ड्रेस रिहर्सल कयल गेल। जिला दंडाधिकारी-सह-उपायुक्त मंजूनाथ भजंत्री आ वरीय पुलिस अधीक्षक राकेश रंजनक देखरेख मे आयोजित रिहर्सलक दौरान स्वतंत्रता दिवसक दिन होमय बला सभ औपचारिक गतिविधिक सटीक अभ्यास कयल गेल। ज्ञात हो जे मोरहाबादी मे आयोजित एहि समारोह मे मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन ध्वजारोहण करताह। रिहर्सलक दौरान भारत सरकारक राष्ट्रगीत आ राष्ट्रगान सं संबंधित निर्देश सभक अनुपालन कयल गेल। जिला दंडाधिकारी-सह-उपायुक्त मंजूनाथ भजंत्री आ वरीय पुलिस अधीक्षक राकेश रंजन परेडक सलामीलेलनि। एहि अवसर पर वरीय पदाधिकारी सभ परेड सं संबंधित आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। राजकीय समारोहक सुरक्षित आ सुचारू संचालन सुनिश्चित करबाक लेल प्रतिनियुक्त सभ दंडाधिकारी



आ पुलिस पदाधिकारी सभक संयुक्त ब्रीफिंग सेहो कयल गेल। एहि मे डीसी मंजूनाथ भजंत्री, एसएसपी राकेश रंजन, ट्रैफिक एसपी राकेश सिंह आ अपर जिला दंडाधिकारी (विधि-व्यवस्था) धनंजय संयुक्त रूप संमुख्य बिंदु सभक जानकारी देलनि।ओ सभ संबंधित अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे समय पर अपन प्रतिनियुक्ति स्थल पर पहुंचू आसौंपल गेल काज तथा दायित्वक निर्वहन पूर्ण जिम्मेदारीक संग करू।मौका पर डीसी मंजूनाथ भजंत्री सभ अधिकारी सभ सं अपन काज, दायित्व आ प्रतिनियुक्ति स्थलक संपूर्ण जानकारी राखबाक तथा मुख्य अतिथि सभक आगमन आ प्रस्थानक व्यवस्था समयबद्ध ढंग संसुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। सुरक्षा व्यवस्थापर विशेष जोर वरीय पुलिस अधीक्षक राकेश रंजन समारोहक सुरक्षा व्यवस्था पर विशेष जोर दैत सभ आगंतुकक सघनजांच करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे कोनो अवांछित व्यक्ति आपत्तिजनक सामग्रीक संग समारोहस्थल मे प्रवेश नहि कए सकय, एकर विशेष ध्यान राखल जाए। ओ कहलनि जे सुरक्षाक दृष्टि सं कार्यक्रम स्थल पर निजी ड्रोन सं वीडियोग्राफी आ फोटोग्राफी पर पूर्ण प्रतिबंध रहत। मात्र संबंधित विभाग द्वारा ड्रोनक माध्यम सं वीडियोग्राफी आ फोटोग्राफी कराओल जाएत।मोरहाबादी मैदान मे होमय बला स्वतंत्रता दिवस समारोहक परेड मे सीआरपीएफ, आईटीबीपी, एसएसबी, सीआईएसएफ, ओडिशा पुलिस, झारखंड जगुआर, जैप-1, जैप-2, जैप-10, रांची जिला पुलिस, झारखंड गृहरक्षा वाहिनी आ एनसीसीक प्लाटून सभ शामिल होयत।सीआरपीएफ, आईटीबीपी, एसएसबी, सीआईएसएफ, ओडिशा पुलिस, झारखंड जगुआर, जैप-2 आ रांची जिला पुलिसक पुरुष आ महिला प्लाटून सभक अतिरिक्त जैप-1, जैप-10 आ झारखंड गृहरक्षा वाहिनीक प्लाटून तथा बैंड पार्टी सभ सेहो परेड मे भाग लेत। एहि अतिरिक्त एनसीसी गर्ल्स आ बॉयजक एक-एक प्लाटून सेहो समारोह मे हिस्सा लेत।स्वतंत्रता दिवस समारोहक परेड मे फर्स्ट इन कमांडक रूप मे 2022 बैचक आईपीएस अधिकारी राघवेंद्रशर्मा रहताह। ओ वर्तमान मे रामगढ़ जिला मे पदस्थापित छथि। सेकेंड इन कमांडक जिम्मेदारी परिचारी प्रवर द्वितीय अनीश मोमिन कुजूर संभारताह।

# हजारीबाग मे 10 वर्ष सं जमल शिक्षक सभक होयत बदली, डीसी 25 अगस्त धरि मांगलनि रिपोर्ट





हजारीबाग, समदिया

हजारीबाग समाहरणालय सभागार मे बृहस्पति दिन उपायुक्त हेमंत सतीक अध्यक्षता मे शिक्षा विभागक समीक्षा बैठक भेल। एहि बैठक मे विद्यालय सभ मे पठन-पाठन, शिक्षक आ विद्यार्थी सभक उपस्थिति,परीक्षा परिणाम, पाठ्यपुस्तक वितरण, सेवा संपुष्टि आ स्थानांतरण सहित कतेको महत्वपूर्ण विषय परसमीक्षा कयल गेल। उपायुक्त कक्षा 1 सं 8 धरि मे 10 वर्ष सं बेसी समय सं कार्यरत आ कक्षा 9 सं 12 धरि मे 6 वर्ष सं बेसीसमय सं कार्यरत शिक्षक सभक स्थानांतरण प्रक्रिया नियमानुसार शुरू करबाक निर्देश देलनि। ओ सभ विद्यालय मे विद्यार्थी सभक 100 प्रतिशत उपस्थिति सुनिश्चित करबाक आ नियमित टेस्ट परीक्षा आयोजित करबाक निर्देश देलनि। संगहि मध्यान्ह भोजनक गुणवत्ताक नियमित जांच करबाक बात सेहो कहलनि।उपायुक्त कक्षा 1 सं 5 धरिक बच्चा सभ मे धाराप्रवाह पढ़बाक-लिखबाक क्षमता आ बुनियादी विषय सभकसमझ विकसित करबाक आवश्यकता पर विशेष जोर देलनि।ओ सेवा संपुष्टिक सभ लंबित मामिला 25 अगस्त धरि पठाबयक निर्देश देलनि। संगहि सर्विस बुक अद्यतन राखबाक आ विभागीय कारबाइक समय पर निष्पादन सुनिश्चित करबाक बात सेहो कहलनि। बैठक मे परीक्ष्यमान समाहर्ता पूर्वा अग्रवाल, जिला शिक्षा पदाधिकारी नीलम कुमारी, डीएसई आकाश कुमार सहित सभ बीईईओ आ संबंधित कर्मी सभ उपस्थित छलाह।

## 100 सं बेसी अतिरिक्त जवान तैनात

# रांची मे छात्र आंदोलन कें लए अलर्ट, मुख्यमंत्री आवास छावनी मे बदलल

रांची, समदिया

राजधानी रांची मे छात्र आंदोलनक मद्देनजर सुरक्षा व्यवस्था कड़ी कए देल गेल अछि। मुख्यमंत्री आवास आ एकर आसपासक पूरा क्षेत्र कें छावनी मे तब्दील कए देल गेल अछि।मुख्यमंत्री आवास दिस जाए बला प्रमुख मार्ग सभ पर बैरिकेडिंग कयल गेल अछि। सुरक्षा व्यवस्थाकदृष्टि सं 100 सं बेसी अतिरिक्त जवान सभक तैनाती कयल गेल अछि। जयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम मे पैघ संख्या मे छात्र सभक जुटानक बाद जिला प्रशासन आ पुलिस प्रशासन पूर्ण रूप सं अलर्ट मोड मे अछि। एहतियातक तौर पर प्रदर्शनकारी सभ कें मुख्यमंत्री आवास धरि पहुंचय सं रोकबाक लेल विशेष सुरक्षा प्रबंध कयल गेल अछि।सुरक्षाक कारण मुख्यमंत्री आवास दिस जाए बला



सभ प्रमुख मार्ग सभ पर बैरिकेड्स लगा देल गेल अछि। प्रशासन कतेको रूट पर यातायात व्यवस्था मे बदलाव कएलक अछि। मोरहाबादी सं सूचना भवन दिस आबय-जाय बला मार्ग कें सेहो डायवर्ट कयल गेल अछि। अनचोकेयातायात व्यवस्था मे बदलावक कारण कचहरी चौक सहित आसपासक कतेको क्षेत्र मे भोर सं जामक स्थिति बनल रहल।कार्यालय, स्कूल आ कॉलेज जाए बला लोक सभ कें बहुत परेशानीक सामना करए पड़ल। कतेको वाहन चालक कें अपन गंतव्य धरि पहुंचबाक लेल दोसर मार्गक सहारा लेबय पड़ल।ड्रोन सं कयल जा रहल अछि निगरानीजयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम मे छात्र सभक बढ़ैत संख्या कें देखैत जिला प्रशासनक संग-संग पुलिस मुख्यालय सेहो सतर्क अछि। शहरक संवेदनशील चौक-चौराहा आ प्रमुख मार्ग सभ पर अतिरिक्त पुलिसबल तैनात कयल गेल अछि। एहि अतिरिक्त सादा वेश मे सेहो पुलिस आ खुफिया विभागक जवान सभ कें तैनात कयल गेल अछि, जेस्थिति पर निरंतर नजरि राखने छथि। ड्रोन कैमरा सभक माध्यम सं आंदोलन आ आसपासक क्षेत्र सभक निगरानी कयल जा रहल अछि। पुलिस अधिकारी सभ स्पष्ट कएलनि जे केकरो कें कानून-व्यवस्था अपन हाथ मे लेबाक अनुमति नहि देल जाएत। प्रशासन आंदोलनरत छात्र सभ सं शांतिपूर्ण ढंग सं अपन बात राखबाक आ यातायात व्यवस्था बना रखबाक लेल सहयोग करबाक अपील कएलक अछि।

# 10 दिन मे चालू भए जायत गादी श्रीरामपुर वाटर ट्रीटमेंट प्लांट, 3 पंचायतक 21 गाम कें भेटत लाभ

जामताड़ा, समदिया

ग्रामीण क्षेत्र सभ मे पेयजल आपूर्तिक व्यवस्था दुरुस्त करबाक लेल उपायुक्त रामनिवास यादव बुध दिन गादी श्रीरामपुर वाटर ट्रीटमेंट प्लांटक (पेयजल एवं स्वच्छता प्रमंडल संख्या-2) औचक निरीक्षण कएलनि।एहि दौरान ओ प्लांटक मशीनरी, उपकरण, जल शोधन प्रक्रिया आ तकनीकी स्थितिक जायजा लेलनि।निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ बतौलनि जे वर्ष 2018 सं संचालित एहि योजना सं 3 पंचायतक 21 गाममे शुद्ध पेयजलक आपूर्ति कयल जाइत अछि। मुदा अक्टूबर 2024 सं तकनीकी खराबीक कारण ई योजनापूर्ण रूप सं बाधित पड़ल



